



Lik

PREMYE PAWOL POU KOMANSE

Nouvo Kontra a gen de liv ki pote non Lik kòm moun ki ekri yo, se twazyèm Levanjil la ak Travay Apot yo. Levanjil Lik la pale sou Jezi, sa li te di ak sa li te fè sou tè a. Travay Apot yo menm pale sou tan ki vini apre Jezi te fin mouri a epi li te leve byen vivan. Konsa Pawòl Jezi te di a, li kontinye fè chemen l nan listwa moun yo grasa temwayaj kominote kreyen an.

Moun save yo dakò pou di Liv sa a te ekri ant lane 75 ak lane 90. Genyen ki mete l pi pre 75, gen lòt ki mete l pi pre 90, ou menm apre. Men pa gen bon jan rezon ki montre liv sa a ta ekri pi ta pase lane 80 konsa. Lè Lik ekri liv li a, gen de jenerasyon kreyen ki te pase: premye jenerasyon an se moun ki te wè Jezi ak pwòp je yo. Dezyèm jenerasyon an menm, se moun ki te viv nan tan Apot ak premye patizan Jezi yo. Lik ekri pou kreyen twazyèm jenerasyon yo, sa vle di moun ki pa t konnen ni Jezi, ni Apot li yo. Kreyen premye jenerasyon an te kwè Jezi pral tounen touswit (Wòm 13,11; 1Tes 4,15). Men lespwa sa a pa t ko reyalize.

Lè Lik t ap ekri liv li a, lanprè Newon te gen tan fè touye Pyè ak Pòl ak anpil lòt kreyen. Women yo te gen tan detwi Tanp Jerizalèm lan, men Jezi pa t ko tounen nan tout bèlte li a. Kisa kreyen twazyèm jenerasyon yo te kwè? Yo te kwè yo ba yo manti, epi poutèt sa, yo te kòmanse dekouraje.

LIK

Poutèt sa, Lik bay Lespri Sen an yon wòl fondamantal. Se Lespri Sen an ki te bay Jezi fòs, epi se li menm menm ki bay kretyen yo fòs tou. Lespri Sen an te sakre Jezi apre batèm li. Lespri Sen an vini pou montre moun yo tout bagay sou Peyi kote Bondye Wa a. Se ak Lespri a Jezi te mache toupatou nan peyi 1, pou l al preche Bon Nouvèl la. Ak fòs li toujou Jezi te geri moun. Sa Jezi te montre nou ak sa Jezi te viv, se sa nou dwe viv chak jou nan lavi nou, ak fòs Lespri Sen an li ban nou an.

Gen lè Lik t ale ansanm ak Pòl nan twazyèm vwayaj li te fè Jerizalèm lan (Travay 21), epi li ta posib li te chita pale ak kominote kretyen ki pi ansyen yo, ni nan Jerizalèm, ni nan Sezare. Se la li te tandè pale sou sa Jezi te di ak sa Jezi te fè. Se nan mitan kominote sa yo li te jwenn Levanjil Mak (yo te ekri l bò lane 70) epi li te jwenn yon dokiman moun yo rele « Sous Q » oubyen « Levanjil Galile a ». Ti dokiman sa a te ranmase plizyè pawòl Jezi te di. Se ak menm dokiman sa a Levanjil Matye a te konn sèvi tou.

Kote Lik te vle rive se montre nou Jezi se Sovè tout moun ki sou latè beni. Li ekri pou kominote kretyen yo ki te toupatou nan lanpi women an. Konsa li te gen tout kalite moun ladan, ni Jwif ni etranje.

Men chapant Levanjil Lik la

Premye pawòl pou kòmanse (1,1-4)

Janbatis ak Jezi (1,5–2,52)

Travay Jezi te fè nan Galile (5,1–9,50)

Jezi monte Jerizalèm (9,51–19,46)

Aktivite Jezi nan Jerizalèm (19,47–21,38)

Pak Jezi a: soufrans Jezi, Jezi leve byen vivan ak Jezi monte nan syèl la (22–24)

^{T Ap 4,31; 8,25} **1**¹ Kòm anpil moun te eseye rakon-
te istwa evènman ki te pase nan
mitan nou yo, ²jan sila yo, ki depi nan
kòmansman te wè ak je yo, epi ki te
tounen sèvitè Pawòl la, te transmèt sa
ban nou. ³Konsa mwen menm tou,
apre mwen fin egzaminen tout bagay
byen egzaminen depi nan kòmansman
li, mwen deside ekri yo pou ou annòd,
jan yo te pase, onorab Teyofil, ⁴pou w
kapab konnen tou sa w te tande yo, se
bagay solid.

^{T Ap 1,1}

Yo anonse Janbatis fèt

^{24,10} ⁵Sou Ewòd, wa Jide, te gen yon prèt

nan gwoup Abya, yo te rele Zakari. Ma-
danm li menm te sòti nan fanmi Arawon,
yo te rele l Elizabèt. ⁶Yo toulède te kòrèk
devan Bondye, epi yo te san repwòch
nan swiv tout kòmandman Granmèt la,
ak tou sa li deklare ki dwat. ⁷Men yo pa
t gen pitit, paske Elizabèt pa t kapab fè
pitit, lèfini toulède te fin antre nan laj.

⁸Twouve Zakari t ap sèvi kòm prèt
devan Bondye. Lè se te tou pa gwoup
li a, ⁹yo tire osò, jan sa konn fèt nan
sèvis prèt yo, non l sòti pou l antre al
ofri lansan nan Tanp Granmèt la.
¹⁰Tout foul pèp la te rete deyò ap lapri-
yè lè li t ap ofri lansan an.

Jen
11,30;
25,21;
29,31;
Jij 13,2;
1 Sam
1,5

PREMYE PAWOL POU KÒMANSE

Lik travay menm jan ak yon istòryen. Li chè-
che konnen li menm menm si evènman li pale
nan Levanjil la te rive reyèlman vre, epi si yo
serye. Men, gen yon bagay ki pi enpòtan: Lik
rann li kont, vini Jezi pami moun te gen pou li
chanje listwa moun. Li pa vini sèlman pou Jwif
yo, men li vini pou tout moun ki sou latè beni.
Levanjil sa a kòmanse nan Tanp lan, epi li fini
nan Tanp lan. Se sèlman nan dezyèm pati liv la
(Travay Apot yo) nou pral wè Levanjil la gaye nan
tout nasyon yo.

1,1-4: Lik te ekri sa premye kominote yo te
pase bouch an bouch nan katechèz yo te fè a.
Nan premye vèsè sa yo nou jwenn twa jenera-
syon kretyen yo: sa ki temwen Jezi paske yo te
viv ak li, sa ki te pase mesaj li a bouch an bouch.
Twazyèm nan kòmanse ekri tout bagay sa yo,
paske premye temwen yo te gen tan mouri.
Konsa premye kominote yo ak jenerasyon kre-
tyen ki vin apre yo, pral gen yon bon dokiman
pou yo pa pè bay temwayaj Bon Nouvèl Jezi te
kite pou nou an.

Lik fè dedikas liv li a bay Teyofil. Mo «Teyofil»
la vle di «Moun ki renmen Bondye» oubyen
«Moun Bondye renmen an». Li ta posib Teyofil
te yon kretyen ki te genyen mwayen ekonomik.
Dapre koutim epòk la, Lik te renmèt Teyofil liv li
a pou li kapab ekri plizyè kopi, epi pou Teyofil
peye ak pwòp kòb li. Li te posib tou Teyofil re-
prezante kominote kretyen yo. Se menm Teyofil
sa a nou jwenn nan liv Travay Apot yo. Lik di
Teyofil te resevwa tout bagay sa yo nan «kate-
chèz». Mo sa a sòti nan mo grèk ki vle di «eko».
Sa vle di moun k ap fè travay katechèz la li tan-
kou yon eko ki repete sa lòt yo te di l. Yo te ekri
Levanjil yo apati sa premye kominote yo be-
zwen pou yo kontinye fè katechèz pou moun ki
antre nan kominote yo.

Levanjil sa a prezante nou listwa Jezi timoun,
nou jwenn li tou nan Levanjil Matye, men li pa
menm jan ak pa Lik la. Matye te ekri pou kre-
tyen Jwif yo, pou li montre yo Jezi se moun ras
David la, epi li se Sovè Bondye te pwomèt pèp

la depi lontan an. Pou Matye moun ki pi enpò-
tan nan listwa sa a, se Jozèf ki moun ras David.
Lik li menm, li prezante nou yon listwa ki vle
montre Jezi se Moun toutbon. Pou li, moun ki pi
enpòtan nan listwa Jezi timoun se Mari, yon fi ki
te pòv epi ki te kite Bondye ak Lespri Sen an aji
nan li.

Nan de premye chapit yo, Lik prezante listwa
Jezi timoun nan sèt tablo: 1. Yo anonse Janbatis
pral fèt.— 2. Yo anonse Jezi pral fèt.— 3. Mari al
vizite Elizabèt (Vizitasyon).— 4. Janbatis fèt.— 5. Je-
zi fèt.— 6. Prezantasyon Jezi nan Tanp lan.— 7. Dis-
kisyon Jezi nan Tanp lan. Nou konnen deja chif
sèt la gen yon sans espesyal nan Bib la: li vle di
yon bagay ki total, ki pa manke anyen, ki bon
nèt. Ak tablo sa a Lik montre nou tout bagay nou
bezwen konnen sou Jezi timoun ak sou lavi li
jouk laj 12 zan.

1,5-25: Lik vle montre nou diferans ki genyen
ant Jezi ak Jan, kit nan sa yo ye kòm moun, kit
nan misyon yo.

1,5: *Sou Ewòd, wa Jide.* Lane 63 anvan Jezi
Kri. Nasyon Izrayèl la te pèdi dwa granmoun li,
e li vin anba bòt Women yo. Se Women yo ki
mete Ewòd Legran kòm wa, ki te gen kontwòl
sou tout peyi Palestin sòti lane 37 jouk lane 4
anvan Jezi Kri.

1,5-7: *Sou Ewòd, wa Jide, te genyen yon prèt
nan gwoup Abya yo te rele Zakari. Madanm li
menm te sòti nan fanmi Arawon, yo te rele li
Elizabèt.* Zakari ak Elizabèt reprezante moun
kòrèk ki t ap tann Kris Sovè a. Lik montre nou
travay Bondye a kòmanse nan mitan moun senp
yo ki kwè nan li. Bib la rele yo «pòv Yave yo.»
Zakari te yon prèt. Elizabèt te sòti nan fanmi
Arawon, e li te wont poutèt li pa kapab fè pitit.
Nan peyi Izrayèl, lè yon moun pa t kapab fè
pitit, yo te wè sa tankou madichon Bondye,
poutèt li p ap janm ka akouche Kris Sovè a.
Zakari fin granmoun, kounye a li pa kapab fè
pitit ankò. Sa te rabese l devan tout lòt moun. Yo
mennen yon lavi ki kòrèk nèt dapre Lalwa, men
yo pa jwenn benediksyon nan men Bondye. Eli-

Mt 1,20 ¹¹Li wè yon zanj Granmèt la kanpe adwat lotèl lansan an. ¹²Kè Zakari sote lè li wè l, epi yon laperèz tonbe sou li. Jij 6,22; Dan 8,17
¹³Zanj lan di l konsa: «Ou pa bezwen pè, Zakari, paske yo koute lapriyè w. Jen 15,1; Dan 10,12
 Elizabèt, madanm ou, pral fè yon pitit gason ba ou, ou va rele l Jan. ¹⁴Ou pral debòde ak kè kontan, anpil moun pral kontan tou lè li fèt. ¹⁵Li pral gran devan Granmèt la, li p ap bwè ni diven ni likè. Res 6,3; Jij 16,17; Lk 1,41; Jer 1,5
 Li pral plen Lespri Sen an depi nan vant manman l. ¹⁶Li pral fè anpil pitit Izrayèl tounen al jwenn Granmèt Bondye yo a. Mal 2,6; 1Wa 17,1; Mal 3,1; Mt 11,14; Mal 3,24; Iz 40,3
¹⁷Li menm, li pral mache devan l nan lespri, ak pouvwa Eli a, *pou li chanje kè papa yo vizavi pitit yo*, pou li fè sa ki rebèl vin gen bon konprann moun kòrèk, pou li pare yon pèp ki byen dispoze pou Granmèt la. » ¹⁸Zakari di zanj la konsa: «*Dapre ki bagay mwen va rekonèt sa? Ala mwen fin vye, epi madanm mwen fin antre nan laj.*» ¹⁹Zanj lan reponn, li di l konsa: «Mwen se Gabriyèl, sila a k ap sèvi Bondye a. Yo voye mwen vin pale avè w pou mwen anonse w bon nouvèl sa a. ²⁰Men, ou va rete bèbè, san ou pa kapab pale, jis jou bagay sa yo va rive, poutèt ou pa t kwè nan pawòl mwen yo. Y ap fèt lè tan yo va rive.» ²¹Pèp la menm te rete ap tann Zakari. Li te sezi pou mize li mize nan Tanp lan konsa. ²²Lè li sòti, li pa t

kapab pale ak yo. Yo konprann se yon vizyon li te genyen nan Tanp lan. Li t ap fè yo siy epi li te rete bèbè.

²³Twouve, lè jou sèvis li yo fini, l ale lakay li. ²⁴Kèk jou apre sa, Elizabèt, madanm li, vin ansent. Li rete kache senk mwa, li t ap di: ²⁵«Gade sa Granmèt la fè pou mwen, lè li te wete sa ki fè mwen wont nan mitan moun.» Jen 21,6; 1Sam 1,10; Iz 4,1

Zanj Gabriyèl anonse nesans Jezi

²⁶Sou sizyèm mwa a, Bondye voye zanj Gabriyèl nan yon vil Galile, yo rele Nazarèt, ²⁷kote yon jèn fi vyèj ki te fyanse ak yon nèg nan ras David yo rele Jozèf. Non jèn fi vyèj la se te Mari. ²⁸Li antre kote l, li di l konsa: «Se pou w kontan, ou menm ki plen favè, Granmèt la avè w.» ²⁹Pawòl sa yo boulvèse l. Li t ap kalkile ki sa mòd salye sa a vle di. ³⁰Zanj lan di l konsa: «Ou pa bezwen pè, Mari, ou jwenn favè nan men Bondye. ³¹Men ou pral pote yon pitit nan vant ou. Ou pral fè yon ti gason, epi ou pral rele l Jezi. ³²L ap gran, yo va rele l pitit Sila a ki anwo nèt la. Epi Bondye Granmèt la ap ba l fotèy David papa li a. ³³L ap kòmande sou fanmi Jakòb la pou toutan, reny li p ap janm fini.» ³⁴Mari di zanj lan konsa: «Kijan sa ap fèt? Mwen pa konn gason?» ³⁵Zanj lan reponn, li di l konsa: «Lespri

zabèt ak Zakari reprezante kominote moun pòv Yave yo ki mete tout konfyans yo nan Bondye.

1,11 : *Li wè yon zanj Granmèt la kanpe adwat lotèl lansan an.* Zakari t ap fè sèvis nan Tanp lan dapre sa Lalwa mande. Nan moman sa a, li wè yon zanj Granmèt la. Anjeneral, zanj se mesaj Bondye voye. Men anpil fwa nan Bib la, zanj se Bondye li menm (Gade nan Jènèz 16,7; 22,11).

1,15 : *Li p ap bwè ni diven ni likè.* Nan Izrayèl te gen moun ki te mete tèt yo apa pou Bondye. Yo pa t konn koupe cheve yo, yo pa t bwè bwason ki gen alkòl, epi yo te wete kò yo nan sosyete a pou yon bout tan (Resansman 6). Yo te rele moun sa yo *Nazireyen*. Pitit Zakari a fèt pou li yon Nazireyen depi nan vant manman li jis li mouri. Zanj lan montre sa ki pral misyon Jan, pitit Zakari a: li pral fè wout bay Granmèt la ak lespri ak pouvwa pwofèt Eli. Apre pwofèt Eli te fin disparèt ansanm ak cha dife ki te leve l monte nan syèl la (2Wa 2,11), Jwif yo te kwè l ap tou-

nen sòti nan syèl la anvan Sovè a vini pou l remete pèp li a sou pye (Malachi 3,23). Epi konsa, lè Mesi a pral vini li p ap gen okenn pwoblèm poutèt pèp la pral akseptè l nèt.

1,18 : *Dapre ki bagay mwen va rekonèt sa? Ala mwen fin vye, epi madanm mwen fin antre nan laj.* Zakari pa t janm kwè Elizabèt ak li menm ta fè pitit ankò. Menm si li konnen sa ki te rive Abraram ak Sara (Jènèz 17,15-21), menm si li swiv Lalwa nètale, epi menm si li fè sèvis nan Tanp lan, men li pa t ap tan yon mirak konsa.

1,19-20 : *Zanj lan reponn, li di l konsa: «Mwen se Gabriyèl, sila a ki ap sèvi Bondye a. Yo voye mwen vin pale avè w pou m anonse w bon nouvèl sa a. Men, w a rete bèbè.»* Non Gabriyèl la vle di Fòs Bondye a. Non zanj sa a montre sa Bondye pral fè ak fòs li.

1,26-33 : *Sou sizyèm mwa a, Bondye voye zanj Gabriyèl nan yon vil Galile, yo rele Nazarèt... Non jèn fi vyèj la se te Mari: Mari se yon jèn fi ki*

Res 9,18; T Ap 3,14; 4,30
 Sen an ap vini sou ou, epi Sila a ki anwo nèt la ap pran w anba lonbray li. Se poutèt sa, ti pitit la pral sen, yo va rele l pitit Bondye. ³⁶Men Elizabèt, kouzin ou an, li menm tou, ak tout granmoun li an, ansent yon pitit gason. Li rive sou sizyèm mwa, li menm yo te konn di ki pa kapab fè pitit la, ³⁷paske nanpwen anyen ki enposib pou Bondye. » ³⁸Mari di konsa: « Men sèvant Granmèt la. Se pou sa fèt pou mwen jan w di li a. » Lè fini zanj lan pati kite l.

Jen 18,14

Mari al rann Elizabèt vizit

³⁹Nan jou sa yo, Mari leve, l ale byen

prese nan yon vil Jide ki nan mòn. ⁴⁰Li antre kay Zakari, li salye Elizabèt. ⁴¹Twouve kou Elizabèt tande Mari salye l, ti bebe a pran danse nan vant li, epi Lespri Sen an anpare Elizabèt. ⁴²Li pouse yon gwo rèl, li di konsa: « Ou beni pase tout fi. Pitit ki nan vant ou a beni tou. ⁴³Kote chans sa sòti pou mwen, pou manman Granmèt mwen an vin kote mwen? ⁴⁴Ou wè, kou vwa w rive nan zòrèy mwen, lè w t ap salye mwen an, ti bebe a danse nan vant mwen afòs li kontan. ⁴⁵Se chans pou ou, ki te kwè sa Granmèt la te voye di w yo, ta pral rive. »

1,15; Jij 5,24; Jdt 13,18

1,20; Jn 20,29

Manyifikat

⁴⁶Mari di konsa:

« Nanm mwen ap fè lwanj pou Granmèt la,

⁴⁷lespri mwen kontan nan Bondye Sovè mwen an,

⁴⁸paske li voye je sou pòv ti sèvant li an.

Gade depi kounye a tout jenerasyon ap di mwen gen chans

⁴⁹paske Sila ki gen pouvwa a fè mèvey pou mwen.

Non li merite respekte.

⁵⁰Kè sansib li a pou moun ki krenn li yo, jenerasyon apre jenerasyon.

⁵¹Li montre fòs ponyèt li, li gaye moun ki kwè yo vo plis pase lòt yo.

⁵²Li desann gwo nèg yo sòti sou fotèy yo, li leve piti yo mete anlè.

⁵³Moun ki grangou yo, li plen yo ak bon bagay,

e moun ki rich yo, li voye y ale ak de men yo vid.

⁵⁴Li pran ka Izrayèl, sèvitè li a, li sonje jan kè li sansib.

⁵⁵Tankou li te pwomèt zansèt nou yo, Abraram ak ras li pou toutan. »

1Sam 2,1-10

1,25; 1Sam 1,11

Sòm 111,9

Iz 57,15; Sòm 103,17

Job 12,19; Sòm 107,9

Ezk 28,25;

Mi 7,20; Sòm 18,51

Sòm 113,7

Sòm 146

dakò pou l vin sèvant Granmèt la. Menm jan ak Elizabèt ak Zakari, Mari ak Jozèf reprezante kominote moun pòv Yave yo tou. Jezi sòti dirèk dirèk nan Bondye, epi l ap kòmanse yon limanite tounèf. Mari pral akouche Jezi, Sovè a, Pitit Moun nan, Pitit Bondye a.

Nazarèt: Ansyen Kontra a pa janm pale sou Nazarèt. Okenn moun pa t kwè Mesi a kapab sòti nan Nazarèt. **Galile:** se pwovens kote anpil etranje sikile nan trafik ak nan vwayaj epi ki lwen ak sant pouvwa Jwif la nan Jerizalèm. Anons Sovè a pa fèt nan Tanp lan, men nan yon ti kay, nan mitan yon anbyans ki pa enpòtan ditou pou chèf Jwif yo. Moun ki resevwa vizit Zanj lan se pa yon pè, se yon jèn fi. Lik di Elizabèt sòti nan fanmi Arawon, men li pa di nan ki fanmi Mari sòti. Mari reprezante sa ki pi piti nan pèp Izrayèl yo, Farizyen ak pwofesè Lalwa yo te konn meprize yo anpil.

1,28-31: « Se pou w kontan, ou menm ki plen favè, Granmèt la ak ou. » Nou ta kapab di tou:

«Mwen salye w», men nou pito di «Se pou w kontan.» Se kè kontan pwofèt yo te anonse pou sila yo k ap tann Sovè a (Zak 2,14). «Ou menm ki plen favè» se sans nou kapab bay vèb grèk 'kekaritomenè' nou jwenn nan vèsè sa a.

1,34: «Kijan sa ap fèt? Mwen pa konn gason?» Mari pa gen dout tankou Zakari. Sèlman li chèche konnen kijan bagay la pral fèt, paske li se yon jèn fi, epi li pa annafè ak gason.

1,35: «Lespri Sen an ap vini sou ou, epi Sila a ki anwo nèt la ap pran w anba lonbray li.» Bib la te pale sou nyaj ak lonbray ki te kouvri pèp la nan dezè a (Egzòd 13,22), epi menm lonbray sa a te plen Tanp lan (1Wa 8,10). Se siy prezans Bondye ki te kouvri, epi pwoteje vil ki sen an (Sirasid 24,4). Ak senbòl sa a, Levanjil la vle fè nou konnen Mari te vin tounen kay kote Bondye rete. Lespri Sen an vin sou li, e li pral ansent san li pa annafè ak okenn gason. Lik montre diferans ki genyen ant Janbatis ak Jezi: Janbatis resevwa Lespri Sen an depi li nan vant

⁵⁶Mari pase twa mwa konsa ak li, apre sa, li retounen lakay li.

Lè Janbatis fèt

⁵⁷Jou pou Elizabèt te akouche a rive. Li anfante yon ti gason. ⁵⁸Vwazinaj ak fanmi l yo, te tandè jan Granmèt la te gen anpil kè sansib pou li. Yo fete ak li.

Sikonsizyon Janbatis

⁵⁹Vwala sou 8 jou, yo vini pou yo fè sikonsizyon pou ti pitit la. Yo te vle ba li menm non ak papa l Zakari. ⁶⁰Men manman li reponn, li di konsa: «Non, y ap rele l Jan.» ⁶¹Yo di l: «Pa gen pèsonn nan fanmi w ki gen non sa a.» ⁶²Yo fè papa l siy, pou yo mande l kijan li vle yo rele l. ⁶³Li mande yon ti tablo, li ekri: «Se Jan ki non li.» Tout moun sezi. ⁶⁴Bouch li louvri menm moman an, lang li lage, li pran pale ap fè lwanj pou Bondye. ⁶⁵Vin gen yon krentif ki anpare tout moun nan vwazinaj la. Yo t ap pale pawòl sa yo nan tout mòn Jide. ⁶⁶Tout moun ki te tandè sa, kenbe pawòl yo nan kè yo. Yo t ap di: «Sa ti pitit sa a pral ye menm?» Men Bondye te sou li toutbon vre.

Kantik Zakari a :

⁶⁷Lespri Sen an anpare Zakari papa l. Li pran pale tankou yon pwofèt, li di konsa :

⁶⁸«*Konpliman pou Bondye Granmèt Izrayèl la, li vizite pèp li a, li delivre l.*

⁶⁹Li fè yon fòs delivrans leve pou nou nan fanmi David pitit li a,

manman l. Nan ka Jezi a, Lespri Sen an fè li tounen moun.

1,59 : *Vwala sou 8 jou yo vini pou yo fè sikonsizyon pou ti pitit la.* Sikonsizyon se yon operasyon yo fè pou koupe po ki kouvri pwent pati gason. Lalwa Jwif yo mande pou yo fè sikonsizyon pou tout ti gason 8 jou apre yo fèt (Levitik 12, 3). Se yon siy ki montre yo nan pèp Jwif la, epi yo antre nan gwo fanmi pèp Bondye a.

1,63 : «Jan» vle di : Granmèt la gen kè sansib.

1,80 : *Li t ap viv nan dezè* Dezè Jide a, bò lanmè Mouri a, se kote kèk kominote te tabli.

⁷⁰jan li te di sa depi nan tan lontan nan bouch pwofèt li yo ki sen.

⁷¹Se yon delivrans anba *lènmi* nou yo ak *anba men* tout moun ki *rayi* nou yo.

⁷²Li fè *kè l sansib pou zansèt nou yo*, li sonje kontra li a ki sen

⁷³avèk sèman li te fè papa nou Abraram,

li t ap fè nou favè ⁷⁴rache nou anba men lènmi nou yo,

pou nou sèvi l san nou pa bezwen pè,

⁷⁵nan fè sa ki sen, ki kòrèk, devan l toutan n ap viv.

⁷⁶Kanta ou menm ti pitit, y ap rele w pwofèt Sila a ki anwo nèt la,

paske w ap mache devan *Granmèt la pou w pare wout li yo* pou li,

⁷⁷pou w fè pèp li a konnen sa yo rele delivrans nan padonnen peche li yo;

⁷⁸grasa kè sansib ki sòti jis nan fon zantray Bondye nou an ki fè solèy,

k ap leve sòti anwo a, vin vizite nou,

⁷⁹pou li klere moun *ki chita nan fènwa ak anba lonbray lanmò*, pou l asire pye nou *nan wout kè poze a.*»

Lavi kache Janbatis

⁸⁰Ti pitit la menm t ap grandi, lespri li t ap vin pi fò, li t ap viv nan dezè jis jou pou li te parèt devan pèp Izrayèl la rive.

Jezi fèt—Vizit gadò mouton yo

2 ¹Lè sa a, Seza Ogis pase lòd pou yo fè resansman tout tè a. ²Sa a se premye resansman ki te fèt. Lè sa a Kirinyis t ap kòmande Siri. ³Tout moun

Youn ladan yo te kominote Esenyen yo, nan yon kote yo rele Koumrann. Gwoup sa yo t ap tann pou Bondye Sovè a ak jijman li a vini prese prese. Yo te toujou rete nan lapriyè ak nan reflechi sou Bib la. Yo pa t dakò ak jan prèt yo t ap jere Tanp lan. Yo te fè levasyon timoun yo tou pou yo vin ranplase prèt yo nan Tanp lan ak lidè yo ki nan sosyete a.

2,1 : *Lè sa a, Seza Ogis pase lòd pou yo fè resansman tout tè a.* Jwif yo te fòme yon ti nasyon ki te anba men lanprè women an. Sou gouvènman delege women an, Kirinyis, yo te fè yon resansman nan Siri ak nan Palestin. Koze sa a

Jen 17,12; Lev 12,3

1,13

Sòm 106,10

2,24; Lev 26,42

Sòm 106,45; 105,8-9; Jen 26,3

Mi 4,10

Mt 11,10

Res 24,17; Mal 3,20

Iz 9,1; Mi 5,4

3,2; 7,24

2Wa 3,15; Ezk 1,3

Sòm 41,14; 72,18; 106,48; 111,9

1Sam 2,10; Sòm 18,3; 132,17; Jer 23,5

te pati al bay non yo, chak moun nan vil pa l. ⁴ Jozèf li menm tou te pati sòti lavil Nazarèt, nan Galile, pou li monte nan Jide nan vil David yo rele Betleyèm nan, paske li te sòti nan ras ak nan fanmi David. ⁵ Se pou l te al bay non li ansanm ak Mari, madanm li, ki te ansent. ⁶ Vwala, pandan yo te la, li rive sou jou l pou li akouche. ⁷ Li anfan-te premye pitit gason l, li vlope l nan kouchèt, li mete l kouche yon kote yo bay bèt manje, paske pa t gen plas pou yo nan lotèl la.

⁸ Nan menm zòn sa a, te gen gadò mouton ki te konn rete nan patiraj yo, pou yo veye sou mouton yo tout lan-nwit. ⁹ Yon zanj Granmèt la pwoche bò kote yo, bèlte Granmèt la vlope yo ak limyè l. Epi se pa ti kras pè yo pè. ¹⁰ Zanj lan di yo konsa: «Nou pa bezwen pè. Gade non, mwen vin pote yon bon nouvèl ban nou, se pral yon kontantman pou tout pèp la: ¹¹ Jodi a nou gen yon Sovè ki fèt nan vil David la, se Kris la, Granmèt la. ¹² Men sa n ap genyen kòm siy: nou va jwenn yon ti bebe vlope nan kouchèt. Li kouche kote bèt yo konn manje a.» ¹³ Apre sa, sanzatan, yon foul lame syèl la vin

¹Sam
16,13;
Jn 7,42
Mt 1,20

Flp
3,20;
2Tm
1,10

jwenn ak zanj lan. Yo t ap fè lwanj pou Bondye, yo t ap di:

¹⁴ «Glwa anwo nan syèl la pou Bondye,

kè poze sou tè a pou moun li renmen yo.»

¹⁵ Apre Zanj yo fin kite yo, pou yo retounen nan syèl la, gadò mouton yo pran pale youn ak lòt, yo t ap di: «An nou janbe Betleyèm, pou n al wè sa Granmèt la fè nou konnen an.»

¹⁶ Y ale byen prese, yo jwenn Mari ak Jozèf, ak ti bebe a kouche yon kote bèt yo konn manje a. ¹⁷ Lè yo fin wè sa, yo pran rakonte sa yo te di yo a sou ti pitit sa a. ¹⁸ Tout moun ki te tandè yo, te sezi poutèt sa gadò mouton yo t ap rakonte yo. ¹⁹ Mari menm te sere tout pawòl sa yo, li t ap kalkile yo nan kè l. ²⁰ Gadò mouton yo retounen, yo t ap bay Bondye glwa ak lwanj, poutèt sa yo te tandè, ak sa yo te wè, jan yo te anonse yo a.

Ezk
3,12;
Iz 9,5;
52,7;
Ef 2,14;
Lk
19,38;
24,36

2,51;
Dan
7,28;
Mt
13,52

Sikonsizyon Jezi

²¹ Sou 8 jou, dat pou yo fè sikonsizyon pou ti pitit la rive. Yo rele non l Jezi, non Zanj lan te ba li a anvan manman l te ansent li.

Jen
17,12

bay pwoblèm, paske Kirinyis te fè resansman sa a nan lane 6 anvan epòk pa nou an. Kalkil sa a mache dakò ak sa nou konnen sou Wa Ewòd Legran tou. Li menm li te mouri lane 4 anvan lane 1. Lè Ewòd mouri, Jezi te kapab gen 2 lane konsa depi li te fèt (Matye 2,16-22) Sa ta vle di Jezi te gen tan fèt 6 ou 7 lane anvan lane 1. Resansman lanpré women an te kòmande a se te yon mwayen pou mete pèp yo anba pye l. Se ak resansman an li kapab konnen konbyen moun ki dwe peye taks. Tout peyizan te dwe deklare konbyen tè li travay pou li peye taks pou tè a ak pou rekòt la tou. Poutèt sa, nan Galile, yon rejyon ki te gen anpil revolisyonè, te gen gwoup peyizan yo ki te leve kanpe kont Women yo poutèt resansman sa a (Travay 5,37). (Kounye a gen anpil diskisyon sou afè dat resansman an te fèt).

2,7: *Li anfan-te premye pitit gason l, li vlope l nan kouchèt, li mete l kouche yon kote yo bay bèt manje.* Jezi se moun toutbon vre. Li bezwen pou manman l vlope l nan kouchèt tankou tout ti bebe. *Li anfan-te premye pitit gason l: Mo «premye pitit li a» fè nou sonje yo mete tout*

pitit gason ki pi gran yo apa pou Bondye (Egzòd 13,1; Wòm 8,29; Kol 1,15). Men sa pa vle di Mari te gen lòt pitit.

2,8-20: *Nan menm zòn sa a, te gen gadò mouton ki te konn rete nan patiraj yo.* Premye moun ki te resevwa Bon Nouvèl Jezi a se moun pòv yo, moun yo te mete sou kote yo. Nan epòk sa a, yo te meprize gadò mouton yo, paske yo pa t janm gen mwayen pou yo swiv règleman Lalwa Moyiz la mande yo.

2,19: *Mari menm te sere tout pawòl sa yo, li t ap kalkile yo nan kè l.* Mari kalkile sou evènman sa yo, paske kèlkeswa sa ki rive nan lavi l, li konsidere se yon fason pou Bondye fè l konnen volonte l yo. Lafwa l te bezwen dekouvri chemen delivrans lan tipa tipa. Li tounen al reflechi sou bagay sa yo nan kè l, jis jou Jezi mouri, li leve byen vivan ak jou Lapannkot la, ki pral fè l wè akèl tout pawòl Bondye te di yo rive toutbon vre.

2,21-24: *Sou 8 jou, dat pou yo fè sikonsizyon pou ti pitit la rive.* (Pou afè sikonsizyon an al gade nòt Lik 1,59). Nan pèp Izrayèl la, tout pre-

Yo pote Jezi nan Tanp lan

²²Lè jou pou yo pwòpte a te rive, dapre Lalwa Moyiz la, yo mennen l Jerizalèm pote devan Granmèt la, ²³jan sa ekri nan Lalwa Granmèt la: « Yo va mete tout premye pitit gason yo apa pou Granmèt la. » ²⁴Yo te pote yon ofrann tou dapre sa Lalwa Granmèt la di: yon pè toutrèl, oswa de jenn pìjon. ²⁵Vwala, te gen yon nèg Jerizalèm, yo rele Simeyon. Nèg sa a te kòrèk, li te moun Bondye, li t ap tann Sila a k ap vin konsole Izrayèl la, epi Lespri Sen an te sou li. ²⁶Lespri Sen an te deklare l, li p ap mouri anvan li wè Kris Granmèt la mete apa a. ²⁷Lespri a fè l vini nan Tanp lan. Antan paran ti Jezi t ap pote l pou yo fè sa Lalwa a te mande pou yo fè pou li a, ²⁸li pran l nan bra l, li fè lwanj pou Bondye, li di:

Kantik Simeyon an

²⁹«Kounye a, Mèt, ou kapab kite sèvitè w la ale ak kè poze, jan w te di li a, ³⁰paske mwen wè ak je mwen delivrans ³¹ou te pare devan tout pèp yo. ³²Se limyè ki klere pèp etranje yo, se yon glwa pou pèp Izrayèl ou a. »

Simeyon pale tankou pwofèt

³³Papa l ak manman l te sezi pou sa yo t ap di sou li. ³⁴Simeyon menm beni

yo, lèfini li di Mari manman l: «Gade! Sila ap lakòz anpil moun tonbe, oswa anpil moun leve nan Izrayèl, l ap yon siy k ap mennen diskisyon. ³⁵Kanta ou menm, yon ponya va pèse nanm ou, konsa santiman anpil moun va parèt aklè.»

Àn pale tankou pwofèt

³⁶Te gen Àn tou, yon pwofèt fi, pitit Fanwèl. Li te sòti nan ras Azè, li te granmoun anpil. Apre li te fin viv sèt lane ak mari l, depi li te jèn fi, ³⁷li te rete vèv jis li vin gen katrevenkat lane. Li pa t kite Tanp lan, kote li t ap sèvi Bondye lajounen kou lannwit nan lapriyè ak nan fè jèn. ³⁸Li parèt menm moman an. Li pran fè lwanj pou Bondye, epi li pale de pitit la ak tout moun ki t ap tann delivrans Jerizalèm.

Lavi kache Jezi nan Nazarèt

³⁹Lè yo fin regle tout bagay dapre Lalwa Granmèt la, yo retounen nan Nazarèt, vil yo a nan Galile. ⁴⁰Ti pitit la menm t ap grandi, li t ap vin pi fò. Li te plen bon konprann. Favè Bondye te avè li.

Jezi ak pwofesè Lalwa yo

⁴¹Chak lane, paran li yo te konn ale Jerizalèm nan fèt Pak la. ⁴²Lè li vin gen douz lane, yo monte jan yo te konn fè nan fèt la. ⁴³Lè fèt la fini, antan yo t ap

mye pitit ki te fèt nan yon fanmi, yo te mete l apa pou Bondye (Egzòd 13,1 ; Lev 12,8). Jozèf te yon nèg kòrèk nèt, li te fè pou Jezi tou sa Lalwa Moyiz la mande pou yo fè. Yo te dwe peye yon pri devan prèt yo, epi poutèt sa, yo dwe bay Bondye yon ofrann. Nan moman yo fè sikonsizyon pou pitit gason an, manman l dwe pwòpte tèt li tou. Konsa Mesi a te anba Lalwa, menm jan ak nenpòt Jwif (Gal 4,4). Epi yo ofri de jenn pìjon pou li, ki se ofrann moun pòv yo. Yo te touye youn nan pìjon yo, pou fè konpliman pou Bondye, epi lòt la kòm sakrifis pou peche yo (Lev 5,7-10 ; 12,6-8).

2,41-52: Ti pitit la menm t ap grandi, li t ap vin pi fò. Antan tan li te viv Nazarèt la, Jezi te mennen lavi li menm jan ak nenpòt lòt timoun ki gen menm laj ak li. Li pa t resewva yon edikasyon espesyal. Li pa t montre li gen yon talan estwò-

dinè. Jozèf montre l tout koutim ak mès Izrayèl. Mari li menm montre li anpil bagay sou listwa pèp la, jan li te chante l nan manyifikat la (1,47-55). Yo te leve l tankou yon Jwif ki gen pou soumèt li devan Lalwa. Lik montre nou kouman Pitit Bondye a rantr nan mòd lavi moun sou tè a. Menm jan ak Pòl ki di nan lèt pou Legliz Galasi a, «Jezi te sòti nan yon fi, epi li te anba kontwòl Lalwa» (Gal 4,4) Sa vle dí, li te antre nan kilti ak tout reyaltite pèp li a, tankou nenpòt moun. An menm tan tou Lespri Sen an ba li anpil bon konprann sou Pwojè lavi Bondye a.

2,41-50: Chak lane, paran li yo te konn ale Jerizalèm nan fèt Pak la. Jezi te grandi anba Lalwa Jwif la. Douzan te laj pou yon jèn gason kòmansè swiv prensip relijyon yo. Yo gen obligasyon pou y al nan pelerinaj Jerizalèm pou fèt yo, epi pou peye taks pou Tanp lan. Pwofesè Lalwa yo

retounen, ti Jezi te rete Jerizalèm, san paran li yo pa t konnen. ⁴⁴Kòm yo te kwè li nan pami kolonn vwayajè yo, yo fè yon jounen ap mache, epi yo kòmanse chèche li nan mitan fanmi ak moun yo konnen. ⁴⁵Lè yo pa jwenn li, yo retounen al chèche l Jerizalèm.

⁴⁶Aprè twa jou, yo jwenn li chita nan mitan pwofesè yo nan Tanp lan. Li t ap koute yo, epi li t ap mande yo kesyon.

⁴⁷Tout moun ki t ap koute l, te sezi pou jan li gen lespri, ak pou kalite repons li.

⁴⁸Lè yo wè l, yo sezi anpil. Maman l di l konsa: «Pitit mwen, sa w fè nou konsa? Gade non, papa w ak mwen, nou t ap chèche w ak anpil kè sere.» ⁴⁹Li reponn yo: «Poukisa nou t ap chèche m? Nou pa konnen fòk mwen okipe afè Papa m?» ⁵⁰Men yo menm, yo pa t konprann pawòl li te di yo a.

Jezi retounen Nazarèt

⁵¹Li desann al Nazarèt avè yo. Li te soumèt li devan yo. Manman li t ap sere tout pawòl sa yo nan kè l. ⁵²Jezi menm t ap vin gen plis bon konprann, plis wotè, plis favè devan Bondye ak devan moun.

Prèch Janbatis

Mt 3,1-12; Mk 1,1-8; Jn 1,19-28

3 ¹Sa te fè kenz lane depi reny Tibè Seza te kòmanse. Lè sa Pons Pilat t ap kòmande nan Jide. Ewòd t ap kò-

mande yon ka peyi a nan Galile, Filip frè li t ap kòmande yon ka peyi a nan rejyon Itiri ak Trakonitid. Lizanyas menm t ap kòmande yon ka peyi a nan Abilèn. ²Nan tan sa a An ak Kayif te Prèt anchèf. E vwala Bondye pale ak Jan, pitit Zakari, nan dezè a. ³L ale nan tout zòn bò larivyè Jouden an, li t ap preche yon batèm pou kè moun yo chanje, pou peche yo kapab padonnen, ⁴jan sa ekri nan liv ki gen pawòl pwofèt Izayi yo:

«Vwa sila a k ap rele nan dezè a: pare wout Granmèt la, fè chemen l yo vin dwat.»

⁵*Tout ravin pral konble, tout gwo mòn ak tout ti mòn pral vin plat;*

koub yo ap vin dwat, move chemen ap vin bon wout.

⁶*Tout moun pral wè delivrans Bondye a.»*

⁷Li di fowl moun ki te vin batize nan men l yo konsa: «Ras sèpan, kilès moun ki montre nou sove kò nou devan kòlè k ap vini an? ⁸Aji yon fason ki montre kè nou chanje toutbon vre. Pa rete ap di nan kè nou: Nou gen Abraram pou papa. Mwen di nou sa, Bondye gen pouvwa fè wòch sa yo tounen pitit Abraram. ⁹Rach la deja nan rasin pyebwa yo. Tout pyebwa ki pa bay bon fwi, y ap koupe l voye jete nan dife.»

te chita nan lonbray nan lakou Tanp lan, yo t ap montre gwoup peleren yo anpil bagay sou Lalwa.

Nan Levanjil Lik la, premye mo Jezi di yo, montre jan tou sa li di sòti nan kontak dirèk ak kontak solid li genyen ak Papa l. Sa vle di, misyon Jezi a sòti nan Bondye menm, epi se Jezi ki pral fè volonte Bondye a nèt. Se pa yon leson li te aprann pakè nan Bondye, pou l vin resite devan moun yo. Okontrè, Pitit Bondye a ki te fèt moun, dwe aprann nan mitan moun sa Bondye vle pou li fè, tankou tout moun, tankou nou menm.

3,1-2: «Sa te fè kenz lane depi reny Tibè Seza te kòmanse, lè sa a Pons Pilat t ap kòmande nan Jide.» Lik ban nou yon bon dat pou nou kapab wè nan ki epòk Janbatis ak Jezi te viv. Tibè te gouvènè sòti lane 14 rive lane 37. Lane 15 gouv-

vènman Tibè a koresponn ak lane 27-28 dapre jan Women yo te konn konte lane yo. Lik site non sis gwo chèf ak yon pwofèt. Seza Tibè ki te lanprè Women yo, Ewòd Antipas, Filip ak Lizanyas, pitit Ewòd Legran yo. An ak Kayif te Prèt anchèf nan Tanp Jerizalèm nan ak Pons Pilat ki te youn nan gouvènè Women yo te mete nan Jide. Nan mitan tout gran nèg sa yo, ki te chèf ni nan afè politik, ni nan afè ekonomik, ni nan afè sosyal ak relijye, gen yon gwo pwofèt ki parèt: Janbatis. Jezi te fèt nan mitan listwa moun. Konsa se nan mitan listwa moun Bondye pral devlope listwa delivrans lan nan fason pa l.

3,7-11: *Li di fowl moun ki te vini batize nan men li yo konsa: «Ras sèpan, kilès moun ki montre nou sove kò nou devan kòlè ki ap rive a?» Pawòl sa yo fè moun sonje yon tradisyon pwofèt yo ki pale sou jou jijman Bondye a ki pre rive.*

Lk 23,12; Mk 6,17

TAp 46; Jer 1,2; Oze 1,1

Iz 40, 3-5

14,11; 18,14; Iz 2,2; Sòm 68,16

Mt 3,7; Iz 30,27; 1Tes 1,10; Jn 8,33

Mt 7,19

Mt 3, 1-12; Mk 1, 1-8; Jn 1,19;

TAp237 10 Foul yo t ap mande l kesyon, yo di
 Ezk 18; 11 Li reponn yo :
 Iz 58,7; « Moun ki gen de chemiz, se pou li
 T Ap 4,32 separe ak sa ki pa genyen, moun ki
 gen manje, se pou li fè menm jan. »
 12 Piblikan yo tou vini pou li batize yo,
 yo di l : « Mèt kisa pou nou fè ? » 13 Li di
 yo : « Pa fè moun yo peye plis pase sa
 Lalwa a mande. » 14 Gen sòlda tou ki
 mande l : « E nou menm, kisa pou nou
 fè ? » Li di yo : « Pa fè pèsonn abi, pa fè
 metye denonse moun, kontante nou ak
 sa yo peye nou. »

Jn 1, 15 Pèp la te gen lespwa, epi tout
 19-20 moun t ap mande tèt yo : « Pou di se pa
 li menm ki Kris la ? » 16 Jan reponn yo
 11,22; tout, li di konsa : « Mwen se nan dlo
 Jn 13,5; T Ap 1,5 mwen batize nou, men Sila a ki pi fò
 pase mwen an, ap vini epi mwen pa
 merite lage kòd sapat li. Li menm li va
 batize nou nan Lespri Sen ak nan dife.
 Mal 17 Layo l nan men l, l ap netwaye glasi
 3,19; l, l ap ranmase ble a mete nan galata l.
 Jer 15,7; Pay la menm, l ap boule l nan yon dife
 Iz 5,24; ki p ap tenyen. » 18 Se ak anpil lòt an-
 66,24 kourajman toujou, li t ap bay pèp la
 Bon Nouvèl la.

Arestasyon Janbatis

Mt 14,3-12; Mk 6,17-29

Mk 6,17 19 Kanta Ewòd ki t ap kòmande yon
 ka peyi a, apre li te fin jwenn repwòch
 nan men Jan poutèt Ewodyad, ma-
 danm frè l, epi poutèt tout mal li te fè,
 20 li mete sa a toujou sou tout rès yo : li
 fè fèmen Jan nan prizon !

Parèt devan jijman Bondye a se yon bagay ki
 toujou terib, se poutèt sa Jan chèche devlope
 yon santiman jistis ak lavi kòrèk lakay moun yo.
 Batize vle di plonje anba dlo epi sòti anba l.
 Moun ki batize sòti nan lavi peche a pou rekò-
 manse yon lòt chemen. Janbatis sanble ak Eli,
 youn nan pi gwo pwofèt Ansyen Kontra a. La a,
 nou wè Jan preche san li pa mande pèsonn nan
 Tanp lan pèmasyon pou li pale. Moun yo sòti
 dènye kote vin chèche batèm nan nan men l.

3,21-23 : Lè tout pèp la te fin batize, Jezi ki te
 fin resevwa batèm li menm tou : Daprè dat Lik
 ban nou lanprè Tibè ak lòt moun ki nan pouvwa
 yo, nou kapab di tout bagay sa yo te pase bò
 lane 27. Lik di Jezi te gen lè sa a 30 lane konsa,

Batèm Jezi

Mt 3,13-17; Mk 1,9-11

21 Lè tout pèp la te fin batize, Jezi ki
 te fin resevwa batèm li menm tou, t ap
 lapriyè. Men syèl la ouvri, 22 Lespri Sen
 an desann sou li, an fòm yon kò sanble
 yon pijon. Epi yon vwa sòti nan syèl la :
 « Ou se Pitit mwen renmen an, nan ou
 mwen jwenn kè kontan mwen. »

Lis zansèt Jezi

Mt 1,1-17

23 Jezi menm, lè li t ap kòmanse, li te
 gen yon trant lane konsa. Yo te kwè li
 te pitit Jozèf, pitit Eli, 24 pitit Matat, pitit
 Levi, pitit Melki, pitit Janay, pitit Jozèf,
 25 pitit Matatyas, pitit Amòs, pitit Na-
 woum, pitit Esli, pitit Nagay, 26 pitit Ma-
 rat, pitit Matatyas, pitit Semeyim, pitit
 Jozè, pitit Joda, 27 pitit Joranam, pitit
 Reza, pitit Zowobabèl, pitit Salatyèl,
 pitit Neri,

28 pitit Melki, pitit Adi, pitit Kosam,
 pitit Elmadam, pitit È, 29 pitit Jezi, pitit
 Elyezè, pitit Jorim, pitit Matat, pitit
 Levi, 30 pitit Simeyon, pitit Jida, pitit
 Jozèf, pitit Jonam, pitit Elyakim, 31 pitit
 Meleya, pitit Mena, pitit Matata, pitit
 Natan, pitit David,

32 pitit Jese, pitit Jobèd, pitit Bòwoz,
 pitit Sala, pitit Narason, 33 pitit Amina-
 dab, pitit Admin, pitit Ani, pitit Eswon,
 pitit Farès, pitit Jida, 34 pitit Jakòb, pitit
 Izzarak, pitit Abraram, pitit Tara, pitit
 Nakò, 35 pitit Sewouk, pitit Ragaw, pitit
 Falèk, pitit Ebè, pitit Sala, 36 pitit Kayi-

men li ta kapab rive nan 34 lane (Gade nan nòt
 Lik 2,1). Lik montre batèm Jezi a nan mitan pèp
 la. Sa vle di : Pitit Moun nan se yon moun ki sòti
 nan pèp la, epi li solidè ak pèp la.

3,23-38 : Jezi menm, lè li t ap kòmanse, li te
 gen yon trant lane konsa, yo te kwè li te pitit
 Jozèf, pitit Eli. Lik prezante zansèt Jezi yo yon
 fason ki diferan nèt ak Matye (1,1-17), poutèt
 mesaj Lik vle fè pase a : Jezi se Moun tounèf la.
 Poutèt sa lis la pa fini nan Abraram, jan Matye te
 fè a, men li sòti nan Jozèf pou li rive nan Adan,
 premye moun ki sòti nan Bondye a. Konsa Jezi
 se kòmansman yon limanite tounèf. Lik prezante
 77 jenerasyon moun. 77 se yon chif senbolik
 pou li reprezante ras tout moun sou tè a. Sa vle

Mt 3,
 13-17;
 Mk 1,
 9-11;
 Jn 1,
 29-34

Sòm
 2,7;
 Iz 42,1

Mt 1,
 1-17

3,17

1,34

Jen
 11,10

nam, pitit Afaksad, pitit Sèm, pitit No-ye, pitit Lamèk, ³⁷ pitit Matouzala, pitit Enòk, pitit Yarèt, pitit Maleleyèl, pitit Kayinam, ³⁸ pitit Enòs, pitit Sèt, pitit Adan, pitit Bondye.

Jen 5,
1-32

Dyab la seye Jezi nan dezè a

Mt 4,1-11; Mk 1,12-13

Mt 4,
1-11;
Mk 1,
12-13

4 ¹ Jezi ki te plen Lespri Sen an tounen sòti bò larivyè Jouden an. Lespri a mennen l nan dezè a. ² Pou karant jou, dyab la t ap seye l. Tout jou sa yo, li pa t manje anyen. Alafen li vin grangou. ³ Dyab la di l konsa: « Si w se Pitit Bondye, di wòch sa a pou l tounen pen. » ⁴ Jezi reponn li: « Men sa ki ekri:

3,22

Dtw 8,3

Se pa ak pen sèlman moun viv. »

10,18;
Jn
14,30;
Ap 13,2

⁵ Li mennen l yon kote ki wo, li montre l, la menm, tout peyi wa ki sou tè a.

⁶ Dyab la di l konsa: « M ap ba ou tout pouvwa ak richès sa yo, paske yo renmèt yo nan men mwen, se moun mwen vle mwen bay yo. ⁷ Si ou adore m, tout pou ou. » ⁸ Men Jezi reponn li: « Men sa ki ekri:

Dtw
6,13

Ou va adore Bondye Granmèt ou a, se li menm sèl ou va sèvi. »

⁹ Li mennen l Jerizalèm, li mete l kan-

pe sou tè Tanp lan, li di l: « Si ou se Pitit Bondye, lage kò w anba, ¹⁰ paske men sa ki ekri:

Sòm
91,11

Li pase zanj li yo lòd pou yo veye sou ou.

¹¹ Epi tou:

Sòm
91,12

Y ap pote w nan men, pou w pa kase pye w sou okenn wòch. »

¹² Jezi reponn li: « Men sa yo di:

Dtw
6,16

Ou p ap seye Bondye Granmèt ou a. »

¹³ Lè dyab la te fin seye l tout jan, li pati kite l, pou l tounen lè ki va bon lè a.

22,53;
Jn
14,30

Jezi kòmanse preche

Mt 4,12-17.23; Mk 1,14-15.39

Mt 4,
12-17,
23;

¹⁴ Jezi retounen Galile ak fòs Lespri a. Se nan tout zòn bò la, yo t ap nonmen Non l. ¹⁵ Li t ap montre anpil bagay nan sinagòg yo. Li jwenn glwa nan men tout moun.

Mk 1,
14-15,
39;
Mt 13,16

4,44

Prèch Jezi nan Nazarèt

Mt 13,53-58; Mk 6,1-6

¹⁶ Li vin Nazarèt kote yo te fè elevasyon li an, epi jan li te konn fè jou Saba a, li antre nan sinagòg la. Li leve pou l fè lekti a. ¹⁷ Yo lonje liv pwofèt Izayi a ba li, li ouvri liv la, li jwenn kote yo te ekri:

Mt 13,
53-58;
Mk 6,
1-6;
T Ap
13,15

di lavi ak aktivite Jezi pral ranmase dènye moun ki sou latè beni.

4,1-12: Jezi ki te plen Lespri Sen an tounen sòti bò larivyè Jouden an. Lespri a mennen l nan dezè a. Pou karant jou, dyab la t ap seye l. Nan tantasyon sa yo Lik bay tout pwoblèm ak batay Jezi pral genyen pou tout lavi l. Li pral batay ak tout reprezantan fòs fènwa yo ki mete moun nan lesklavaj (Sa a se pwojè Satan an). Bondye menm pral soutni Jezi nan batay sa a. Ak tout fòs Lespri Sen an ki nan li, Jezi pare tèl li pou li kòmanse misyon l: fè Peyi kote Bondye Wa a boujonnen sou tè a.

Satan sonde Jezi pou li pa reyisi misyon li a. Li mande Jezi pou li sèvi ak pouvwa Bondye te ba li a pou li jwenn tou sa li bezwen (*grangou*). Pou li kite anvè richès ak pouvwa pran tèl li (*tout pouvwa ak richès*). Ak twazyèm tantasyon an, dyab la vle pou Jezi seye Papa Bondye, pou l konnen si l toujou ak li (*Li mennen l Jerizalèm, li mete l kanpe sou tè Tanp lan*). Men Jezi se yon moun reskonsab, li gen kouraj pou li defann sa li kwè devan tout tantasyon yo. Lik pale sou tantasyon Jezi yo yon fason diferan ak Matye. Li chanje lòd dezèm ak twazyèm nan, pou l fini tanta-

syon yo nan Jerizalèm, kote Jezi pral kanpe fèm nan dènye batay lavi li a. Se la a, nan Jerizalèm, Jezi pral soufri dènye tantasyon a epi li pral bat Satan nèt.

Tantasyon sa yo montre pwojè Jezi pa menm ak pwojè moun. Pwojè Jezi a vle chanje kè moun, epi chanje sosyete a tou. Chak bagay nou mete nan plas Bondye, kit pouvwa, kit richès, kit pwòp glwa nou, se yon zidòl nou adore.

4,13: Lè dyab la te fin seye l tout jan, li pati kite l, pou l tounen lè ki fikse a: Satan wete kò l sou Jezi, l al tann yon lòt okazyon. Okazyon sa a pral rive nan moman gwo soufrans li. (Gade nan Lik 22,3.31)

4,14-15: Jezi retounen Galile ak fòs Lespri a. Jezi tounen nan peyi l epi li kòmanse preche nan sinagòg Galile yo. Lik vle montre jan Jezi se yon moun ki kite Lespri Sen an gide lavi l. Moun yo fè l konpliman poutèt li pale ak anpil otorite, epi mirak li yo kore pawòl li yo.

4,16-20: Li vin Nazarèt kote yo te fè elevasyon li an...Nan epòk Jezi nenpòt gason layik ki ale jou saba a nan sinagòg la, li gen dwa kanpe pou li fè

3,22; 12,61; 1-2 ¹⁸ « *Lespri Granmèt la sou mwen, paske li sakre mwen, pou mwen pote Bon Nouvèl la bay moun pòv yo; li voye mwen anonse moun ki nan prizon, yo lage, moun ki avèg, yo retounen wè, moun yo maltrete, yo gen libète.* »

12,58,6; Lev 25,10 ¹⁹ *Li voye mwen anonse yon lane Granmèt la ap fè gras. »*

²⁰ Li woule liv la, li renmèt sèvitè a li, li chita. Je tout moun nan sinagòg la te fikse sou li. ²¹ Li kòmanse di yo: « Jodi a, pawòl sa a ki ekri a epi nou sòt tande a, li rive vre. » ²² Tout moun t ap bay temwayaj sou li, yo te sezi pou bèl kalite pawòl ki t ap sòti nan bouch li.

T Ap 14,3; 20,32; Mt 13,55

Yo t ap di: « Apa pitit Jozèf la sa? »

²³ Li di yo konsa: « Se sèten nou pral di mwen pwovèb sa a: Doktè geri tèt ou. Tou sa nou tande ki rive Kafanawòm, fè yo isit la tou nan peyi w. » ²⁴ Li kontinye di yo: « Anverite mwen di nou, nanpwen okenn pwofèt yo resevwa byen nan peyi l.

Jn 4,44

²⁵ Anverite mwen di nou, te gen anpil vèv an Izrayèl sou tan Eli, lè syèl la te fèmen pou twa zan edmi epi vin gen yon gwo grangou sou tout tè a.

1 Wa 17,1; Jak 5,17

²⁶ Poutan, yo pa t voye Eli kote okenn ladan yo, men se Sarepta, nan peyi Sidon, kote yon vèv yo te voye l. ²⁷ Epi, nan Izrayèl, sou tan pwofèt Elize, te gen anpil moun ak maladi lalèp, pèsonn pa t geri nan yo, sòf Naraman, Siryen an. »

1 Wa 17,9

2 Wa 5,14

²⁸ Tout moun ki nan sinagòg la t ap toufe ak kòlè lè yo tande sa. ²⁹ Yo leve, yo mete l deyò lavil la. Yo mennen l jis sou yon tèt falèz nan mòn kote vil yo te bati a, pou yo jete l anba. ³⁰ Li menm, li pase nan mitan yo, l al fè wout li.

13,33; Jn 8,59

Jezi Kafanawòm

Li geri yon moun demon kenbe

Mk 1,21-28

³¹ Li desann Kafanawòm, yon vil Galile, li t ap montre yo anpil bagay jou Saba. ³² Yo te sezi pou sa li t ap montre, paske li te pale ak otorite.

Mk 1, 21-28; Mt 4,24; 8,14

Mt 7, 28-29

³³ Nan sinagòg la, te gen yon nèg ki te gen yon lespri demon malpwòp. Li rele byen fò: ³⁴ « Ey, sa nou gen ak ou, Jezi moun Nazarèt? Ou vini pou w disparèt nou? Mwen konnen kilès ou ye: moun Bondye mete apa a. » ³⁵ Men Jezi menase l, li di l: « Pe bouch ou, epi sòti nan li. » Demon an lage l atè nan mitan moun yo, li sòti nan li, san li pa fè l okenn mal. ³⁶ Sezisman anpare tout moun, youn t ap pale ak lòt, yo t ap di: « Men ki pawòl sa a? Se ak otorite, ak fòs, li pase lespri malpwòp yo lòd, epi yo sòti. » ³⁷ Bri kouri sou li tout kote nan zòn bò la.

1,35; Jn 6,69

Jezi geri bèlmè Simon

Mt 8,14-15; Mk 1,29-31

³⁸ Li leve sòti nan sinagòg la, l antre lakay Simon. Bèlmè Simon an te anba yon gwo lafyèv. Yo mande l yon favè pou li. ³⁹ Li panche sou li, li pase lafyèv la lòd, epi lafyèv la kite l. Touswit li leve pou l sèvi yo.

Mt 8, 14-15; Mk 1, 29-31

lekti Pawòl Bondye a. Jezi pran woulo Pwofèt Twazyèm Izayi a (61,1-2) epi li ajoute yon lòt tèks (Izayi 58,6). Jezi mete tèt li nan menm sans avèk pwofèt Ansyen Kontra yo, pou li montre bèl misyon delivrans Bondye ba li a. Li montre kote tout delivrans moun yo chita: nan bay pòv yo premye plas pou yo koute Bòn Nouvèl la; nan ede tout moun jwenn delivrans anba tout sa ki mete yo nan soufrans; nan montre figi Bondye ki vle bay moun yo lavi ak diyite. Sa a se Pwojè Papa Bondye te bay Jezi e se pwojè delivrans sa a li te kite kòm misyon pou Legliz la. Si nou vle konnen si nou se Legliz Jezi tout bon vre, se pou nou evalye tèt nou ak pwojè Jezi jan li te montre nou an. Eske n ap akonpli l jounen jodi a nan mitan sosyete a?

4,31 : *Li desann Kafanawòm, yon vil Galile, li t ap montre yo anpil bagay jou Saba. Yo te sezi pou sa li t ap montre, paske li te pale ak otorite. Kafanawòm se lavil kote Pyè te rete. Se lakay li Jezi te fè ladesant. Lavil sa a ap tounen tankou yon sant pou aktivite misyonè Jezi a. Li pale ak otorite. Li pa repete pakè sa lòt moun te montre, jan pwofesè Lalwa yo te konn fè a.*

4,38-39 : *Jezi sòti kite sinagòg la epi li antre lakay Simon. Se nan vèsè sa yo Lik nonmen non Simon pou premye fwa. Menm si se te jou Saba a, yo mande l pou l geri bèlmè Simon an. Sa vle di yo kòmanse mande kesyon sou bagay Lalwa yo.*

Jezi geri anpil moun

Mt 8,16-17; Mk 1,32-34

^{T Ap 10,38; 19,12} ⁴⁰ Lè solèy te fin kouche, tout moun ki te gen moun malad ak tout kalite maladi, mennen yo ba li. Li menm, li poze men l sou yo chak, li geri yo.

^{Mk 1,34; 3,11; Mt 12,16} ⁴¹ Demon sòti nan anpil moun, yo t ap rele, yo t ap di: «Ou se Pitit Bondye!» Li menase yo, li pa kite yo pale, paske yo te konnen li se Kris la.

Jezi kite Kafanawòm l ale Jide

Mk 1,35-39

^{Mk 1, 35-39} ⁴² Kou li fè jou, li sòti al yon kote ki pa gen moun. Foul la ki t ap chèche l, rive jis kote li te ye a. Yo te vle kenbe l pou li pa pati kite yo ankò. ⁴³ Men li di yo: «Fòk m al bay Bon Nouvèl Peyi kote Bondye Wa a nan lòt vil tou, paske se pou sa yo voye mwen.» ⁴⁴ Li t ap preche nan sinagòg Jide yo.

Jezi rele premye patizan l yo

Mt 4,18-22; Mk 1,16-20

^{Mt 4,18; Mk 1,16; 4,1} **5** ¹ Twouve, antan pèp la t ap vide sou li pou koute pawòl Bondye a, li menm li te kanpe bò letan Jenezarèt la. ² Li wè de kannòt bò letan an. Pechè yo te desann atè, yo t ap lave senn yo. ³ Li monte nan youn nan kannòt yo, sa ki te pou Simon an. Li mande l pou li vanse yon ti kras nan dlo a. Antan li chita nan kannòt la, li t ap montre foul la anpil bagay.

^{Jn 21, 1-6} ⁴ Lè li fin pale, li di Simon: «Al kote ki fon nan dlo a, epi lage senn nou yo, pou nou kenbe pwason.» ⁵ Simon reponn li: «Mèt, nou redi tout lannwit lan, nou pa jwenn anyen, men paske se ou ki di, mwen pral lage senn yo.» ⁶ Fè yo

fè sa, yo pran yon kantite pwason. Senn yo t ap chire. ⁷ Yo fè asosye yo ki te nan lòt kannòt la siy pou yo vin ede yo. Yo vini, yo plen toulède kannòt yo, jistan yo te prèt pou koule.

⁸ Lè Simon Pyè wè sa, li lage kò l nan pye Jezi, li di konsa: «Granmèt, wete kò w kote m, mwen se yon pechè.» ⁹ Sezisman te anvayi ni li, ni tout lòt sa ki te avè l yo, pou valè pwason yo te kenbe. ¹⁰ Se te menm jan tou, pou Jak ak Jan, pitit Zebede yo, ki te asosye Simon. Epi Jezi di Simon: «Ou pa bezwen pè, alèkile se moun ou pral peche.» ¹¹ Lèfini, yo rale kannòt yo atè, yo kite tout bagay pou yo swiv li.

Gerizon yon moun ki gen lalèp

Mt 8,1-4; Mk 1,40-45

¹² Antan li te nan youn nan vil yo, yon nèg ki te kouvri ak lalèp vin parèt. Wè li wè Jezi, li tonbe fas atè, li lapriyè l, li di l konsa: «Granmèt, si w vle, ou kapab geri mwen.» ¹³ Li lonje men l, li touche l, li di: «Mwen vle, se pou w geri.» Menm moman an, lalèp la disparèt sòti sou li. ¹⁴ Li pase l lòd pou li pa di pèsonn sa, men li di l: «Al fè prèt la wè w, epi pote yon ofrann poutèt geri ou geri a, jan Moyiz mande sa, se va yon prèv pou yo.»

¹⁵ Men nouvèl la vin gaye pipilis toujou. Anpil foul t ap sanble pou yo koute l, epi pou li geri yo anba maladi yo. ¹⁶ Li menm, li wete kò l, l ale yon kote ki pa gen moun pou li lapriyè.

Gerizon yon moun ki paralize

Mt 9,1-8; Mk 2,1-12

¹⁷ Yon jou li t ap montre anpil bagay,

nan sosyete a, lè prèt yo fin egzaminen l (Levitik 13,45. Al gade komantè nan levanjil Mak 1,40).

5,16: *Li menm, li wete kò l, l ale yon kote ki pa gen moun pou li lapriyè.* Lik montre jan Jezi renmen lapriyè. Chak fwa Jezi fè yon bagay pou Peyi kote Bondye Wa a boujonnen sou tè a, gen lè li lapriyè pou sa li pral fè a kapab dakò ak volonte Bondye, gen lòt lè li lapriyè nan pye Bondye pou li konnen si sa li te fè a li dakò ak volonte Papa a.

4,40-41: *Lè solèy te fin kouche.* Pou Jwif yo, depi solèy la te fin kouche, jou a te fini. Sa vle di Jwif yo t ap tann jou repo a fini (Lik 4,31) pou yo pote malad yo bay Jezi.

5,12-15: *Antan li te nan youn nan vil yo, yon nèg ki te kouvri ak lalèp vin parèt.* Nan peyi Izrayèl, yo te mete moun ki gen maladi lalèp yo sou kote nan sosyete a. Menm Lalwa egzije pou yo mete moun ki gen maladi lalèp yon kote apa. Si moun nan ta jwenn gerizon, yo rale l vini ankò

Mk 4,41; Mt 13,47

14,33; 18,22

Mt 8, 1-4; Mk 1, 40-45

Lev 14, 2-32

6,12; 9,18; 10,21; 11,1

Mt 9, 1-8; Mk 2, 1-12; Lk 6,19; 8,46; T Ap 10,38

Farizyen ak pwofesè Lalwa yo ki te sòti nan dènnye bouk Galile, Jide, ak Jerizalèm, te chita la. Pouvwa Granmèt la t ap fè l geri moun. ¹⁸Men kèk mesye t ap pote yon nèg sou yon kabann. Li te paralize. Yo t ap chèche antre l pou yo depoze l devan l. ¹⁹Kòm yo pa t jwenn fason pou yo antre l, akòz foul la, yo monte l sou do kay la, epi nan yon twou yo fè nan brik la, yo file l desann ak tout kabann li nan mitan moun yo devan Jezi. ²⁰Lè Jezi wè lafwa yo, li di: «Monchè peche w yo padonnen.»

²¹Pwofesè Lalwa ak Farizyen yo te pran kalkile, yo t ap di: «Kilès sila a ye pou l ap manke Bondye dega konsa nan pawòl li yo? Kilès ki gen pouvwa padonnen peche si se pa Bondye sèl?» ²²Kòm Jezi te konnen ki kalkil yo t ap fè, li reponn, li di yo: «Ki mòd kalkil n ap fè nan kè nou konsa?» ²³Sa ki pi fasil pou di 'Peche w yo padonnen', oubyen 'Leve mache'? ²⁴Men pou nou kapab konnen Pitit moun nan gen pouvwa sou tè a pou li padonnen peche,» li di moun ki paralize a: «Mwen di w leve, pran kabann ou, al lakay ou.» ²⁵Menm moman an li leve devan yo, li pran sa li te kouche sou li a, l al lakay li, antan li t ap bay Bondye glwa.

^{7,16; 13,13} ²⁶Yon sezisman pran yo tout. Yo t ap bay Bondye glwa. Se ak anpil krentif yo t ap di: «Ala bèl mèveyè nou wè jodi a!»

Jezi rele Levi

Mt 9,9; Mk 2,13-14

^{Mt 9, 9-12; Mk 2, 13-17} ²⁷Aprè sa li sòti, li wè yon pibliken, yo rele Levi, ki te chita nan biwo kon-

tribisyon an. Li di l: «Swiv mwen.» ²⁸Li kite tout bagay, li leve, li swiv li.

Jezi manje ak pechè yo lakay Levi

Mt 9,10-12; Mk 2,15-17

²⁹Answit Levi fè yon gwo resepsyon pou li lakay li. Yon pakèt pibliken ak anpil lòt moun te atab ak yo. ³⁰Men Farizyen ak pwofesè Lalwa yo t ap bougonnen bay patizan l yo, yo t ap di: «Poukisa n ap manje, bwè, ak pibliken epi ak moun ki nan peche yo?» ³¹Jezi reponn, li di yo: «Se pa moun ki ansante ki bezwen doktè, men moun ki malad. ³²Mwen pa vin rele moun ki kòrèk, men moun ki nan peche, pou yo chanje kè yo.»

Diskisyon sou zafè fè jèn lan

Mt 9,14-17; Mk 2,18-22

³³Yo di l konsa: «Patizan Jan yo fè jèn souvan, epi yo lapriyè. Ni patizan Farizyen yo tou. Men patizan pa w yo, y ap manje, y ap bwè.» ³⁴Jezi di yo konsa: «Èske moun yo envite nan nòs kapab fè jèn antan mesye marye a la ak yo?» ³⁵Gen jou k ap rive yo va wete mesye marye a nan men yo, lè sa a yo va fè jèn.»

³⁶Epi li di yo parabòl sa a: «Pèsonn pa chire yon moso nan yon rad nèf, pou li pyese yon vye rad. Si li fè sa, l ap chire rad nèf la, lèfini moso ki sòti nan rad nèf la, p ap ale ak vye rad la. ³⁷Ni pèsonn p ap vide diven ki fèk fèt nan vye veso po, si li fè sa, diven ki fèk fèt la ap chire veso yo. Li menm menm l ap koule, epi veso yo ap pèdi tou. ³⁸Men diven ki fèk fèt, se nan veso nèf yo vide l. ³⁹Pèsonn, si l ap bwè yon

5,27-28: Aprè sa li sòti, li wè yon pibliken yo rele Levi, ki te chita nan biwo kontribisyon an. Li di l: «Swiv mwen.» Pèseptè kontribisyon, yo rele yo Pibliken, yo te wè yo mal nan mitan pèp Izrayèl la. Yo te fè lajan taks yo antre nan pòch Women yo, epi yo te pwofite pou yo vòlè tou. Tou sa pa t fè pèp la plezi ditou. Yo di pèseptè kontribisyon yo trayi pèp la, e yo trayi Bondye tou. Jezi kraze tout baryè sosyal ki separe moun yo di ki bon ak moun yo di ki pa bon, moun yo di ki pwòp ak moun yo di ki pa

pwòp. Pou li menm, tout moun se moun, e tout moun merite yon chans nan Peyi kote Bondye Wa a.

5,33-39: «Patizan Jan yo fè jèn souvan, epi yo lapriyè, ni patizan Farizyen yo tou, men patizan pa w yo, y ap manje, y ap bwè.» Rete san manje te makfabrik epòk kote moun yo t ap tann Sovè a. Men epòk rete tann nan fini nèt. Kounye a se jou fèt maryaj la, sa vle di, jou pou Bondye fè yon kontra tounèf ak moun.

diven ki la lontan, pa vle bwè diven ki fèk fèt. L ap di: Sa ki la lontan an pi bon.»

Patizan yo rache zepi ble

Mt 12,1-8; Mk 2,23-28

6¹Yon jou saba, li t ap travèse yon jaden ble. Patizan l yo t ap kase kèk zepi, epi yo t ap fwote yo ak men yo pou yo manje yo. ²Kèk Farizyen di yo: «Poukisa n ap fè sa nou pa gen dwa fè jou saba?» ³Jezi reponn, li di yo konsa: «Nou pa li sa David te fè lè li te grangou, ni li ni moun ki te ansanm ak li yo? ⁴Kijan li antre nan kay Bondye, li pran pen yo te ofri bay Bondye, li manje, lèfini li bay moun ki te ak li yo. Pen sa yo pèsonn pa t gen dwa manje yo, sòf prèt yo.» ⁵Epi li di yo: «Pitit moun nan se mèt saba a.»

Mt 12, 1-8; Mk 2, 23-28

5,30

1Sam 21,2-7; Lev 24, 5-9

Gerizon yon moun ki gen men chèch

Mt 12,9-14; Mk 3,1-6

⁶Twouve yon lòt jou saba, li te antre nan sinagòg la, li t ap montre anpil bagay. Gen yon nèg ki te la ak men dwat li chèch. ⁷Pwofesè Lalwa ak Farizyen yo t ap veye l pou yo wè si li t ap geri moun jou saba, dekwa pou yo jwenn okazyon akize l. ⁸Men li menm li te konnen ki sa yo t ap kalkile, li di nèg ki te gen men chèch la: «Leve kanpe la nan mitan.» Li leve kanpe. ⁹Jezi di yo konsa: «Mwen mande nou si jou saba yo gen dwa fè byen oswa fè mal, sove lavi yon moun oswa kite l mouri?» ¹⁰Li pwonmennen je l sou yo tout, li di nèg

Mt 12, 9-14; Mk 3, 1-6; Lk 13, 10-17; 14,1-6

1Mkb 2,41

la: «Lonje men w.» Fè li fè sa, men li tounen tankou anvan. ¹¹Yo menm, yo te an kòlè nèt, yo t ap diskite youn ak lòt, pou yo wè sa pou yo fè Jezi.

Jezi chwazi douz Apot yo

Mt 10,1-4; Mk 3,13-19

¹²Twouve nan jou sa yo, Jezi te sòti al lapriyè nan mòn nan. Li pase tout nwit la ap lapriyè Bondye. ¹³Lè li te fin jou, li rele patizan l yo, li chwazi douz ladan yo, li rele yo Apot. ¹⁴Se te Simon, sila a yo rele Pyè a, Andre, frè li a, Jak, Jan, Filip, Batèlmi, ¹⁵Matye, Toma, Jak, pitit Alfe a, Simon, sila a yo rele zelòt la, ¹⁶Jida, pitit Jak la, ak Jida Iskaryot, sila a ki te tounen trèt la.

Mt 10, 1-4; Mk 3, 13-19; Mt 5,1; Mk 6,7

Jn 15,16; 17,9

T Ap 1,13; Jen 17,5

Jn 13,18

Anpil moun ap mache dèyè Jezi

Mt 4,24-25; Mk 3,7-12

¹⁷Li desann ak yo, li rete nan yon platon. Yon bon valè nan patizan l yo te la tou, ansanm ak yon foul moun ki te sòti nan tout Jide, Jerizalèm ak nan zòn bò lanmè Ti ak Sidon. ¹⁸Yo te vini pou yo koute l, ak pou li geri yo anba maladi yo. Sa move lespri yo t ap toumante te geri. ¹⁹Tout foul la t ap chèche touche l, paske gen yon fòs ki t ap sòti nan li ki te geri tout moun.

Mt 4, 24-25; Mk 3, 7-12; 3,7; 6,54

Mk 1,39

5,17; 8,46

Gwo chans lavi a

Mt 5,1-12

²⁰Li menm li leve je l sou patizan l yo, li di yo:

«Ala chans pou nou ki pòv, paske Peyi kote Bondye Wa a se pou nou;

Mt 5, 1,3; Sòm 1,1; 32,1; 33,12; 84,5

6,1 : *Yon jou saba.* Mo **saba** a vle di repo. Nan yon premye tan jou Saba a te gen yon sans plis sosyal pase relijye. Bondye pa t mande pou yo konsakre yon jou nan semèn nan pou yo fè sèvis relijye, men pou tout moun pran repo (Egzòd 20,10). Konsa devan Bondye epi nan kominote a moun ki travay kapab bay kò l ak lespri l repo. Se apre sa jou Saba a vin pran yon sans ki pi relijye, li tounen jou moun yo mete apa pou Bondye. Pran repo epi bay lwanj Bondye se de bagay tout moun bezwen.

6,6-11 : *Rive yon lòt jou saba ...* Jezi te kapab di nèg la: «Jounen jodi a se jou Saba, tounen demen, m ap geri w.» Men li pito kanpe devan

Farizyen yo, paske Levanjil vle di liberasyon. Yon moun libere lè li rekonèt pa gen anyen, menm yon Lalwa relijye, ki kapab anpeche moun rive gen lavi.

6,12-16 : *Lè li te fin jou, li rele patizan l yo, li chwazi douz ladan yo.* Se yo ki pral fòme nannan Pèp Bondye tounèf la. Mo 'Apot' la vle di moun Jezi voye nan misyon. Youn ladan yo, Simon, te manm nan mouvman popilè zelòt la ki te chofe anpil pou mete Women yo deyò nan peyi a.

6,20-23 : *Gade diferans ant Matye ak Lik.* Matye plis wè kondisyon espiyèl moun pòv la. Lik menm plis wè kondisyon sosyal ak ekonomik li.

Mt 5, 6,5; Iz 25,6; 49,10
 21 Ala chans pou nou ki grangou kounye a, paske vant nou va plen; ala chans pou nou k ap kriye kounye a, paske nou va ri;

Mt 5, 11-12; Lk 11,49; 13,34
 22 Ala chans pou nou lè moun va rayi nou, lè yo p ap mele ak nou, lè yo va joure nou, lè yo va voye nou jete tankou malveyan, poutèt Pitit moun nan.

23 Se pou nou kontan jou sa a, se pou nou danse : reyèlman vre, se yon chay rekonpans nou va jwenn nan syèl la. Se konsa zansèt yo te aji ak pwofèt yo.

Madichon yo

10,13; 11,42
 24 Men, malè pou nou menm ki rich, paske nou deja fin konsole;

Iz 65,13
 25 Malè pou nou menm ki gen vant nou plen kounye a, paske nou va grangou;

Malè pou nou menm k ap ri kounye a, paske nou va gen lapenn, nou va kriye.

26 Malè pou nou lè tout moun ap pale byen sou nou: reyèlman vre, se konsa zansèt yo te aji ak fo pwofèt yo.

Renmen lènmi nou yo

Mt 5,38-48; 7,12^a.

Mt 5,44
 27 Men nou menm k ap koute m yo, mwen di nou renmen lènmi nou yo, fè byen pou moun ki rayi nou yo. 28 Beni moun ki madichonnen nou yo, lapriyè pou moun ki maltrete nou yo. 29 Si yon moun frape w sou yon bò figi w, lonje lòt bò a ba li tou. Si yon moun pran vès ou, pa enpoze l pran chemiz ou tou. 30 Bay tout moun ki mande w. Si yon moun pran afè w, pa mande l renmèt. 31 Jan nou vle moun fè pou nou, se konsa pou nou fè pou yo. 32 Si nou

Mt 5, 39-40
 33 Si nou fè byen ak moun ki fè nou byen, ki favè nou va jwenn? Reyèlman vre, ata moun ki nan peche renmen moun ki renmen yo. 34 Si se moun nou espere nou va jwenn nan men yo, nou prete, ki favè nou va jwenn, paske moun ki nan peche prete moun parèy yo, pou yo jwenn menm bagay. 35 Okontrè, renmen lènmi nou yo. Fè byen. Prete san nou pa espere anyen, nou va jwenn gwo rekonpans, epi nou va pitit Sila a ki anwo nèt la, paske li gen bon kè ni ak moun ki engra, ni ak moun ki mechan.

renmen moun ki renmen nou, ki favè nou va jwenn? Reyèlman vre, ata moun ki nan peche renmen moun ki renmen yo. 33 Si nou fè byen ak moun ki fè nou byen, ki favè nou va jwenn? Reyèlman vre, ata moun ki nan peche fè sa tou. 34 Si se moun nou espere nou va jwenn nan men yo, nou prete, ki favè nou va jwenn, paske moun ki nan peche prete moun parèy yo, pou yo jwenn menm bagay. 35 Okontrè, renmen lènmi nou yo. Fè byen. Prete san nou pa espere anyen, nou va jwenn gwo rekonpans, epi nou va pitit Sila a ki anwo nèt la, paske li gen bon kè ni ak moun ki engra, ni ak moun ki mechan.

Kè sansib ak lacharite

Mt 7,1-2; Mk 4,24

36 Se pou nou gen kè sansib menm jan Papa nou an gen kè sansib. 37 Pa jije, yo p ap jije nou. Pa kondane, yo p ap kondane nou. Padonnen, yo va padonnen nou. 38 Bay, yo va ban nou tou. Se yon bon mezi byen foule, byen souke, k ap debòde, yo va vide nan pòch rad nou. Se ak mezi nou mezire y ap mezire pou nou tou. »

Kondisyon pou w ede lòt

Mt 10,24-25; 15,14; Jn 13,16; 15,20

39 Li di yo yon parabòl: «Èske yon avèg kapab kondi yon avèg? Apa nan twou toulède tonbe? 40 Elèv pa piplis pase pwofesè a. Men yon elèv ki fin aprann nèt, va tankou pwofesè l. 41 Poukisa w ap gade ti pay ki nan je frè w la, epi ou pa menm wè gwo bout bwa ki nan je pa w la? 42 Kijan w kapab di

Mt 5,45; Lk 14,12; 34,12; Dtw 4,31; Ekltk 4,10

34,6-7; Mt 5,48
 Mt 7,1; 10,24; Wm 14,10

Mt 7,2; Mk 4,24; Lk 19,26; Mt 25,29; Rit 3,15

Mt 15,14; Lk 8,16

Mt 10, 24-25; Jn 13,16; 15,20

Mt 7, 3-5

6,24-26: Men, malè pou nou menm ki rich, paske nou deja fin konsole... Apre kat benediksyon Lik mete kat madichon pou moun ki fè moun pòv yo, ak sa ki pi piti yo, pase mizè. Si yo pa kite avantaj yo, si yo pa aksepte tounen vin frè ak sè lòt yo, yo p ap kapab antre nan Peyi Kote Bondye Wa a. Nan mitan patizan Jezi yo te gen tout kalite moun pòv: gen sa ki pa gen anyen pou viv, gen sa yo mete sou kote, gen sa ki santi yo bandonnen yo, gen moun pòv yo meprize akòz travay yo te fè, gen etranje ki pòv

paske Jwif yo pa t vle wè yo. Men se chans pou moun pòv yo paske Bondye pran ka yo. Se sa ki nannan Bon Nouvèl la. Bondye bay moun pòv yo chans pou yo jwenn diyite yo, nan chèche yon sosyete tounèf pou tout moun. Bondye beni moun pòv yo, men li pa beni lamizè. Lè Bondye chwazi moun pòv yo ak sa y ap toupizi yo, sa pa vle di yo pi bon pase lòt yo, men, nan kè sansib li, Bondye montre li gen plis pitye pou moun pòv yo, e li pote lespwa ak liberasyon total kote moun fin pèdi lespwa nèt.

frè w: 'Frè m, kite m wete pay ki nan je w la,' men ou menm gwo bout bwa ki nan je w la ou pa wè l? Ipokrit, wete bout bwa ki nan je w la anvan, lèfini ou va wè klè pou ou wete ti pay ki nan je frè w la.

Bon pyebwa bay bon fwi

Mt 7,16-18; 12,33-35

^{Mt 12, 33-35} ^{Mt 7, 16-18} ⁴³Reyèlman vre, bon pyebwa pa bay move fwi, ni tou move pyebwa pa bay bon fwi. ⁴⁴Yo rekonèt chak pyebwa dapre fwi li bay yo. Yo pa keyi fig frans nan pye pikan, ni yo pa rekòlte rezen nan touf raje. ⁴⁵Yon moun ki bon rale sa ki bon sòti nan bon trezò ki nan kè l. Yon move moun rale mechanste sòti nan mechanste l. Reyèlman vre, bouch li pale dapre sa k ap debòde sòti nan kè l.

Nesesite fè kichòy

Mt 7,21-24-27

^{Mt 7,21} ^{Mt 7, 24-27} ⁴⁶Poukisa n ap rele mwen 'Granmèt, Granmèt', epi nou pa fè sa mwen di? ⁴⁷Nenpòt moun ki vin jwenn mwen, ki koute pawòl mwen yo, epi ki fè sa pawòl yo di, mwen pral montre nou ak kilès li sanble. ⁴⁸Li sanble ak yon moun k ap monte yon kay, li fouye byen fon, li poze fondasyon an sou wòch. Lavalas rive, dlo bat kay sa a, men li pa kapab souke li, poutèt kay la byen monte. ⁴⁹Men moun ki koute pawòl yo san li pa fè sa yo di, sanble ak yon moun ki monte kay sou tè san fondasyon. Kou dlo bat li, li tonbe, se pa ti dega ki fèt nan kay sa a.»

6,43-45: Nou konn di 'Joumou pa donner kalbas', menm jan nou konnen yon pyebwa dapre fwi li donner yo, konsa nou konnen jan yon moun ye dapre sa li fè. Moun konn pale bèl pawòl, men sa yo fè pa sanble ak sa yo di.

6,46-49: Jezi bezwen moun ki mete Pawòl Bondye a an pratik. Moun ki fè sa, bati ni lavi l, ni kominote l sou bon fondasyon. Konsa l ap kenbe fèm nan pwoblèm chak jou yo, epi menm nan pèsèkisyen k ap tonbe sou li. Fè sa Pawòl la di, se mete bon fondasyon pou bati lavi nou.

7,1-10: Yon santiryon te gen yon sèvitè ki te

Gerizon sèvitè yon santiryon

Mt 8,5-13; Jn 4,43-54

7 ^{Mt 8,5-10,13; Jn 4, 46-54; Mt 7,28} ¹Lè li fin pale tout pawòl sa yo ak pèp la, li antre Kafanawòm. ²Yon santiryon te gen yon sèvitè ki te malad anpil, ki te prèt pou mouri. Se yon sèvitè li te sansib pou li. ³Lè li tandè pale de Jezi, li voye kèk Ansyen pami Jwif yo kote l, pou yo mande l vin sove sèvitè li a. ^{T Ap 10,28}

⁴Y al kote Jezi, yo cho nan kò l, yo plede lapriye l, yo di l: «Li merite w fè sa pou li. ⁵Li renmen pèp nou an tout-bon vre, epi se li menm ki bati sinagòg la pou nou.» ⁶Jezi menm ta prale an-sanm ak yo. Lè li te yon distans ki pa t lwen ak kay la ankò, santiryon an voye kèk zanmi di l: «Granmèt, pa deranje w, mwen pa merite ou antre lakay mwen. ⁷Se pou sa mwen panse mwen pa t merite ale kote w mwen menm, men annik di yon pawòl, sèvitè mwen an va geri. ⁸Mwen menm, mwen se yon moun ki sou zòd lòt, men mwen gen sòlda sou zòd mwen tou. Mwen di sa a: 'Ale', l ale. Mwen di yon lòt: 'Vini', li vini. Mwen di sèvitè mwen an: 'Fè sa a, li fè l.'» ⁹Lè Jezi tandè sa, li vin konsidere l anpil. Epi li vire kote foul ki t ap swiv li a, li di: «Mwen di nou sa, pa menm nan Izrayèl mwen pa jwenn kalite lafwa sa a.» ¹⁰Lè moun yo te voye yo retounen nan kay la, yo jwenn sèvitè a geri. ^{T Ap 10,2}

Gerizon pitit gason vèv Nayin nan

¹¹Vwala, apre sa, Jezi ale nan yon vil yo rele Nayin. Patizan l yo ak yon gwo foul moun t ap mache avè l. ¹²Lè li rive ^{8,42; 9,38}

malad anpil, ki te prèt pou mouri. Santiryon se yon kaptenn women ki genyen 100 moun anba zòd li. Kaptenn lame women sa a te yon moun ki gen krentif pou Bondye. Li te renmen relijyon Jwif yo, menm si li pa fè tou sa Lalwa Moyiz la mande. Li te fè bati sinagòg la pou Jwif yo. Jezi sezi lè l wè kalite lafwa nèg etranje sa a genyen. Li ta renmen jwenn kalite lafwa sa a nan mitan pèp li a.

7,11-17: Lè l rive toupre pòtay vil la, vwala yo t ap pote yon mò. Pou Jwif yo lanmò sèl grenn pitit manman vèv la, se yon chatiman Bondye pou peche li te fè. Jezi gen kè sansib devan ka

toupre pòtay vil la, vwala yo t ap pote yon mò. Se te sèl grenn pitit gason manman l. Manman an menm te vè. Te gen yon bann moun lavil la avè l. ¹³Lè Granmèt la wè l, kè l fè l mal pou li, epi li di l: «Pa kriye.» ¹⁴Li pwoche, li touche sèkèy la. Moun ki t ap pote l yo kanpe. Li di: «Jennòm mwen di w leve.» ¹⁵Mò a leve chita, li pran pale. Jezi renmèt li bay manman l. ¹⁶Sezisman anpare tout moun. Yo t ap bay Bondye glwa, yo t ap di: «Se yon gran pwofèt ki leve nan mitan nou. Se Bondye ki vin vizite pèp li a.» ¹⁷Pawòl sa a, yo t ap di sou li a, gaye nan tout Jide, ak tout kote ozalantou.

Janbatis mande kesyon epi

Jezi rann li temwayaj

Mt 11,2-15

¹⁸Patizan Jan yo te al rakonte l tout bagay sa yo. Jan rele de nan patizan l yo. ¹⁹Li voye yo di Granmèt la konsa: «Èske w se sila ki dwe vini an, oubyen èske se yon lòt pou nou tann?» ²⁰Nèg yo al kote Jezi, yo di l: «Janbatis voye nou kote w, li di: Èske se ou menm sila a ki dwe vini an, oubyen èske se yon lòt pou nou tann?» ²¹Menm lè sa a, Jezi t ap geri anpil moun anba maladi, anba maleng ak move lespri. Li fè anpil avèg favè wè. ²²Li reponn, li di yo konsa: «Al di Jan sa nou wè, ak sa nou tande: Avèg wè, moun ki bwete mache, moun ki gen lalèp geri, sa ki soud tande, moun mouri leve, pòv yo

¹Wa
17,23

Jen
21,1;
3,16;
Lk 1,
68.76

Sòm
118,26;
Jn 6,14;
11,27

Iz
29,18;
35,5;
61,1

tande Bon Nouvèl la. ²³Ala chans pou moun ki pa bite akòz mwen.»

²⁴Lè mesaje Jan yo fin ale, li pran pale ak foul la sou Jan: «Sa nou t al gade nan dezè a? Yon wozo van ap souke? ²⁵Men sa nou t al wè? Yon moun ki abiye ak bèl rad swa? Ala, moun ki nan mete bèl rad epi ki nan jwisans, se nan palè wa yo rete. ²⁶Men sa nou t al wè non? Yon pwofèt? Wi, mwen di nou, plis pase yon pwofèt. ²⁷Se sou li yo ekri

*Men m ap voye mesaje mwen an devan w
Se li k ap pare wout ou a devan w.*

²⁸Mwen asire nou, pami tout moun fi anfante, nanpwen pi gran pase Janbatis. Men pi piti nan Peyi kote Bondye Wa a pi gran pase l.»

Mt 21,31-32

²⁹Tout pèp ki t ap koute l yo, an-sanm ak piblikan yo, te rekonèt se Bondye ki gen rezon nan resevwa yo resevwa batèm Jan an. ³⁰Men Farizyen ak moun Lalwa yo, batize yo pa batize nan men li an, se meprize yo meprize sa Bondye te vle pou yo a.

Jezi jije moun jenerasyon l yo

Mt 11,16-19

³¹Avèk kisa pou mwen konpare ras moun alèkile yo? Ak kisa yo sanble? ³²Yo sanble ak timoun ki chita sou laplas, youn ap rele lòt, y ap di: «Nou

7,35

16,16

1,15

3,1-6;
Jn 1,23;
Mal 3,1

Mt
21,32

T Ap
2,23

madanm sa a. Jezi pa fè sa Lalwa di pou yon moun pa touche ni mò a ni sèkèy la. Kè sansib li al pi lwen pase sa Lalwa kòmande l. Aktivite delivrans Jezi te fè a, montre Bondye vin vizite pèp li a, epi li vin delivre l, menm jan li te fè nan Egzòd la.

7,18-23: *Patizan Jan yo te al rakonte l tout bagay sa yo. Janbatis te nan prizon, epi patizan l yo t al bay nouvèl sou tout sa ki pase nan mitan pèp la. Janbatis te gen tan anonse yon Sovè ki pral fè jijman Bondye a tonbe sou pèp la. Men Jezi pa jije moun. Okontrè, li devlope gwo aktivite delivrans ak paçon. Poutèt sa, Janbatis poze tèt li anpil kesyon: Èske Jezi se Sovè yo t ap tann nan? Si Jezi di wi, y ap mande l: «Poukisa w pa fè sa n ap tann pou w fè a? Tankou reyini yon*

gwo lame popilè pou nou mete Women yo deyò, epi rasanble pèp la nan yon gouvènman nasyonalis ki mete tout lòt nasyon anba pye nou? Poukisa w pa mete lòd nan Tanp lan, epi ranplase Prèt anchèf ki pa okipe pèp la?» Konsa li voye patizan l yo al mande Jezi kesyon. Jezi pa reponn patizan Janbatis yo ak pawòl, men ak aktivite li t ap fè. Jezi t ap delivre moun ki anba tout kalite mal ki anpeche yo viv kòm moun. Jezi pa sòti pou li chanje chapant sosyete Jwif la, men pou li bati Peyi kote Bondye Wa a.

7,31-35: *Yo sanble ak timoun ki chita sou laplas... Parabòl timoun ki chita sou laplas la vle montre jan moun yo chèche eskiz pou yo pa obeyi Bondye. Otorite relijye ki nan tan Jezi yo aji tankou timoun: yo akize Janbatis, yo di l*

jwe flit pou nou, men nou pa danse, nou chante chante tris pou nou, men nou pa kriye.

Jn 7,20 ³³ Se konsa, Janbatis vini, li pa manje pen, li pa bwè diven, epi nou di se demon li genyen. ³⁴ Pitit moun nan vini, li manje, li bwè, epi nou di: 'Ala nèg saf ! Ala yon tafyatè ! Se zanmi pibliken ak moun ki nan peche.' ³⁵ Men tout moun ki pitit Bon konprann bay Bon konprann lan rezon. »

Jezi padonnen yon fi ki nan peche

Mt 26, 6-13; Lk 11,37; 14,1
Mk 14,3; Jn 12,3
Jn 4, 18-19
³⁶ Yon Farizyen te mande l vin manje avè l. Li antre lakay Farizyen an, li mete l atab. ³⁷ Vwala te gen yon madanm ki te yon pechè nan vil la. Lè li vin konnen li te atab lakay Farizyen an, li pote yon boutèy losyon. ³⁸ Li kanpe pa dèyè bò pye li, l ap kriye. Li pran wouze pye l ak dlo nan je l. Epi li t ap souye yo ak cheve nan tèt li. Lè fini, li bo pye l, li pase losyon an sou yo.

³⁹ Lè Farizyen ki te envite li a wè sa, li di nan kè l: « Si nèg sa a te yon pwofèt li ta konnen kilès, ak ki kalite moun, madanm k ap touche li a ye, se yon pechè. » ⁴⁰ Jezi reponn, li di l: « Simon, mwen gen yon bagay pou m di w. » Li di: « Ou mèt di l, Mèt. » ⁴¹ « Yon nèg ki te konn prete lajan, te gen de moun ki dwè l. Youn te dwè l senk san denye, lòt la menm senkant. ⁴² Kòm yo pa t gen dekwa pou yo renmèt, li fè pa toulède. Kilès ladan yo ki va renmen l piplis ? » ⁴³ Simon reponn, li di: « Mwen sipoze se sa li fè kado piplis la. » Jezi di l: « Ou byen jijje. »

fou paske li pa manje, li pa bwè. Yo di l sevè anpil anpil. Yo akize Jezi tou paske li manje ak bwè tankou nenpòt moun nan pèp la. Men pèp la ak pèsèptè kontribisyon yo (yo rele yo pibliken yo) aji ak bon konprann, paske yo akeyi mesaj Janbatis la, epi kounye a yo akeyi Bon Nouvèl Jezi pote ba yo a. Yo rekonèt Bondye ki gen kè sansib, ba yo yon lòt chans pou yo vin jwenn li.

7,40-50: Yon nèg ki te konn prete lajan, te gen de moun ki dwè l. Parabòl sa a se youn nan parabòl ki pale sou Peyi kote Bondye Wa a kòm

⁴⁴ Epi li vire kote madanm lan, li di Simon: « Ou wè madanm sa a, mwen antre lakay ou, ou pa t ban mwen dlo pou pye mwen, men li menm li wouze pye m ak dlo nan je l, lèfini li souye yo ak cheve l. ⁴⁵ Ou pa t bo mwen, men li menm depi l antre, l ap plede bo pye m san rete. ⁴⁶ Ou pa pase lwil sou tèt mwen, men li menm se losyon li pase sou pye m. ⁴⁷ Se poutèt sa mwen di w, peche li yo mèt anpil, men yo fin padonnen, paske se pa ti renmen li renmen. Moun yo renmèt yon ti kras, renmen tou piti. » ⁴⁸ Li di madanm lan: « Peche w yo fin padonnen. » ⁴⁹ Men moun ki te atab ansanm ak li yo te kòmanse ap di nan yo menm: « Kilès nèg sa a ye pou ata padonnen li padonnen peche? » ⁵⁰ Jezi di madanm lan: « Se lafwa w ki sove w, ou mèt ale ak kè poze. »

Medam ki ak Jezi yo

Mt 4,23; 9,35; Mk 1,39; Lk 4,43-44

8 ¹ Apre sa, li t ap vwayaje nan tout vil, ak nan tout bouk, li t ap preche, li t ap bay Bon Nouvèl Peyi kote Bondye Wa a. Douz yo te ansanm ak li, ² ak kèk medam li te geri anba move lespri ak maladi. Se te Mari, moun Magdala, ki te gen sèt demon sòti nan kò l, ³ Jàn, madanm Chouza ki te minis Ewòd, Sizàn ak anpil lòt, ki t ap okipe yo ak pwòp byen pa yo.

Parabòl moun k ap simen an

Mt 13,1-9; Mk 4,1-9

⁴ Anpil moun te sanble. Yo te sòti nan tout vil pou y al jwenn li. Li di an-

yon kado Bondye ba nou gratis. Li pa sove moun paske yo bon, men paske li renmen yo anpil.

8,1-3: Apre sa, li t ap vwayaje nan tout vil, ak nan tout bouk, li t ap preche, li t ap bay Bon Nouvèl Peyi kote Bondye Wa a. Lik nonmen non Mari, moun Magdala a, an premye, paske se li ki alatèt gwoup medam yo. « Kèk medam li te geri anba move lespri ak maladi »: fraz sa a montre yo sòti nan mitan moun chèf Jwif yo te mete sou kote yo. « Jàn, madanm Chouza ki te minis Ewòd »: se te yon madanm Jwif ki te marye ak

Jen 18,4

Mt 21,31

5,21

8,48

Mt 4,23; 9,35; Mk 1,39; 15,41; Lk 4, 43-44

8,38; Jn 19,25; Lk 23,49; Mk 16,9; Mt 27,55

Mt 13, 1-9; Mk 4, 1-9

parabòl: ⁵ «Nèg ki konn simen grenn nan te sòti pou li simen. Nan simen l ap simen, yon pòsyon tonbe gran chemen, yo mache sou li, lèfini zwazo ki nan syèl yo, manje l. ⁶Yon lòt pòsyon tonbe sou wòch. Kou li leve, li seche, paske li pa jwenn frechè. ⁷Yon lòt pòsyon tonbe nan mitan pikan. Pikan yo pouse ansanm ak li, yo toufe l. ⁸Yon lòt pòsyon tonbe nan bon tè. Li pouse, li rapòte san pou youn.» Antan li t ap di sa li rele byen fò: «Sa ki gen zòrèy pou tande, tande.»

Dtw
29,3

Poukisa Jezi pale anparabòl

Mt 13,
10-11,
13;
Mk 4,
10-12

Mt 13,10-17; Mk 4,10-12

lz 6,10

⁹Patizan li yo mande l sa parabòl sa a vle di. ¹⁰Li di yo konsa: «Nou menm, yo fè nou favè pou nou konnen sekrè Peyi kote Bondye Wa a. Lòt moun yo menm se anparabòl yo pale ak yo, dekwa pou

*yo wè san yo pa wè,
pou yo tande san yo pa konprann.»*

Esplikasyon sou parabòl moun k ap simen an

Mt 13,
18-23;
Mk 4,
14-20

Mt 13,18-23; Mk 4,14-20

9,23

¹¹Men sa parabòl la vle di: Grenn yo simen an, se Pawòl Bondye a. ¹²Sa ki nan gran chemen an, se moun sa yo ki tande, apre sa dyab la vini, li rache Pawòl la nan kè yo, pou yo pa sove apre yo ta fin kwè. ¹³Sa ki sou wòch yo, se moun sa yo, lè yo tande Pawòl la, yo resevwa l ak kè kontan, men yo pa gen rasin, yo kwè pou yon ti kadè, lè moman kote y ap seye yo a rive, yo kite sa. ¹⁴Sa ki tonbe nan pikan an, se moun sa yo ki tande, men traka, lajan,

ak plezi lavi a toufe yo nan wout, yo pa gen tan donner. ¹⁵Sa ki nan bon tè a menm, se moun sa yo, lè yo tande Pawòl la, yo kenbe l nan yon kè ki pwòp, ki bon, epi afòs yo kenbe fèm, yo rive donner.

21,19;
1Tes
1,3;
2Kor
1,6;
6,4;
12,12;
Wm 5,3;
8,25

Parabòl lanp lan

Mk 4,21-22; Mt 5,15; 10,26; Lk 11,33; 12,2

¹⁶Pèsonn pa limen yon lanp pou l kouvri l ak yon veso, oubyen pou l mete l anba kabann. Men li mete l sou yon etajè, pou moun k ap antre yo wè limyè a. ¹⁷Reyèlman vre, nanpwen anyen ki kache ki p ap parèt tout aklè, nanpwen okenn sekrè yo p ap konnen, e ki p ap sòti deyò tout aklè.

Mk 4,
21-22;
Mt 5,15;
Lk 11,33

Mt
10,26;
Lk 12,2

Mt 13,12; 25,29; Mk 4,24-25; Lk 19,26

¹⁸Atansyon pou jan n ap koute. Reyèlman vre, moun ki genyen, y ap ba li, moun ki pa genyen, menm sa li kwè li genyen an, y ap wete l nan men l.

Mt
13,12;
25,29;
Mk 4,
24-25

Vre fanmi Jezi

Mt 12,46-50; Mk 3,31-35

¹⁹Manman l ak frè l yo te vin kote l, men yo pa t kapab rive pwoche kote l, poutèt foul la. ²⁰Y al di l: «Manman w ak frè w yo kanpe deyò a, yo vle wè w.» ²¹Li reponn, li di yo: «Manman m, ak frè m yo, se moun ki tande pawòl Bondye a, lèfini ki fè sa li di.»

Mt 12,
46-50;
Mk 3,
31-35

11,28

Jezi kalme tanpèt la

Mt 8,18.23-27; Mk 4,35-41

²²Vwala yon jou, li monte nan yon kannòt ansanm ak patizan l yo, li di yo konsa: «An nou janbe al lòt bò letan an.» Epi yo antre nan dlo. ²³Antan y ap

Mt 8,
23-27;
Mk 4,
35-41

yon etranje. Dapre Lalwa a, li pa pwòp. Li pa kapab fè sèvis pou Bondye. Ak Jezi, yo jwenn yon delivrans total, ni nan kò yo, ni nan nanm yo.

8,9-10: Patizan l yo mande l sa parabòl sa a vle di. Yon parabòl se konpare y ap konpare. Jezi te sèvi ak parabòl chak jou pou montre moun yo anpil bagay sou Peyi kote Bondye Wa a. Se ak parabòl nou kapab rive konnen kèk bagay sou mechè lavi Jezi a, sou sa li fè, epi poukisa li te fè l konsa. Men pou moun kapab konprann para-

bòl yo, fòk yo pataje menm pwojè ak Jezi, sa vle di moun dwe swiv Jezi. Moun ki rete deyò pwojè Jezi yo pa kapab konprann sans parabòl yo toutbon. Nan chak parabòl Jezi rakonte pwòp esperyans pa l kòm sèvitè Peyi kote Bondye Wa a.

8,16-17: Pèsonn pa limen yon lanp pou li kouvri l ak yon veso... Jezi montre li sòti pou l bay tout moun limyè. Li pa fèt pou l rete kache. Li fèt pou tout moun konnen l. Pa gen moun ki kapab toufe delivrans Jezi te kòmanse a.

navige, dòmi pran l. Yon gwo kout van pase sou letan an, kannòt la te plen dlo, yo te andanje. ²⁴Yo pwoche kote l pou yo reveye l, yo di l: «Mèt, Mèt, n ap peri.» Li leve, li pale rèd ni ak van an, ni ak gwo lanm lanmè yo. Yo sispann, vin gen kalmi. ²⁵Li di yo: «Kote lafwa nou?» Yo te pè, yo te sezi. Youn t ap di lòt: «Men kilès li ye non, pou ata van ak dlo, li pase yo lòd, yo obeyi l?»

Jezi geri yon nèg demon kenbe bò Jeraza
Mt 8,28-34; Mk 5,1-20

²⁶Aprè sa yo navige nan direksyon Jeraza ki anfas Galile. ²⁷Antan li t ap debake, yon nèg demon te kenbe sòti lavil la vin rankontre l. Depi kèk tan li pa t gen rad sou li, epi se pa anndan kay men nan kavò yo li te rete.

²⁸Lè li wè Jezi, li pran rele, li lage kò l atè devan l. Li di byen fò: «Sa ki gen ant mwen menm ak ou, Jezi, Pitit Bondye ki anwo nèt la? Tanpri, souple, pinga w toumante m.» ²⁹Li pase move lespri a lòd sòti nan nèg la. Se depi lontan li te kenbe l. Yo te mare l ak chenn, yo te mete l anba kòd. Li kase kòd yo, epi demon an mennen l nan bwa. ³⁰Jezi mande l: «Ki non w?» Li reponn: «Lejyon.» Paske anpil demon te antre anndan l. ³¹Epi yo mande l pou li pa pase yo lòd ale nan gwo twou san fon an. ³²Bò la, te gen yon bann kochon ki t ap manje nan mòn nan. Yo mande l ba yo pèmision antre anndan yo. Li ba yo pèmision. ³³Demon yo sòt nan nèg la al nan kochon yo. Bann kochon yo fè yon sèl bon, sòt nan falèz la, tonbe nan letan an. Yo neye.

³⁴Lè gadò kochon yo wè sa ki pase, yo sove, y al rakonte sa ni lavil, ni andeyò. ³⁵Moun yo sòti vin wè sa ki pase. Yo

vini kote Jezi, yo jwenn nèg demon yo te sòti anndan li a, chita nan pye Jezi ak rad sou li, ak toutbon nanm li. Yo vin pè. ³⁶Moun ki te wè sa ki pase a, rakonte yo kijan nèg demon te kenbe a te delivre. ³⁷Lè fini tout popilasyon nan zòn Jeraza mande l pou li pati, sòti nan mitan yo, paske se pa ti pè yo te pè. Li monte nan yon kannòt, li kase tèt tounen.

³⁸Nèg demon yo te sòti anndan li a, mande pou li mache ansanm ak li. Men li voye l ale, li di: ³⁹«Tounen lakay ou, al rakonte sa Bondye fè pou ou.» Li pati al nan tout vil la pou li bay nouvèl sa Jezi fè pou li.

**Gerizon yon fi ki nan pèdans—
Pitit fi Jayi a leve byen vivan**

Mt 9,18-26; Mk 5,21-43

⁴⁰Lè Jezi tounen, foul la resevwa l. Tout moun t ap tann li. ⁴¹Men yon nèg yo rele Jayi parèt. Se te chèf sinagòg la. Li lage kò l atè nan pye Jezi, li priye l pou li vin lakay li. ⁴²Paske sèl grenn pitit fi li te genyen an, ki te gen douz lane konsa, te prèt pou mouri. Antan li ta prale, foul la t ap kraze l.

⁴³Yon madanm ki te nan pèdans depi douzan, ki te fin depanse tout byen li te genyen nan doktè, san yo pa t reyisi trete l, ⁴⁴pwoche pa deyè. Li touche ke rad li, la tou, san an rete. ⁴⁵Jezi di konsa: «Kilès sa a ki touche mwen an?» Kòm tout moun di se pa yo, Pyè di konsa: «Mèt, se yon foul k ap toufe w, k ap kraze w.» ⁴⁶Jezi di: «Gen yon moun ki touche mwen, mwen konnen gen yon fòs ki sòti nan mwen.» ⁴⁷Lè madanm nan wè yo dekouvri l, li vini, l ap tranble, li lage kò l atè devan l, li esplike l devan tout moun, pouki rezon li te touche l, ni kijan li te geri menm

Mt 9, 18-26; Mk 5, 21-43; 10,52; Lk 7,50

Res 15,38

8,40-48: Men yon nèg yo rele Jayi parèt. Se te chèf sinagòg la... Chèf sinagòg la reprezante tout enstityon Jwif yo, sa vle di Lalwa a, Tanp lan, sistèm sosyete Jwif la. Sèl grenn pitit chèf la, ki gen douzan, anba Lalwa Moyiz la ki pa kapab ba li lavi. Jayi, papa fi a, pèdi lespwa. Tou sa li fè andan Lalwa Moyiz la pa kapab bay sèl

grenn pitit fi li a lavi. Li mete konfyans li nan Jezi.

Yon madanm ki te nan pèdans depi douzan. Lalwa Jwif yo di tout fi ki gen règ yo oubyen ki gen pèt, pa pwòp (Lev 15,19-25). Epi tou sa fi ki pa pwòp la touche, vin pa pwòp tou. Lè fi ki gen pèdans te touche Jezi, li fè Jezi pa pwòp tou.

moman an. ⁴⁸ Jezi di l konsa: «Ma fi, se lafwa w ki sove w, ou mèt ale ak kè poze.»

⁴⁹ Li t ap pale toujou lè yon moun ki te sòti lakay chèf sinagòg la vin rive, li di l konsa: «Pitit fi w la mouri, ou pa bezwen deranje Mèt la ankò.» ⁵⁰ Men lè Jezi tandè sa, li reponn: «Ou pa bezwen pè, kwè sèlman, epi l ap sove.»

⁵¹ Lè li rive nan kay la, li pa kite pèsonn antre ak li, sòf Pyè, Jan ak Jak, ak papa pitit la epi manman l. ⁵² Tout moun t ap kriye, yo t ap fè rèl pou li. Li di yo konsa: «Nou pa bezwen kriye, li pa mouri, se dòmi l ap dòmi.» ⁵³ Yo pase l nan rizib, paske yo te konnen se mouri li mouri. ⁵⁴ Men li menm, li kenbe men l, li rele l, li di konsa: «Ti fi, leve.»

⁵⁵ Lespri li tounen, li leve menm moman an. Jezi mande pou yo ba li manje. ⁵⁶ Paran li yo sezi. Epi Jezi pase lòd pou yo pa di pèsonn sa k pase.

Misyon Douz yo

Mt 10,5-15; Mk 6,7-13

9 ¹ Li rele Douz yo, li ba yo pouvwa, ak otorite sou tout demon, ak sou tout maladi, pou yo geri yo. ² Li voye yo anonse Peyi kote Bondye Wa a, epi geri moun ki malad yo. ³ Li di yo: «Pa pran anyen pou wout la, ni baton, ni sak, ni pen, ni lajan. Ni se pa pou nou gen de chemiz. ⁴ Nan nenpòt ki kay nou antre rete la, epi se la tou pou nou pati ale yon lòt kote. ⁵ Si ta gen moun ki pa resevwa nou, sòti nan vil sa a, souke pousyè nan pye nou, sa va sèvi temwen kont yo.» ⁶ Yo pati, y al nan chak ti bouk pou yo gaye Bon Nouvèl la, epi pou yo geri moun toupatou.

Ewòd ak Jezi

Mt 14,1-12; Mk 6,14-29

⁷ Ewòd ki t ap kòmande yon ka peyi a, tandè tou sa ki t ap pase. Li te anbarase, paske gen yon pòsyon moun ki t

ap di: «Se Jan ki leve sòti pami mò yo.» ⁸ Yon lòt pòsyon menm t ap di: «Se Eli ki parèt.» Gen lòt ki t ap di: «Se youn nan pwofèt tan lontan yo ki leve.»

⁹ Ewòd menm di: «Mwen koupe tèt Jan. Kilès li ye sila mwen tandè tout bagay sa yo sou li a?» Li t ap chèche wè l.

Apot yo retounen—Jezi bay anpil moun manje

Mt 14,13-21; Mk 6,30-44; Jn 6,1-13

¹⁰ Lè Apot yo tounen, yo rakonte l tou sa yo fè. Li pran yo, l ale ak yo yon ti kote ki apa, bò yon vil yo rele Betsayida. ¹¹ Lè foul moun yo aprann sa, yo pati dèyè l. Li resevwa yo, li pale yo sou Peyi kote Bondye Wa a, epi moun ki te bezwen geri, li geri yo.

¹² Jou te kòmanse ap bese. Douz yo pwoche vin di l konsa: «Voye foul la ale pou li kapab al chèche yon kote pou li desann, ak kichòy pou li manje, nan bouk ozalantou yo ak tout andeyò, paske isit la se nan yon dezè nou ye.»

¹³ Li di yo: «Ba yo manje, nou menm.» Yo di l: «Nou pa gen plis pase senk pen ak de pwason. Sòf si nou ta sòti al achte manje pou tout moun sa yo.» ¹⁴ Te gen yon senk mil gason konsa. Li di patizan l yo: «Fè yo ranje kò yo pa gwoup senkant konsa.» ¹⁵ Yo fè tout moun ranje kò yo. ¹⁶ Li pran senk pen yo, ak de pwason yo, li voye je l nan syèl la, li beni yo, li kase yo, epi li bay patizan l yo pou yo sèvi foul la. ¹⁷ Tout moun manje vant plen. Yo ranmase ti mòso ki te rete yo, sa te fè douz panyen.

Pyè deklare lafwa l

Mt 16,13-20; Mk 8,27-30

¹⁸ Antan li t ap lapriyè pou kont li, patizan l yo te la ansanm ak li, li mande yo konsa: «Kilès moun yo di mwen ye?» ¹⁹ Yo reponn, yo di: «Ou se Janbatis. Gen lòt ki di, ou se Eli. Gen lòt toujou ki di ou se youn nan pwofèt

Jn 11,11; 1Kor 15,18

1Wa 17,21

Mt 10, 5...14; Mk 6, 7-13; Lk 10,1

T Ap 9,43; 16 15

T Ap 13,51

Mt 14, 1-2; Mk 6, 14-16

Mal 3,23; Mt 17,10

23,8

Mt 14, 13-14; Mk 6, 30-34; Jn 6, 1-4; Lk 10,17 Mk 6,34

Mt 14, 15-21; Mk 6, 35-44; Jn 6, 5-13

Mt 26,26

Sòm 78,29

Mt 16, 13-16, 20; Mk 8, 27-30 9,8

9,7-9: Ewòd t ap kòmande yon ka peyi a: Se Ewòd Antipas, pitit Ewòd Legran. Se li menm ki te fè touye Janbatis (3,19).

9,18-21: Pandan li t ap lapriyè pou kont li, patizan l yo te la ansanm avè l, li mande yo konsa: «Kilès moun yo di mwen ye?» Jezi ki pa t santi li

1,32; 2,26; 4,41; Jn 6,69
tan lontan yo ki leve. » ²⁰ Li di yo : « Men, nou menm, kilès nou di mwen ye? »
Pyè reponn, li di : « Ou se Kris Bondye a. » ²¹ Li pase yo lòd sevè, li defann yo di pèsonn sa.

Premye anons soufrans ak lanmò Jezi

Mt 16,21; Mk 8,31

Mt 16,21; Mk 8,31
²² Li di yo : « Fòk Pitit moun nan soufri anpil, pou Ansyen yo, chèf prèt yo ak pwofesè Lalwa yo, voye l jete, pou yo touye l, lèfini pou li leve sou twa jou. »

Kondisyon pou swiv Jezi

Mt 10,38; Mt 16,24-27; Mk 8,34-38; Lk 14,27

Mt 16,24-27; Mk 8,34-38; Mt 10,38; Lk 14,27
²³ Li di yo tout : « Si yon moun vle vin dèyè mwen, se pou li bliye pwòp tèt li, pou li pran kwa l chak jou, epi pou li swiv mwen.

Mt 10,39; Mk 8,35; Lk 17,33; Jn 12,25

Mt 10,39; Mk 8,35; Lk 17,33; Jn 12,25
²⁴ Moun ki vle sove lavi l, l ap pèdi l, men moun ki pèdi lavi l poutèt mwen, l ap sove l. ²⁵ Sa sa sèvi yon moun pou li gen tout tè a, si li pèdi pwòp lavi l, oswa si li detwi nèt?

Mt 10,33; Lk 12,9

Mt 10,33; Lk 12,9
²⁶ Wi vre, moun ki wont mwen ak pawòl mwen yo, Pitit moun nan ap wont li tou lè l ap vini ak tout glwa li, nan glwa Papa l, ak mesaje li yo ki sen.

Mt 16,28; Mk 9,1; Lk 9,1-2; 22,69

Mt 16,28; Mk 9,1; Lk 9,1-2; 22,69
²⁷ Anverite, mwen di nou, nan moun ki kanpe la yo, genyen ki p ap konnen sa yo rele mouri anvan yo wè Peyi kote Bondye Wa a. »

Jezi chanje figi

Mt 17,1-9; Mk 9,2-10

Mt 17,1-9; Mk 9,2-10
²⁸ Rive, 8 jou apre li fin di pawòl sa yo, li pran Pyè, Jan ak Jak, li monte

8,51; Jn 12,28; Lk 24,4
nan mòn nan pou l al lapriyè. ²⁹ Antan l ap lapriyè, figi l parèt yon lòt jan, epi rad li vin tou blan, ap fè zeklè. ³⁰ Vwala de nèg t ap pale ak li, se te Moyiz ak Eli. ³¹ Yo parèt nan tout bèlte yo, yo t ap pale sou pati li gen pou l pati antan li Jerizalèm. ³² Pyè menm, ni sa ki te ak li yo, te nan fon somèy. Lè yo reveye, yo wè bèlte l ak de nèg ki t ap kanpe avè l yo. ³³ Twouve lè y ap pati kite l, Pyè di Jezi : « Mèt, li bon pou nou bò isit la. An nou fè twa ti tonnèl, youn pou ou, youn pou Moyiz, youn pou Eli. » Li pa t konnen sa l t ap di. ³⁴ Antan li t ap di sa, yon nyaj rive, li vlope yo anba lonbray li. Yo te pè lè yo t ap antre nan nyaj la. ³⁵ Vin gen yon vwa ki sòt nan nyaj la ki di : « Sila a se Pitit mwen, sa mwen chwazi a, se pou nou koute l. » ³⁶ Antan vwa a t ap pale a, Jezi twouve l sèl pou kont li. Yo menm yo pe bouch yo. Lè sa a, yo pa di pèsonn anyen nan sa yo te wè.

Jezi geri yon moun malad demon kenbe

Mt 17,14-18; Mk 9,14-27

Mt 17,14-18; Mk 9,14-27
³⁷ Nan demen, antan li t ap desann sòti nan mòn nan, anpil moun vin ran-kontre l. ³⁸ Vwala yon nèg ki te nan foul la pran rele, ap di : « Pwofesè, tanpri souple, voye je w sou pitit gason mwen an, paske se sèl grenn pitit mwen. ³⁹ Men yon lespri kenbe l. Yon sèl kou li pran rele, li vire bò isit, li vire bò lòt bò, ak bouch li ap fè kim. Se apèn si li ba l yon ti souf, li fin kraze l. ⁴⁰ Mwen priye patizan w yo pou yo chase l, men yo pa t kapab. » ⁴¹ Jezi reponn : « Ras moun san lafwa! Ras moun pèvèti! Jiskilè m ap avè nou pou mwen sipòte nou? Mennen pitit ou a isit la. » ⁴² Antan li t ap pwoche, demon an lage l atè, li souke

Dtw 32,5; Mk 11,22; Lk 17,6

an sekirite ankò nan Galile, te pouse pou pi lwen nan zòn fwontyè yo. Kounye a li fè yon chita tande ak patizan l yo. Èske yo konnen ki moun li ye? Pyè rekonèt Jezi kòm Mesi a, Moun Bondye voye a. Jezi pa di li se sa, men li defann yo di sa ankò. Paske, dapre moun yo, Mesi a, Liberatè a, dwe kraze lènmi l yo. Jezi menm, bò pa li, konnen li sou wout lanmò l.

9,28-36 : Rive, 8 jou apre li fin di pawòl sa yo, li pran Pyè, Jan ak Jak, li monte nan mòn nan pou l al lapriyè. Lik prezante Jezi tankou yon moun k ap lapriyè toutan. (Gade 5,16; 6,12; 9,18). Konsa Jezi fè volonte Papa l nan tout sa li di, nan tout sa li fè. Nan chanje figi Jezi chanje a Lik montre sans lapriyè Jezi a: chèche konnen sa volonte Papa l ye.

I ak fòs. Jezi menm pale rès ak move lespri a, li geri timoun nan, epi li renmèt li bay papa l. ⁴³Tout moun te sezi devan mèwè Bondye a.

Mt 17,22;
Mk 9,30-32

Dezyèm anons soufrans ak lanmò Jezi

Mt 17,22; Mk 9,30-32

Kòm tout moun te sezi pou tou sa li t ap fè, li di patizan l yo: ⁴⁴«Fè pawòl sa yo antre byen antre nan zòrèy nou: Yo pral renmèt Pitit moun lan nan men moun.» ⁴⁵Men yo menm yo pa t konprann pawòl sa a. Sans li te kache pou yo, yo pa t konprann li. Epi yo te pè mande l kesyon sou pawòl sa a.

18,34

Kilès ki pi gran?

Mt 18,1-5; Mk 9,33-37; Lk 22,24

⁴⁶Yon diskisyon leve nan mitan yo, pou yo konnen kilès ki pi gran nèg pami yo. ⁴⁷Kòm Jezi te konnen lide yo te gen nan kè yo, li pran yon timoun piti, li mete l kanpe bò kote l. ⁴⁸Li di yo:

Mt 18,1-5;
Mk 9,33-37;
Lk 22,24

Mt 10,40;
Jn 13,20;
Lk 10,16;
22,26

Mt 10,40; Lk 10,16

«Moun ki resevwa timoun sa a nan Non mwen, se mwen li resevwa, epi moun ki resevwa mwen, se Sila a ki voye m lan, li resevwa. Moun ki pi piti nan pami nou tout la, se li menm ki pi gran.»

Sèvi ak non Jezi

Mk 9,38-40

⁴⁹Jan pran lapawòl, li di: «Mèt, nou wè yon nèg ki t ap chase demon nan Non w, nou enpoze l fè sa, poutèt li p

Mk 9,38-40;
T Ap 16,18;
19,13

ap mache avè nou.» ⁵⁰Jezi di l: «Pa enpoze l, sa ki pa kont nou, se avè nou li ye.»

11,23

Move akèy yon bouk Samari

⁵¹Kòm jou pou yo leve l anlè a te vanse rive, li mare min li pou l monte Jerizalèm. ⁵²Li voye kèk mesajè devan. Y al antre nan yon bouk moun Samari pou yo pare pou li. ⁵³Men yo pa resevwa l, paske li te mete tèt li nan direksyon Jerizalèm. ⁵⁴Lè patizan l yo, Jak ak Jan wè sa, yo di: «Granmèt, èske w vle nou di dife desann sòti nan syèl pou l detwi yo?» ⁵⁵Li vire, li fè yo obsèvasyon. ⁵⁶Epi yo pati al nan yon lòt bouk.

Mt 19,1;
Mk 10,1

Eklk 50,26;
Jn 4,9;
T Ap 8,5

2 Wa 1,10

Kondisyon vokasyon yon Apot

Mt 8,18-22

⁵⁷Antan yo ta prale sou wout la, gen yon moun ki di l: «M ap swiv ou kote w prale.» ⁵⁸Jezi reponn: «Chat mawon gen twou yo, zwazo nan syèl gen nich yo, men Pitit moun nan, li menm, pa gen kote pou l poze tèt li.»

Mt 8,19-22

⁵⁹Li di yon lòt: «Swiv mwen.» Men li reponn: «Granmèt, kite m al antere papa m anvan.» ⁶⁰Jezi di l: «Kite mò antere mò pa yo. Ou menm, al gaye nouvèl Peyi kote Bondye Wa a.»

⁶¹Yon lòt di l: «M ap swiv ou, Granmèt. Men anvan sa, kite m al di moun lakay mwen yo orevwa.» ⁶²Jezi di l: «Yon moun ki fin mete men sou charit la epi k ap gade dèyè, pa alawotè Peyi kote Bondye Wa a.»

1 Wa 19,19-21

Fip 3,13

9,43-45: «Fè pawòl sa yo antre byen antre nan zòrèy nou: Yo pral renmèt Pitit moun nan nan men moun.» Jezi vle korije lide patizan l yo genyen sou Mesi a. Men yo pa konprann anyen. Anbisyon pouvw ak lide nasyonalis ki nan tèt yo bouche lespri yo nèt.

9,46-48: Yon diskisyon leve nan mitan yo, pou yo konnen kilès ki pi gran nèg pami yo. Menm si Jezi te fin di yo se pa pouvw l ap chèche Jerizalèm, patizan l yo kontinye goumen pou pouvw. Lè Jezi resevwa timoun yo, li fè yon jès dwòl pou moun epòk li yo, paske yo pa t gade timoun pou anyen, e mèt relijyon yo te konn mande korije yo sevè. Men Jezi mete timoun yo nan premye

plas kòm yon senbòl sèvis. (Al gade komantè nan Mak 9,33-37).

9,51-56: Kòm jou pou yo leve l anlè a te vanse rive, li mare min li pou l monte Jerizalèm... Samariten yo te gen tanp pa yo nan mòn Garizim (Gade nan Jan 4,20). Samariten yo te resevwa Jezi mal paske li ta prale Jerizalèm, yon peyi ki pa t byen ak yo. Men yo pa t konprann Jezi ta prale Jerizalèm pou li sove yo tou. «Granmèt, èske w vle nou di dife desann sòti nan syèl pou li detwi yo?» Jan ak Jak ta vle fòse moun swiv Jezi. Jezi pa pèmèt sa. Jezi respekte libète moun. Jwif yo te meprize Samariten yo anpil. Patizan Jezi yo pa kapab sipoze Samari ta pral youn nan

Misyon swasantdouz patizan yo

Mt 10, 5-16;
Mk 6, 7-11;
Lk 9, 1-5
Mt 9, 37-38;
Jn 4,38

10 ¹Aprè sa Granmèt la nonmen swasantdouz lòt patizan, li voye yo de pa de devan l nan tout vil ak nan tout kote li te gen pou l ale li menm. ²Li di yo konsa :

9,3-5;
22,35;
2Wa
4,29

2,14

1Kor 9,14;
2Kor 11,7;
1Tm 5,18

T Ap 28,8

T Ap 13,51;
18,6

Jen 19,24;
2P 2,6;
Jid 1,7

« Rekòt la anpil, men bann travayè yo piti. Lapriyè Mèt rekòt la pou li voye travayè nan rekòt li a. ³Ale non, gade : mwen voye nou tankou ti mouton nan mitan chen anraje. ⁴Pinga nou pote ni bous, ni sak, ni sapat. Pa rete nan di pèsonn bonjou nan chemen. ⁵Nan nenpòt ki kay nou antre, se pou nou di anvan : Kè poze pou kay sa a. ⁶Si gen yon moun la ki merite kè poze a, kè poze nou an va rete sou li, sinon la tounen vin jwenn nou. ⁷Se nan kay sa a pou nou rete, nou va manje, nou va bwè sa moun yo genyen. Travayè a merite pri travay li. Pa travèse sòti nan yon kay al nan yon lòt. ⁸Si nou antre nan nenpòt vil, epi yo resevwa nou, manje sa yo ofri nou. ⁹Geri moun ki malad nan vil la, epi di moun yo : Peyi kote Bondye Wa a pre rive sou nou. ¹⁰Si nou antre nan yon vil yo pa resevwa nou, sòti al sou plas ki nan vil la, di konsa : ¹¹Ata pousyè vil nou an ki kole sou nou, nou souke l sòti nan pye n, nou kite l ban nou. Men se pou nou konn sa, Peyi kote Bondye Wa a pre rive. ¹²Mwen di nou, jou sa a, yo va gen plis kè sansib pou Sodòm pase pou vil sa a.

Mt 11,21-24

Mt 11, 21-24;
Lk 16,31

¹³Malè pou ou, Korazin! Malè pou ou, Betsayida! Paske si se nan Ti ak

nan Sidon mirak ki fèt lakay nou yo te rive, se lontan yo ta chita sou sann ak yon rad sak sou yo pou yo fè penitans. ¹⁴Men sèlman, lè jijman an, yo va gen plis kè sansib pou Ti ak Sidon pase pou nou. ¹⁵Kanta ou menm Kafanawòm, se pa jis nan syèl y ap leve w, se jis anba kote mò yo ye a y ap desann ou.

lz 14,13

¹⁶Moun ki koute nou, se mwen li koute. Moun ki meprize nou, se mwen li meprize. Moun ki meprize mwen, meprize Sila a ki voye mwen an. »

Mt 10,40;
Mk 9,37;
Mt 18,5;
Lk 9,48;
Jn 13,20

Sa ki pou fè kè patizan yo kontan

¹⁷Swasantdouz patizan yo tounen ak kè kontan, yo di : « Granmèt, ata demon yo soumèt tèt yo devan nou nan Non w. » ¹⁸Jezi di yo konsa : « Mwen te wè Satan ap tonbe tankou yon zèklè sòti nan syèl la. ¹⁹Gade : mwen ban nou pouvwa pile sèpan, ak eskòpyon, ak tou sa ki bay lènmi an fòs. Anyen p ap rive nou. ²⁰Men ak tou sa, nou pa bezwen kontan paske lespri yo soumèt yo devan nou, kontan pito paske non nou ekri nan syèl la. »

Mk 6,30;
Lk 9,10

Sòm 91,13

Dan 12,1;
Ap 3,5;
13,8

Levanjil la parèt aklè pou moun ki senp yo—Papa a ak Pitit la

Mt 11,25-27

²¹Menm lè sa a, Lespri Sen an fè kè l kontan anpil, li di : « Mwen fè konpliman pou ou, Papa, Granmèt syèl la ak tè a, paske w kache bagay sa yo pou moun save, ak moun lespri yo, se ti piti yo ou fè konnen yo. Wi Papa, se konsa ou kontan l. ²²Papa mwen renmèt mwen tout bagay. Pèsonn pa konnen kilès Pitit la ye, sòf Papa a, ni pèsonn pa konnen kilès Papa a ye,

Mt 11, 25-27;
Lk 8,10;
Jn 7,48;
1Kor 1,17;
1,26

Mt 28,18;
Jn 3,35;
13,3;
17,2;
Flp 2,9

premye kote y ap preche Bon Nouvèl la (Travay 8,1s).

10,1-16 : *Aprè sa Granmèt la nonmen swasantdouz lòt patizan, li voye yo 2 pa 2 devan l nan tout vil ak nan tout kote li te genyen pou l ale li menm. Gen dokiman ki di 70, gen dokiman ki di 72. Dokiman sa a plen senbòl. Fòk nou sonje nan Bib la chif yo se senbòl. Apot yo te douz menm jan ak Douz branch Fanmi Izrayèl yo. Chif 70 la te gen rapò ak tout pèp etranje yo. Misyon*

sa a reprezante tout travay Legliz la gen pou li fè jis nan dènye bout tè a, pou fè tout nasyon konnen Bon Nouvèl Jezi Kri a (Matye 28,19).

Ale non, mwen voye nou tankou mouton nan mitan chen anraje. Avètisman Jezi bay patizan l yo fè nou wè misyon an anba danje. De pa de : Jezi voye yo kòm temwen. Lalwa mande pou se de gason ki bay temwayaj, sinon temwayaj la pa bon. An menm tan chif 2 a reprezante kominote a tou. Jezi te òganize patizan l yo pou y al pote Bon Nouvèl la bay lòt yo.

sòf Pitit la, ak moun Pitit la vle fè konnen l. »

Privilèj patizan yo

Mt 13,16-17

^{Mt 13, 16-17} ^{11,31; 1Pyè 1,12} ²³ Li vire kote patizan l yo pou l di yo apa: « Se chans pou je ki wè sa nou wè yo. ²⁴ Mwen di nou, anpil pwofèt ak anpil wa te vle wè sa nou wè yo, men yo pa t wè l. Yo te vle tandè sa nou tandè la, men yo pa t tandè l. »

Pi gran kòmandman an

Mt 22,34-40; Mk 12,28-31

^{Mt 22, 34-40; Mk 12, 28-31} ²⁵ Men yon moun Lalwa leve pou li chèche pran l lan pyèj, li di l: « Pwofesè, kisa pou mwen fè pou mwen kapab eritye nan lavi ki p ap janm fini an? » ²⁶ Jezi reponn, li di: « Nan liv Lalwa a sa ki ekri? Sa w li ladan? » ²⁷ Li reponn, li di:

^{Dtw 6,5; Lev 19,18; Mt 5,43}

« *Ou va renmen Granmèt Bondye w la ak tout kè w, ak tout nanm ou, ak tout fòs ou, ak tout lespri w, epi ou va renmen pwochen w tankou tèt pa w.* »

²⁸ Jezi di l: « Ou byen reponn, fè sa, ou va viv. »

Parabòl bon samariten an

²⁹ Men li menm ki te vle bay tèt li rezon, di Jezi konsa: « Bon, kilès ki pwochen m? » ³⁰ Jezi pran lapawòl, li di: « Yon nèg t ap desann sòti Jerizalèm al Jeriko, li tonbe nan men asasen. Yo pran rad li, yo manje l anba kou, epi y ale, yo kite l tou mouri. ³¹ Twouve, yon prèt t ap desann sou wout sa a, li wè l, li pase lòt bò. ³² Menm jan tou, yon moun ras Levi vin ap pase bò la, li wè

l, li pase lòt bò. ³³ Men yon Samariten ki t ap vwayaje, vin rive bò kote l, li wè l, kè l fè l mal. ³⁴ Li pwoche, li mare blese l yo, li vide lwil ak diven sou yo, li fè l monte sou pwòp bèt pa l, li mennen l nan yon lòtèl, li okipe l. ³⁵ Nan demen, li rale de denye bay mèl lòtèl la, li di l: ‘Okipe l, sa w va depanse anplis, se mwen ki va renmèt ou li lè mwen va retounen.’ ³⁶ Kilès nan twa nèg sa yo, dapre w, ki montre li se pwochen nèg ki te tonbe nan men asasen yo? » ³⁷ Li reponn: « Sa ki fè byen pou li a. » Jezi di l: « Ale, fè menm jan, ou menm tou. »

^{lz 1,6}

Mat ak Mari

³⁸ Antan yo te nan wout, Jezi antre nan yon bouk, yon madanm yo rele Mat resevwa l lakay li. ³⁹ Li te gen yon sè yo rele Mari. Li te chita nan pye Granmèt la ap koute pawòl li. ⁴⁰ Mat te okipe ak tout sèvis la ki te anpil. Li fè yon parèt, li di: « Granmèt, sa pa fè w anyen pou sè mwen an kite m ap fè sèvis la pou kont mwen? Manyè di l vin ban mwen konkou, non. » ⁴¹ Granmèt la reponn, li di konsa: « Mat, Mat, w ap fatigue tèt ou, w ap bat kò w pou anpil bagay, ⁴² se yon sèl ki nesesè. Mari chwazi pi bon mòso a, yo p ap wete l nan men l. »

^{Jn 11,1; 12 1}

Papa nou ki nan syèl la

11 ¹ Vwala, li te yon kote ap lapriyè. Lè li fini, youn nan patizan l yo di l: « Granmèt montre nou lapriyè tankou Jan te montre patizan l yo. » ² Li di yo: « Lè n ap lapriyè, se pou nou di:

^{1Kor 7,35; Mt 6,33; Lk 12,31; Jn 6,27; TAp 6,2}

^{5,33}

^{Mt 6, 9-13; Mk 14,36; Gal 4,6}

10,38-42: Antan yo te nan wout, Jezi antre nan yon bouk, yon madanm yo rele Mat resevwa l lakay li. Madanm ki te resevwa Jezi lakay li a rele Mat. Non li vle di madanm nan. Li gen yon sè ki rele Mari. Li ta posib se moun Betani, sè Laza yo. Mari sa a se pa t ni madanm ki te fè peche a, ni moun Magdala a. Toude sè yo te patizan Jezi. Se te yon gwo zafè, paske li pa t fasil pou jwenn fi nan aktivite sa yo nan epòk Jezi. Mari te chita nan pye Granmèt la: Se konsa tout patizan yo te konn fè, chita nan pye Granmèt la. Mari t ap koute Granmèt la ansanm ak

lòt patizan yo. Jezi mete medam yo nan menm nivo ak gason yo. Se yon bagay estwòdinè. Li bay medam yo menm dwa ak gason.

11,1-4: Vwala, li te yon kote ap lapriyè. Lè l fini, youn nan patizan l yo di l: « Granmèt montre nou lapriyè tankou Jan te montre patizan l yo. » Lapriyè « Papa nou » Lik bay la diferan ak Matye (6,9). Apot yo te konn lapriyè ansanm. Menm jan ak tout Jwif yo, yo konn ale nan sinagòg yo, kit jou Saba, kit nan moman ki pi enpòtan nan jounen an. Men antan y ap mache ak

Mt 6,9-13

Papa, se pou yo respekte non ou,
se pou Gouvènman Wa w la rive.

Mt 6,34 ³Pen nou bezwen jodi a, ban nou li chak jou.

Jak 1,13 ⁴Efase peche nou yo,
menm jan nou efase tout dèt yo genyen pou nou.

Pa kite nou pran nan pyèj.

Zanmi ki pa jennen l

⁵Li di yo: Kilès nan nou ki ta gen yon zanmi ki vin kote l nan mitan lan-nwit pou li di l: 'Zanmi, prete mwen twa pen, ⁶paske yon zanmi m k ap vwayaje, fèk rive sou mwen, epi mwen pa gen anyen pou mwen ofri l.' ⁷Sila a ki anndan kay la va reponn: 'Pa vin ban mwen pwoblèm, pòt la fèmen de-ja, pitit mwen yo nan kabann ak mwen. Mwen pa kapab leve pou mwen ba ou yo.' ⁸Mwen di nou, si li pa leve pou l ba li yo poutèt se zanmi l li ye, li va leve ba li tou sa li bezwen poutèt se san wont li ki fè l kontinye ap mande.

Lapriyè gen randman

Mt 7,7-11; Jn 14,13-14

Mt 7, 7-11; Jn 14, 13-14 ⁹Ebyen, mwen di nou: Mande, yo va ban nou. Chèche, nou va jwenn. Frape, yo va louvri ban nou. ¹⁰Tout moun ki mande, li va resevwa. Sa ki chèche li va jwenn. Sa ki frape, yo va louvri ba li. ¹¹Kilès papa nan pami nou, si pitit li mande l yon pwason, li ta ba li yon sèpan angiz pwason an? ¹²Oubyen si li mande l yon ze, li ta ba li yon eskò-pyon? ¹³Si nou menm, tou move nou ye, nou konn fè pitit nou kado bon bagay, nou pa bezwen mande si Papa nou ki nan syèl la, va bay moun ki mande l yo Lespri Sen an. »

Jezi ak Beyèlzeboul

Mt 12,22-29; Mk 3,22-27

¹⁴Li t ap chase yon demon ki te bèbè. Vwala kou demon an sòti, bèbè a pale. Foul yo sezi. ¹⁵Men gen kèk pami yo ki di: « Se pa pouvwa Beyèlzeboul, chèf demon yo, l ap chase demon. » ¹⁶Gen lòt ki t ap seye l, yo mande l yon siy ki sòti nan syèl la. ¹⁷Men li menm, kòm li te konnen santiman yo, li di: « Tout peyi wa ki gen divizyon anndan l ap tounen dezè, kay yo ap tonbe youn sou lòt. ¹⁸Si Satan divize ak pwòp tèt li, kouman peyi kote li wa a ap fè rete kanpe, piske nou di se ak Beyèlzeboul mwen chase demon? ¹⁹Si mwen, se ak pouvwa Beyèlzeboul mwen chase demon, pitit nou yo menm ak pouvwa kilès y ap chase yo? Se sa ki fè se yo ki pral jije nou. ²⁰Men si se ak pouvwa dwèt Bondye mwen chase demon yo, ebyen Peyi kote Bondye Wa a rive sou nou. ²¹Lè yon nèg ki gen fòs, epi ki gen zam nan men li, ap veye lakou l, tout byen li yo garanti. ²²Men si youn pi fò pase l vin rive, l ap bat li, l ap pran zam li te asire sou yo a, lèfni, l ap separe tout sa li te kapab pran yo. »

Mt 12, 22-29; Mk 3, 22-27; Mt 9, 32-34

Mt 16,1; Mk 8,11; Lk 11,29

8,15; Lk 17,21

Jezi egzijan

Mt 12,30

²³Moun ki pa ak mwen, se kont mwen li ye, moun ki pa ranmase ak mwen, se gaye l ap gaye.

Mt 12,30; Lk 9,50

Move lespri k ap tounen pi move

Mt 12,43-45

²⁴Lè yon move lespri sòti nan yon moun, li pwonmennen kote ki pa gen dlo pou li chèche repo, epi kòm li pa jwenn, li di: 'M ap tounen lakay mwen, kote mwen sòti a.' ²⁵Lè li rive, li jwenn

Mt 12, 43-45; Lk 4,36

Jezi, yo dekouvri li gen yon lòt fason pou li viv ansanm ak lòt moun, epi yo vin santi yo bezwen pale ak Papa a menm jan ak Jezi. **Papa nou an** se nannan lapriyè kreyen an.

11,14-22: Li t ap chase yon demon ki te bèbè. Vwala kou demon an sòti, bèbè a pale. Foul yo sezi. Lè Jezi geri moun ki gen move lespri sou li, Jezi montre kisa misyon li ye. Men

yo te akize l fè maji ak chèf demon yo rele Baalzeboul. Pawòl sa a vle di *Baal se Wa*. Baal se Bondye peyi Kanaran. Men pèp Jwif la te chanje non l, yo te fè l tounen *Beyèlzeboul* pou yo pase l nan betiz, paske non sa a vle di *Mèt mouch* yo.

11,24-26: Lè yon move lespri sòti nan yon moun, li pwonmennen kote ki sèk... Jwif yo te

li pwòp, byen ranje. ²⁶ Li pati, li pran sèt lòt lespri pi move pase l, yo antre, yo rete la. Eta moun sa a kounye a vin pi mal pase anvan.»

Vre chans lavi a

²⁷ Antan li t ap pale konsa, yon madanm rele byen fò nan mitan foul la pou li di l: «Ala chans pou manman sa a ki te pote w nan vant li, lèfni, ki te ba w tete.» ²⁸ Jezi di: «Ala chans pito pou moun ki koute Pawòl Bondye, lèfni, ki kenbe l.»

8,21;
1,45;
2,19;
Ap 1,3

Mt 12,
38-42;
Lk 12,
54-56;
Mt 16,4;
Mk 8,11;

Siy Jonas la

Mt 12,38-42; Mk 8,12

²⁹ Kòm foul yo t ap sanble, li tanmen di yo: «Ras sa a se yon move ras, l ap chèche siy, men yo p ap ba li lòt siy pase siy Jonas la. ³⁰ Menm jan Jonas te sèvi siy pou moun Niniv yo, se konsa Pitit moun nan ap ye pou ras sa a.

Jn 6
30-31;
1Kor
1,22
Jon 3

1Wa
10,1

³¹ Larèn peyi ki nan Sid la, ap leve lè jijman an ansanm ak moun ras sa yo, l ap kondane yo, paske li sòti nan dènye pwent tè a pou li koute bon rezònman Salomon yo. Men isit la gen plis pase Salomon. ³² Moun Niniv yo ap leve, lè jijman an, ansanm ak ras sa a, y ap kondane l, paske yo te chanje vi yo poutèt prèch Jonas te fè yo a. Men gade: Isit la gen plis pase Jonas.

Jon 3,1

Parabòl lanp ak je moun

Mt 5,15; 6,22-23; Mk 4,21; Lk 8,16

³³ Pèsonn pa limen lanp pou li mete l yon kote ki kache, oubyen anba yon mamit, men li mete l sou etajè pou moun k ap antre wè limyè a.

Mt 5,15;
Mk 4,21;
Lk 8,16

³⁴ Se je w ki lanp kò a. Lè je w ansan- te, tout kò w nan limyè. Men si li ma- lad, se kò w tou ki nan fènwa.

³⁵ Atansyon pou limyè ki anndan w lan pa tounen fènwa. ³⁶ Konsa si tout kò w nan limyè, san pa gen yon pò-

Mt 6,
22-23

syon ki nan fènwa, l ap nan limyè nèt, tankou lè yon lanp ap klere w ak limyè l.»

Kont Farizyen ak pwofesè Lalwa yo

³⁷ Antan li t ap pale konsa, yon Farizyen envite l vin manje lakay li. Li antre, li mete l atab. ³⁸ Farizyen an menm wè sa, li sezi, paske Jezi pa t lave kò l anvan li manje.

7,36;
14,1
Mk 7,3;
Mt 15,2;
15,20

Mt 23,25-26

³⁹ Granmèt la di l: «Se nou menm sa vre, Farizyen yo, nou pwòpte deyò wè a ak asyèt la, men anndan nou plen vòlò ak mechanste. ⁴⁰ Moun sòt, Sila a ki te fè deyò a, èske se pa li ki te fè anndan an tou? ⁴¹ Pito nou fè lacharite ak sa nou genyen, konsa tout bagay va pwòp pou nou.

Mt 23,
25-26

Mt 23,23

⁴² Malè pou nou Farizyen, paske nou bay yon pòsyon sou dis sou mant, sou sitwon, ak sou tout legim, men nou pa fè sa jistis, ak renmen Bondye a mande. Fòk nou te fè sa yo, san nou pa t lage lòt yo.

Mt
23,23;
Lk
18,12;
Dtw
14,22

Mt 23,6-7; Mk 12,38-39; Lk 20,46; Mt 23,27

⁴³ Malè pou nou Farizyen, paske nou renmen premye plas nan sinagòg, ak bonjou sou laplas. ⁴⁴ Malè pou nou, paske nou tankou tonm yo pa wè, moun ap mache sou yo san yo pa kon- nen.»

Mt 23,
6-7;
Mk 12,
38-39;
Lk
20,46;
Mt
23,27

Mt 23,4

⁴⁵ Youn nan moun Lalwa yo reponn, li di konsa: «Pwofesè, lè w di sa, se nou menm tou ou joure.» ⁴⁶ Men li menm li di: «Malè pou nou menm tou pwofesè Lalwa yo, paske nou chaje moun ak chay ki twò lou pou yo pote, men nou menm, nou p ap manyen chay yo ak yon sèl dwèt nou yo.

Mt 23,4

kwè move lespri yo te viv nan dezè (Tobi 8,3) epi se Bondye menm ki te pouse y ale la.

11,37-54: Farizyen an menm wè sa, li sezi,

paske Jezi pa t lave kò l anvan l manje. Farizyen an t ap tann Jezi lave kò l, jan Lalwa Moyiz la te mande pou yo fè, paske, dapre yo, lè yon moun antre an kontak ak mas pèp la, li vin sal.

Mt 23,29-31

⁴⁷Malè pou nou, paske nou bati tonm pwofèt yo, epi se zansèt nou yo ki te touye yo. ⁴⁸Konsa nou se temwen zak zansèt nou yo epi nou dakò ak yo: se yo menm ki te touye yo, se nou menm ki bati tonm yo.

Mt 23,34-36

⁴⁹Se poutèt sa Bon konprann Bondye a di: M ap voye pwofèt ak Apot ba yo. Gen ladan y ap touye, gen ladan y ap pèsekite. ⁵⁰Konsa yo va mande ras sa a kont pou san tout pwofèt ki koule depi kòmansman tè a, ⁵¹kòmanse sou san Abèl, fini sou san Zakari, yo te touye ant lòtèl la ak pati ki pi sen nan Tanp lan. Wi, mwen asire nou, y ap mande ras sa kont.

Mt 23,13

⁵²Malè pou nou moun Lalwa yo, paske nou wete kle konesans lan. Nou menm nou pa antre, epi moun ki t ap antre yo, nou enpoze yo antre. »

⁵³Lè Jezi fin sòti la a, pwofesè Lalwa ak Farizyen yo kòmanse rayi l yon rayi, epi yo tizonnen l ak anpil kesyon. ⁵⁴Yo tann pyèj pou li, pou yo pran l ak yon pawòl ki sòti nan bouch li.

Pale san laperèz pou tout moun tande

12 ¹Kòm yon foul moun, ki te gen konbyen mil moun, t ap sanble jistan youn t ap pile lòt, li kòmanse pale ak patizan l yo an premye:

Mt 16,6,12; Mk 8,15; Mt 10,26-27; Mk 4,22; Lk 8,17

« Atansyon ak ledven Farizyen yo, sa vle di fason ipokrit yo a. ²Nanpwen anyen ki kouvri yo p ap dekouvri, ni anyen ki kache yo p ap konnen. ³Se pou sa, tou sa nou di nan fènwa, se gwo lajounen y ap tande l. Sa nou di nan zòrèy, kote ki byen fèmen, yo va pibliye l sou do kay.

Mt 10,28-31

⁴Mwen di nou, nou menm ki zanmi

mwen: Pa pè moun ki touye kò a, men ki pa kapab fè plis apre sa. ⁵M ap montre nou kilès pou nou pè: Se pou nou pè sila a ki gen pouvwa lè li fin touye, voye nou jete nan dife lanfè. Wi, mwen di nou, sila a se pou nou pè li. ⁶Apa de las yo vann senk ti zwazo? Epoutan youn nan yo pa san valè devan Bondye. ⁷Men, ata cheve ki nan tèt nou, tout konte. Nou pa bezwen pè, nou vo piplis pase anpil ti zwazo.

Jak 4,12

Mt 10,32-33; Mk 8,38; Lk 9,26

⁸Mwen di nou, tout moun ki va deklare li pou mwen devan moun, Pitit moun nan ap deklare li pou li devan zanj Bondye yo. ⁹Moun ki va deklare li pa konnen mwen devan moun, yo va deklare yo pa konnen li devan zanj Bondye yo.

Mt 10,32-33; Mk 8,38; Lk 9,26

Mt 12,32; Mk 3,29

¹⁰Tout moun ki va pale mal sou Pitit moun nan, yo va padonnen l, men moun ki pale mal sou Lespri Sen an, yo p ap padonnen l.

Mt 12,32; Mk 3,29; T Ap 3,17; 13,46

Mt 10,17-20; Mk 13,11; Lk 21,12-15

¹¹Lè y ap mennen nou nan sinagòg yo, devan chèf ak otorite yo, pinga nou fatigue kò nou, pou nou konnen kijan nou pral defann tèt nou, ni kisa nou pral di. ¹²Lespri Sen an ap montre nou sa pou nou di lè sa a. »

Mt 10,17-20; Mk 13,11; Lk 21,12-15; Mt 24,9

T Ap 4,8; 5,32

Pa anpile byen

¹³Yon moun nan foul la di l: « Pwofesè, di frè mwen an separe eritaj la ak mwen. » ¹⁴Li di l: « Monchè, kilès ki mete m pou m jije nou, oubyen pou m fè pataj pou nou? » ¹⁵Li di yo: « Gade! Kenbe kò nou tout jan pou nou pa fè saf pou byen, paske se pa nan genyen yon moun genyen anpil byen, pou w di lavi l garanti pou sa. » ¹⁶Li rakonte yo yon parabòl, li di konsa: « Tè yon nèg rich te byen rapòte. ¹⁷Li t ap kalkile nan tèt li: 'Kisa pou mwen fè? Mwen pa gen kote pou mwen sere rekòt mwen yo.' ¹⁸Apre sa li di: 'Men sa mwen pral

Mt 6,19-21; Jak 4,13; 1 Kor 15,32

fè: Mwen pral kraze depo mwen yo pou m bati lòt ki pi gran, apre, mwen pral ranmase tout ble mwen yo, ak tout lòt byen mwen yo ladan yo. ¹⁹Epi m a di tèt mwen: Monchè, ou gen anpil byen la a pou divès lane. Poze, manje, bwè, pran plezi w.’ ²⁰Men Bondye di l: ‘Nèg sòt, nwit sa a menm y ap mande w nanm ou. Tou sa w te sere yo, pou kilès y ap rete? ²¹Se konsa pou tout moun ki ranmase byen pou tèt pa l, men ki pa rich devan Bondye.»

Eklk
11,19;
Ap 3,17

Lage kò w nan men Bondye

Mt 6,25-34

²²Li di patizan l yo: «Se pou sa mwen di nou, pa chaje tèt nou pou lavi nou pou nou konnen sa nou pral manje, ni pou kò nou pou nou konnen ak ki sa nou pral abiye. ²³Reyèlman vre, lavi a piplis pase manje a, kò a piplis pase rad la. ²⁴Gade boustabak yo, yo pa simen ni yo pa rekòlte, yo pa gen ni depo, ni galata, epoutan Bondye ba yo manje. Nou vo piplis lontan pase zwazo yo. ²⁵Nan chaje tèt li, kilès nan nou ki kapab mete longè yon bra sou longè lavi li? ²⁶Si sa ki pi piti nou pa kapab fè l, sa ki fè n ap chaje tèt nou ak rèz lòt yo? ²⁷Gade ti flè lis yo kijan yo pouse, yo pa redi ni yo pa fè twal, epoutan mwen di nou, menm Salomon, nan tout gran panpan li, pa t abiye tankou youn ladan yo. ²⁸Si zèb ki nan raje, ki la jodi a, men demen y ap jete nan dife se konsa Bondye abiye l, èske li p ap fè plis pou nou toujou? Moun ti lafwa! ²⁹Kanta nou menm, pa chèche sa pou nou manje ak sa pou nou bwè. Pinga nou chaje tèt nou. ³⁰Se tout bagay sa yo pèp etranje sou tè a ap chèche. Papa nou konnen nou bezwen bagay sa yo. ³¹Chèche Peyi kote Bondye Wa a, epi tout bagay sa yo, yo

Mt 6,20

va ban nou yo kòm degi. ³²Nou pa bezwen pè, ti bann mouton, paske se bon plezi Papa a, pou li fè nou kado Peyi kote Bondye Wa a.

Jn 10

Vann byen nou, fè lacharite

Mt 6,20-21

³³Vann byen nou genyen, pou nou fè lacharite. Fè bous ki p ap chire, ak trezò ki p ap fini nan syèl la, kote ni vòlè pa kapab pwoche ni poudbwa pa kapab detwi. ³⁴Kote trezò nou ye, se la tou kè nou ap ye.

6,30;
16,9;
19,8;
T Ap
9,36;
10,2;
11,29

Rete pare pou retou Granmèt la

Mt 24,43-44; Mk 13,35

³⁵Se pou tay nou mare, se pou lanp nou limen. ³⁶Se pou nou tankou moun k ap tann mèt yo retounen sòti nan nòs, pou kou l rive, li frape, yo louvri touswit ba li. ³⁷Se chans pou sèvitè sa yo, si, lè mèt la rive, li jwenn yo je klè. Anverite, mwen di nou, li va mare tay li, li va mete yo bò tab la, li va pase devan yo, pou li sèvi yo. ³⁸Si li rive aswè, vè minwi, oubyen vè twa zè, li jwenn yo konsa, se chans pou yo. ³⁹Nou konn sa, si mèt kay la ta konnen kilè vòlè a ap vini, li pa ta kite l kase kay la. ⁴⁰Nou menm tou, se pou nou pare kò nou, paske se lè lide nou pa sou sa Pitit moun nan ap vini.»

Mt 25,
1-13;
12,11

Mt
24,42

Mt 24,
43-44

1 Tes
5,2;
Ap 3,3;
3,20;
Mk
13,35

Mt 24,45-51

⁴¹Pyè di l konsa: «Granmèt, se pou nou ou di parabòl sa a, oswa pou tout moun?» ⁴²Granmèt la di: «Asipoze yon jeran serye, ki gen lespri, patwon an mete l pou li bay moun lakay li pwovizyon kou lè a rive. ⁴³Se chans pou sèvitè sa a, si lè patwon an rive, li jwenn li ap aji konsa. ⁴⁴Anverite mwen di nou, li va mete l dirije tou sa li genyen. ⁴⁵Men si sèvitè sa a di nan kè li: Mèt mwen mize pou l vini, epi li kòmanse bat ni

Mt 24,
45-51

12,38-48: Kominote kretyen an dwe toujou rete veyatif lè l ap tann Granmèt la ki pral vini an. *Si li rive aswè, vè minwi, oubyen vè twa zè, li jwenn yo konsa, se chans pou yo.* Dapre fason Women yo te konn separe jou a, premye pati

lanwit la sòti nan 6 zè apremidi jouk 9 vè. Dezyèm pati lanwit la komanse apati 9 vè rive minwi. Twazyèm pati lanwit la se minwi rive 3 zè dimaten, yo rele l «Lè kòk chante», epi katriyèm pati lanwit la sòti 3 zè rive 6 zè dimaten.

gason ni fi k ap sèvi nan kay la, li manje, li bwè, li sou. ⁴⁶Mèt sèvitè sa a ap rive jou li pa atann, lè li pa konnen, se fann l ap fann li de bò, li va fè li jwenn pa l ak moun ki pa serye yo.

⁴⁷Sèvitè sa a ki konnen volonte mèt li, men ki pa pare, ni ki pa fè sa mèt li te vle a, y ap ba li yon bon valè kou.

⁴⁸Men sila a ki pa t konnen, epi ki fè bagay ki merite kou, y ap ba li kèk kou sèlman. Moun yo te bay anpil, y ap mande l anpil. Moun yo te mete reskonsab anpil, y ap mande l piplis.

Jezi devan soufrans ak lanmò l

Mk 10,38;
Lk 3,16;
Mal 3,19;
TAp 2,3
Jn 12,27

⁴⁹Mwen vin mete dife sou tè a. Ala kontan mwen ta kontan pou li pran de-ja! ⁵⁰Mwen gen yon batèm pou mwen resevwa, se pa ti sipòte m ap sipòte jis li fin fèt.

Jezi lakòz dezakò

Mt 10,34;
Jer 6,14;
8,10;
Ezk 13,10

⁵¹Nou konprann se lapè mwen vin bay sou tè a? Se pa sa. Mwen di nou, se dezakò. ⁵²Depi kounye a, nan yon sèl kay senk moun va andezakò: twa kont de, de kont twa. ⁵³Papa va andezakò ak pitit gason, pitit gason ak papa, manman va andezakò ak pitit fi, pitit fi ak manman, bèlmè va andezakò ak bèlfi, bèlfi ak bèlmè.»

Aprann konprann siy tan yo

Mt 16,2-3;
Lk 11,29

⁵⁴Li di fowl yo konsa: «Lè nou wè yon nyaj ap monte kote solèy kouche, touswit nou di lapli ap vini, epi se sa ki rive. ⁵⁵Lè van sid ap vante, nou di li pral fè cho, epi sa rive. ⁵⁶Ipokrit! Nou konn konprann figi syèl la ak tè a, men sa ki fè tan sa a, nou pa kapab konprann li?»

12,49-50: *Mwen vin mete dife sou tè a ... Dife Jezi pote bay tè a, se pa dife k ap detwi tout bagay. Dife a se Lespri Sen an li ban nou. Lespri Jezi a se yon fòs pou lavi. Moun ki pa vle wè Jezi yo, chèche touye l, epi touye Lespri li a tou. Poutèt sa dife a reprezante jijman an tou.*

Mt 5,25-26

⁵⁷Poukisa nou pa rekonèt pou kont nou sa ki kòrèk? ⁵⁸Lè ou prale devan yon chèf ak yon moun ki nan kont ak ou, antan ou nan wout, fè sa w kapab pou w fè yon aranjanman avè l, pou li pa trennen w kay jij la, jij la menm ap lage w nan men lapolis, lapolis menm ap mete w nan prizon. ⁵⁹Mwen di w sa, ou p ap sòti la a, jistan ou pa fin peye dènèy ti kòb ou.»

Mt 5, 25-26

Pwofite okazyon chanje kè nou

13 ¹Lè sa a te gen kèk moun ki vin ba li nouvèl moun Galile Pilat te fè mele san yo ak san bèt yo t ap sakri-fye yo. ²Li reponn, li di yo: «Nou konprann moun Galile sa yo fè plis peche pase tout lòt moun Galile ki fè yo soufri tou sa? ³Non, mwen di nou. Men si nou pa chanje kè nou, nou tout ap peri menm jan. ⁴Oubyen dizwit moun sa yo, gwo kay wo Siloye a te tonbe sou yo a, li kraze yo, nou konprann yo te pi kou-pab pase tout moun ki rete Jerizalèm? ⁵Non, mwen di nou. Men si nou pa chanje kè nou, nou tout ap peri menm jan.»

Jn 9,2

Parabòl pye fig Frans ki pa donnen an

⁶Li di yo parabòl sa a: «Yon nèg te gen yon pye fig Frans plante nan jaden rezen l, li vin chèche fwi ladan l, li pa jwenn. ⁷Li di nèg ki konn okipe pye rezen yo konsa: ‘Gade, sa fè twa zan depi m ap vin chèche fwi nan pye fig Frans sa a, mwen pa jwenn, koupe l. Poukisa l ap gaspiye tè a?’ ⁸Li reponn, li di l: ‘Mèt, kite li fè lane sa a ankò, jistan pou mwen fouye toutotou l pou m ba li fimye. ⁹Petèt li kapab donnen fwi lane k ap vini an, si li pa donnen, lè sa a ou va koupe l.’»

12,54-59: *Lè nou wè yon nyaj ap monte kote solèy kouche... Menm jan ak moun ki kapab di ki tan li pral fè nan gade kèk siy, patizan Jezi yo dwe gade siy Peyi kote Bondye Wa a parèt nan listwa moun. Moun yo dwe konprann Peyi kote Bondye Wa a parèt aklè nan aktivite delivrans Jezi yo.*

Gerizon madanm ki koube a, yon jou saba

6,6-11; 14,1-6; Mt 12,1 ¹⁰Yon jou saba li t ap montre anpil bagay nan yon sinagòg. ¹¹Vwala yon madanm te la ak yon lespri ki te rann li enfim depi dizwit lane, li te koube, li pa t kapab drese kò l ditou. ¹²Jezi wè l. Li rele l vini, li di l konsa: «Ou debarase ak maladi w la.» ¹³Epi li poze men l sou li. Menm moman li vin kanpe drèt. Li pran bay Bondye glwa.

¹⁴Chèf sinagòg la te move paske Jezi te fè gerizon jou saba. Li pran lapawòl pou li di foul la konsa: «Nou gen si jou pou nou travay, se jou sa yo pou nou vin fè geri nou, se pa jou saba.»

Mt 12,11; Lk 14,5

¹⁵Granmèt la reponn li, li di: «Bann ipokrit! Nou chak ki la a, èske jou saba, nou pa lage bèf nou, oswa bourik nou, kote y ap manje a pou nou mennen yo al bwè? ¹⁶Pitit fi Abraram sa a, Satan te mare depi dizwit lane a, yo pa t dwe lage kòd li a jou saba a?» ¹⁷Lè li di sa, tout moun ki te kont li yo sòti wont, men foul la te kontan poutèt tout bèl mèvèy li t ap fè yo.

Parabòl grenn moutad la

Mt 13,31-32; Mk 4,30-32

Mt 13, 31-32; Mk 4, 30-32; Dan 4,9 ¹⁸Aprè sa li di: «Ak kisa Peyi kote Bondye Wa a sanble? Tankou kisa mwen ta di li ye? ¹⁹Li tankou yon ti grenn moutad yon moun pran, li lage l nan jaden l. Li grandi, li vin yon pyebwa, epi zwazo nan syèl vin fè nich nan branch li yo.»

Parabòl ledven an

Mt 13,33

Mt 13,33 ²⁰Li di toujou: «Ak kisa Peyi kote Bondye Wa a sanble? ²¹Li sanble ak

ledven yon madanm pran, li mete l nan twa mezi farin jistan tout pat la leve.»

Pòt jis la

Mt 7,13-14

²²Antan li te nan wout pou Jerizalèm, li t ap pase nan vil, ak nan bouk, pou li montre anpil bagay. ²³Gen yon moun ki di l: «Granmèt, èske se dezoutwa moun sèlman k ap sove?» Li menm li di yo: ²⁴«Bat pou nou antre nan pòt ki jis la, paske m ap di nou, gen anpil moun k ap chèche pou yo antre, men yo p ap kapab.»

Mt 7, 13-14

Li rejte Jwif ki pa kwè yo—Li rele pèp etranje yo vini

Mt 25,10-12; 7,22-23

²⁵Lè mèt kay la fin leve, li fèmen pòt la, n a kòmanse rete deyò pou nou frape pòt la, n ap di: Granmèt, ouvè pou nou. Li va reponn nou: Mwen pa konnen kote nou sòti. ²⁶Aprè sa nou va kòmanse di: Nou te konn manje ak ou, nou te konn bwè ak ou, ou te konn montre anpil bagay sou plas nou yo. ²⁷Li va di nou: Mwen pa konnen kote nou sòti, rale kò nou sou mwen, nou tout k ap fè sa ki pa kòrèk.

Mt 25, 10-12

Mt 7, 22-23

Sòm 6,9

Mt 8,11-12

²⁸La a va gen rèl ak manje dan, lè nou va wè Abraram, Izarak ak Jakòb ansanm ak tout pwofèt yo nan Peyi kote Bondye Wa a, kanta nou menm yo va jete nou deyò. ²⁹Epi moun ap sòti kote solèy leve, ak kote li kouche, nan nò, ak nan sid, pou yo vin bò tab la nan Peyi kote Bondye Wa a.

Mt 8, 11-12

14,15; 22,16; Iz 25,6

Mt 19,30; 20,16; Mk 10,31

³⁰Men wi, sa ki dènye ap tounen premye, sa ki premye ap vin dènye.»

Mt 19,30; 20,16; Mk 10,31

13,22-30: «Granmèt, èske se dezoutwa moun sèlman k ap sove?» Jezi pa reponn kesyon yo te mande li a. Delivrans Bondye a se pou tout moun ki sou latè beni. Li pa sèlman pou moun ki konnen Jezi. Kondisyon moun yo dwe genyen pou y antre nan delivrans Jezi pote ban nou an,

se antre nan pòt jis la, sa vle di se pou yo chwazi chemen ki kondi nan Peyi kote Bondye Wa a, chemen jistis, renmen, rann sèvis... Jezi konnen se pa yon chemen ki fasil. Se poutèt sa li pale sou pòt jis la.

Ewòd, bèt rize a

³¹Lè sa a kèk Farizyen pwoche vin di l: «Pati, sòti isit la, paske Ewòd vle touye w.» ³²Li di yo: «Al di chat mawon sa a, men m ap chase demon epi m ap fè gerizon jodi a ak demen, sou twazyèm jou mwen bout. ³³Sèlman ni jodi a, ni demen, ni apredemen, fòk mwen mache, paske li pa bon pou yon pwofèt mouri andeyò Jerizalèm.

22,53;
Jn 7,30;
11,47

Jezi fè Jerizalèm repwòch

Mt 23,37-39

³⁴Jerizalèm, Jerizalèm, ou menm ki touye pwofèt yo, ki kalonnen moun yo voye ba ou yo, konbyen fwa mwen te vle sanble pitit ou yo, menm jan yon manman poul sanble pitit li yo anba zèl li, men ou pa t vle. ³⁵Men yo pral kite kay nou an ban nou. Mwen di nou, nou p ap wè mwen jislè nou va di:

Jer 12,7;
Mt 3,12;
Ezk 8;
Sòm
118,26

Konpliman pou sila a k ap vini nan non Granmèt la.»

Gerizon yon malad vant anfle yon jou saba

14 ¹Yon jou saba, antan li t ap antre lakay yon chèf Farizyen, pou li manje yon pen, yo t ap veye tou sa l ap fè. ²Vwala devan li, la menm, te gen yon nèg ki te malad anfle. ³Jezi mande pwofesè Lalwa ak Farizyen yo: «Èske yo gen dwa geri yon moun jou saba, wi ou non?» ⁴Men yo menm yo pa di anyen. Jezi pran nèg la, li geri l, li voye l ale.

7,36;
11,37

6,6;
13,10

Mt 12,11; Lk 13,15

⁵Li di yo: «Kilès nan nou la a, si pitit li, oswa bèl li tonbe nan pi, li p ap wete l touswit, ata jou saba?» ⁶Yo pa t kapab reponn li anyen sou sa.

Mt
12,11;
Lk
13,15

Sou chwazi plas nan sosyete

⁷Li di yon parabol pou moun yo envite yo, pou jan li te wè yo t ap pran

premye plas yo. ⁸Li di yo: «Lè yo envite nou nan nòs, pa al kouri chita nan premye plas la. Ou pa janm konnen si pa gen yon envite ki pi enpòtan pase w. ⁹Moun ki envite w ansanm ak li a kapab vin di w: Ba li plas la. Lè sa a w ap wont pou w oblije ale nan dènye plas la. ¹⁰Men lè yo envite w, al nan dènye plas la. Konsa lè moun ki te envite w la rive, li va di w: Zanmi, vanse pi devan. Lè sa a, se va yon onè pou ou, devan tout moun ki atab yo.

Pwv
25,6-7

Mt 23,12; Lk 18,14

¹¹Konsa moun ki leve tèt li, yo va fè l bese l, moun ki bese tèt li, yo va fè l leve l.»

Mt
23,12;
Lk 1,52;
18,14;
Ezk
21,31

Kouman chwazi moun w ap envite

¹²Li di nèg ki te envite li a: «Lè w ap sèvi yon gwo manje a midi oubyen aswè, pa envite zanmi w, ni frè w, ni fanmi w, ni vwazen w yo ki rich, pou si yo ta envite w yo menm tou, sa pa sèvi tankou yon rekonpans. ¹³Men lè w ap fè yon resepsyon, envite pòv, moun domaje, moun bwate, ak avèg. ¹⁴Se chans pou ou, paske yo pa gen dekwa pou renmèt ou sa. Men yo va renmèt ou sa, lè moun ki kòrèk yo va leve pami mò yo.»

6,32;
Ektk
12,1

14,21;
6,35

Sou envite k ap renka kò yo

Mt 22,2-10

¹⁵Youn nan moun ki te atab yo, lè li tandè sa, li di Jezi: «Se chans pou moun ki va manje pen nan Peyi kote Bondye Wa a.» ¹⁶Li menm di l: «Yon nèg te fè yon gwo festen, epi li te envite anpil moun. ¹⁷Lè pou festen an kòmanse, li voye sèvitè l al di moun li te envite yo: Vini, tout bagay gen tan pare. ¹⁸Tout kòmanse rale kò yo dèyè menm jan. Premye a di l: Mwen achte yon tè, fòk m al vizite l, tanpri eskize mwen. ¹⁹Yon lòt di: Mwen achte senk

Ap 19,9

Mt 22,
1-10

14,1-6: *Yon jou saba, antan li t ap antre lakay yon chèf Farizyen, pou li manje yon pen, yo t ap veye tou sa l ap fè. Se twazyèm fwa nou wè yon*

Farizyen envite Jezi manje lakay li (an nou gade Lik 7,36; 11,37). Men yo vle pran Jezi nan pyèj, pou sa yo t ap veye tou sa l ap fè.

makòn bèf, fòk mwen sòti al seye yo, tanpri eskize mwen. ²⁰Yon lòt di: Mwen fèk marye, se poutèt sa mwen pa kapab vini.

^{10,21; 14,13} ²¹Lè sèvitè a tounen, li mete mèt li okouran tou sa. Mèt la fè kòlè. Li di sèvitè li a konsa: Sòti prese, al sou plas yo, nan tout kòridò lavil la, mennen pòv yo vin isit la ak moun domaje yo, avèg yo, moun bwate yo. ²²Sèvitè a di l: Mèt, mwen fè sa w te kòmande a, men gen plas toujou. ²³Mèt la di sèvitè a: Sòti, al nan gran chemen, tout bò kloti, fòse moun antre pou kay mwen an plen. ²⁴Mwen di nou, pa gen yon moun nan nèg sa yo ki te envite yo, k ap goute nan festen mwen an.»

Renonse tou sa ou renmen anpil

^{Mt 10,37; 16,24} ²⁵Yon gwo foul moun t ap mache ak li. Li vire pou li di yo:

Mt 10,38; 16,24; Mk 8,34; Lk 9,23

^{18,29-30} ²⁶« Si yon moun vin jwenn mwen san li pa rayi papa l, manman l, madanm l, pitit li yo, frè li yo, sè li yo, ata pwòp tèt pa l, li p ap kapab patizan m. ²⁷Yon moun ki pa pote kwa l, pou li vin dèyè m, li pa kapab patizan m.

^{Mt 10,38; Lk 9,23; Jn 12,26}

Renonse tout byen nou

²⁸Kilès pami nou, si li vle bati yon gwo kay wo, pa kòmanse chita, pou li kalkile lajan li pral depanse, pou li wè si li gen kont lajan, pou li rive jis nan bout? ²⁹Pinga li al fouye fondasyon san li pa kapab fini, epi pou tout moun ki wè sa pran pase l nan betiz, ³⁰ap di: Nèg sa a kòmanse bati kay, li pa kapab fini. ³¹Oubyen ki wa k ap sòti al fè lagè ak yon lòt wa, san li pa chita anvan pou li reflechi si ak di mil moun li kapab al batay ak yon lòt k ap mache sou li ak ven mil? ³²Sinon, antan lòt la lwen tou-

jou, l ap voye kèk delege kote l, pou mande l ki kondisyon pou lapè fèt. ³³Konsa tou nenpòt pami nou, ki pa lage tou sa li genyen, pa kapab patizan m.

Pa vin fad

Mt 5,13; Mk 9,50

³⁴Se yon bon bagay sèl ye, men si sèl la ta vin fad, ak kisa pou yo ta ba li gou? ³⁵Li pa bon ni pou tè, ni pou fimye, se deyò pou yo jete l. Sa ki gen zòrèy pou yo tande, tande.»

^{Mt 5,13; Mk 9,50}

Twa parabol sou kè sansib

15 ¹Tout piblikan, ak moun ki nan peche yo, t ap pwoche vin koute l. ²Men Farizyen ak pwofesè Lalwa yo t ap bougonnen. Yo t ap di: «Sila a resevwa moun ki nan peche yo, lèfini li manje ak yo.» ³Li di parabol sa a pou yo:

^{Mt 9, 9-11}

Mouton ki pèdi a

Mt 18,12-14

⁴« Kilès pami nou, si li gen san mouton, li pèdi youn ladan, ki p ap kite katrevendiznèf lòt yo nan dezè a, pou l ale dèyè sa ki pèdi a jistan li jwenn li? ⁵Lè li fin jwenn li, li mete l sou zepòl li afòs li kontan. ⁶Li rive lakay li, li reyini zanmi ak vwazinaj, li di yo: Fè kè nou kontan ansanm ak mwen, paske mwen jwenn mouton mwen an ki te pèdi a. ⁷Mwen di nou, se konsa, ap gen plis kontantman nan syèl la pou yon sèl moun ki nan peche, epi ki chanje kè l, pase pou katrevendiznèf moun ki kòrèk ki pa bezwen chanje kè yo.

^{Ezk 34, 4-16}

^{19,10; 16,15; 18,9}

Pyès lajan ki pèdi a

⁸Oubyen ki madanm ki gen dis drak, si li pèdi youn ladan, ki p ap limen lanp, fouye kay la, chèche byen jistan li jwenn li? ⁹Lè li rive jwenn li, li reyini zanmi ak vwazinaj li yo, li di yo: Fè kè nou kontan ak mwen, paske

14,25-27 : Si yon moun vin jwenn mwen san li pa rayi papa l, manman l... Nan lang Jezi rayi vle di renmen mwens.

15,1-2 : Tout piblikan, ak moun ki nan peche

yo, t ap pwoche vin koute l. Farizyen yo ak chèf relijye yo t ap kritike Jezi, paske li te mache ak anpil moun ki pa t fè sa Lalwa Moyiz la mande.

mwen jwenn drak la ki te pèdi a. ¹⁰ Se konsa, mwen di nou, gen kontantman lakay zanj Bondye yo pou yon sèl moun ki nan peche ki chanje kè l. »

Kè sansib yon papa ki gen de pitit

¹¹ Li di: Yon nèg te gen de pitit gason. ¹² Pi piti a di papa l: Papa, ban m pòsyon byen pa m. Li separe byen an ba yo. ¹³ Pa pi lontan apre sa, pi piti a sanble tout zafè l, li pati al yon kote byen lwen. Antan li laba a, li gaspiye byen l nan vakabon.

¹⁴ Apre li fin depanse tout byen l, vin gen yon michan grangou nan zòn nan, epi li kòmanse santi li nan bezwen. ¹⁵ L al kole kò l sou yon sitwayen nan zòn nan ki voye l gade kochon nan jaden l.

¹⁶ Li te anvi plen vant li ak grenn bwa kochon yo t ap manje a, men pèsonn pa t ba li. ¹⁷ Li kalkile nan kè l, li di: Konbyen travayè lakay papa m ki gen twòp pen, pou mwen menm m ap mouri grangou isit la? ¹⁸ M ap leve al jwenn papa m, mwen pral di l: Papa, mwen peche ni kont syèl la, ni kont ou menm.

¹⁹ Mwen pa merite yo rele m pitit ou ankò. Aji ak mwen tankou ak youn nan travayè w yo. ²⁰ E li leve al lakay papa l.

Antan li te bèl distans, papa l wè l, kè l fè l mal. Li kouri al lage kò l nan kou l, li bo l. ²¹ Pitit la di l: ‘Papa, mwen peche kont syèl la ni kont ou. Mwen pa merite yo rele mwen pitit ou ankò.’

²² Papa a di sèvitè l yo: ‘Fè vit, mete pi bèl rad la deyò, abiye l, mete bag nan dwèt li, mete sandal nan pye l. ²³ Lèfni, mennen jenn ti towò ki nan grese a, touye l. Nou pral manje, nou pral fete,

²⁴ paske pitit mwen sa a te mouri, men li tounen viv, li te pèdi, men mwen jwenn li.’ Epi yo kòmanse fete. ^{19,10}

²⁵ Pi gran pitit gason an menm te nan jaden. Lè l ap vini, li rive pre kay la, li tandè mizik ak chante bal. ²⁶ Li rele youn nan moun k ap sèvi nan kay la pou li konnen sa tout bagay sa yo vle di. ²⁷ Li di l: ‘Frè w la vini, papa w fè touye jenn ti towò ki nan grese a, paske li jwenn pitit li a ansante.’ ²⁸ Li fè kòlè, li refize antre. Papa l sòti al priye li. ²⁹ Li reponn papa l: ‘Gade tout lane sa yo m ap sèvi w, mwen pa janm dezobeyi lòd ou, epi ou pa janm ban mwen yon kabrit, pou mwen fete ak zanmi m yo. ³⁰ Men lè pitit ou sa a, ki fin gaspiye byen w lan ak jennès, tounen, ou touye jenn ti towò ki te nan grese a pou li.’ ³¹ Li di l: ‘Pitit mwen, ou toujou avè m, tout pa m se pa w. ³² Men fòk nou te fete, fòk te gen rejwisans, paske frè w sa a ki te mouri, li tounen viv, li te pèdi, nou jwenn li.’ »

Jeran malonèt la

16 ¹ Li di patizan li yo: «Yon nèg rich te gen yon jeran. Yo pote l plent pou li, kòm kwa l ap gaspiye byen l yo. ² Li rele l, li di l: Sa m tandè sou ou konsa? An nou fè règleman sou travay jeran w lan. Ou pa kapab jeran ankò. ³ Jeran an di nan kè l: Sa m pral fè piske mèt la wete travay jeran an nan men m? Travay tè? Mwen pa kapab. Mande lacharite? Mwen wont. ⁴ Bon, mwen konn sa m pral fè, pou lè yo kase m kòm jeran, mwen jwenn moun ki resevwa m lakay yo. ⁵ Li rele

15,11-32: Li di: Yon nèg te gen de pitit gason. Nou ka rele parabol sa a parabol Papa bon kè a. Dapre Lalwa Moyiz la, premye pitit gason an resevwa de fwa lavalè sa papa l gen pou l bay chak lòt pitit li yo (Det 21,17). Fason Papa a t ap tann pitit li a ak tou sa li fè pou li montre jan li kontan, paske pitit la tounen lakay li anfòm, montre padon Papa a, epi an menm tan, li retabli diyite pitit la.

16,1-8: Li di patizan l yo: «Yon nèg rich te gen yon jeran. Yo pote l plent pou li, kòm kwa l ap

gaspiye byen l yo... Li ta posib parabol sa a sòti nan yon evènman ki te pase vreman. Jezi fè konpliman pou yon moun ki te pran gwo desizyon pou sove lavi l. Jezi ta renmen genyen moun ki konn pran desizyon ak ladrès sa a kòm patizan l, moun ki ka reyaji vit pou fè Peyi kote Bondye Wa a grandi sou tè a. Jezi pa fè konpliman paske jeran an fè magouy. Li fè konpliman paske li pa t ezite yon ti moman devan sitiasyon grav la. Peyi kote Bondye Wa a deja nan mitan nou. Fòk nou pran yon desizyon anfavè li, san pèdi tan.

tout moun ki te dwe mèt li youn dèyè lòt. Li di premye a : Konbyen ou dwe mèt mwen ? ⁶ Li di : San gwo bidon lwil. Li di l : Pran resi w, chita, fè vit, ekri senkant. ⁷ Apre sa, li di yon lòt : Ou menm, konbyen w dwe ? Li di : San sak ble. Li di l : Pran resi w, ekri katreven.

⁸ Mèt jeran malonèt la fè l konpliman pou jan li aji ak ladrès. Pitit syèk sa a, gen plis ladrès nan lavi yo pase pitit ki nan limyè yo.

Mt 25,21; Lk 19,17

⁹ Se mwen menm ki di nou, fè moun vin zanmi nou ak lajan malonèt la, pou lè li fini, yo kapab resevwa nou nan kay ki la pou toutan an. ¹⁰ Moun ki serye pou vye pti bagay, serye pou gwo bagay tou, moun ki malonèt nan vye pti bagay, malonèt nan gwo bagay tou. ¹¹ Si nou pa t montre nou serye pou lajan malonèt la, kilès k ap mete nou reskonsab richès toutbon vre a ? ¹² Si nou pa t montre nou serye ak sa ki pa pou nou, kilès k ap ban nou sa ki pou nou ?

Mt 6,24

¹³ Pa gen okenn sèvitè ki kapab sèvi de mèt. Oubyen li va rayi youn pou renmen lòt la, oubyen li va kòle kò l sou youn, li va meprize lòt la. Nou pa kapab sèvi Bondye ansanm ak lajan. »

Kont Farizyen yo ki zanmi lajan

¹⁴ Farizyen yo ki renmen lajan, te tande tou sa, epi yo t ap twouse nen yo

sou li. ¹⁵ Li di yo : « Nou menm nou fè tèt nou pase pou moun kòrèk devan moun, men Bondye konnen fon kè nou. Sa ki pi siperyè nan je moun se degoutans pou Bondye. »

Batay pou Peyi kote Bondye Wa a

Mt 11,12-13

¹⁶ Jistan Janbatis rive, se Lalwa ak Pwofèt yo ki te la. Depi lè sa a, y ap anonse Bon Nouvèl Peyi kote Bondye Wa a, se nan goumen pou moun antre ladan.

Lalwa Bondye a la pou toutan

Mt 5,18

¹⁷ Li pi fasil pou syèl la ak tè a disparèt pase pou yon sèl ti pwèn nan liv Lalwa a tonbe.

Maryaj pa fèt pou kraze

Mt 5,32; 19,9

¹⁸ Si yon moun voye madanm li ale, pou li marye ak yon lòt, li fè adiltè. Si yon moun marye ak yon madanm mari l te voye ale, li fè adiltè.

Nèg rich la ak pòv yo rele Laza a

¹⁹ Gen yon nèg rich ki te konn abiye ak bèl twal kamwazi epi ak bèl twal fen. Li te konn fè gwo festen chak jou ak pakèt tralala. ²⁰ Yon moun pòv, yo rele Laza, te kouche devan baryè lakay li ak kò l plen maleng. ²¹ Li te anvi plen vant li ak sa ki t ap tonbe sòti sou tab nèg rich la. Men ata chen yo t ap vin niche maleng li yo. ²² Twouve, pòv la

16,9-13 : *Se mwen menm ki di nou, fè moun vin zanmi nou ak lajan malonèt la, pou lè l fini, yo kapab resevwa nou nan kay ki la pou toutan an. Se pa premye fwa Lik sèvi ak mo lajan malonèt la. Mo sa yo Lik itilize a vle di fè lajan tounen zidòl pou nou adore. Lajan se yon mwayen pou moun asire lavi l ak avni l. Men Jezi di nou, byen nou yo pa pou nou, nou se jeran. Lajan an pa yon move bagay, depi nou sèvi ak li kòm mwayen pou nou bati kominote a nan solidarite. Men Jezi rele l lajan malonèt paske se pa li ki byen toutbon an.*

16,14-15 : Nan vèsè sa yo, Lik mete ansanm sa Jezi te di nan divès okazyon.

16,16 : *Lalwa ak Pwofèt yo se te yon fason pou yo pale sou Bib. La a Jezi pale de «Lalwa» pou l*

fè sonje tan Ansyen Kontra a, ki vle di tout epòk ki te prepare vini li a. Jwif ki te swiv Lalwa yo, espesyalman sa ki te swiv Janbatis yo, te bezwen fè yon pa tounèf pou kwè nan Jezi.

16,19-31 : *Genyen yon nèg rich ki te konn abiye ak bèl twal kamwazi epi ak bèl twal fen. Gen kèk moun ki etidye Bib la ki rele parabòl sa a «Parabòl sis frè yo». Chif 6 la reprezante sa ki pa gen lavi Peyi kote Bondye Wa a ladan l. Li pa rive nan chif 7 la ki reprezante bagay ki bon nèt la. Si sis frè rich sa yo te fè Laza chita bò tab la ak yo, yo t ap rive ranpli chif 7 la ki chif Gouvènman Bondye a. Rich la reprezante Farizyen ki renmen lajan anpil yo (v. 14). Fòk nou bati yon sosyete ki chita sou pataj kote tout moun jwenn sa yo bezwen pou yo viv ak diyite.*

23,43 vin mouri, zanj Bondye yo pote l mete bò kote Abraram. Nèg rich la vin mouri tou, yo antere l. ²³Antan li nan lanfè, l ap tòde ak doulè, li voye je l anlè nan lwen, li wè Abraram ak Laza bò kote l. ²⁴Li rele, li di : Papa Abraram, pitye pou mwen, manyè voye Laza al tranpe pwent dwèt li nan dlo, pou li bay lang mwen yon ti frechè, paske se pa ti sibi m ap sibi nan flanm sa a. ²⁵Abraram di l : Piti mwen, sonje ou te resevwa byen pa w antan ou t ap viv, menm jan Laza te resevwa malè, kounye a, li jwenn konsolasyon isit la, men ou menm w ap soufri. ²⁶Epi tou, gen yon kalite gwo twou ki separe nou bò isit la avè nou bò lòt bò a, ki fè moun ki ta vle sòti isit janbe bò kote nou pa kapab, ni moun pa kapab janbe sòti laba vin bò kote pa nou. ²⁷Li di : Tanpri, papa, voye li lakay papa m. ²⁸Mwen gen senk frè, li va pale yo byen pale pou yo menm tou yo pa vin nan touman bò isit la. ²⁹Abraram menm li di : Yo gen Moyiz ak Pwofèt yo, se pou yo koute yo. ³⁰Li di : Non, papa Abraram, si youn nan mò yo al kote yo, y a chanje kè yo. ³¹Li di l : Si yo pa koute Moyiz ak Pwofèt yo, menm si youn nan mò yo ta leve, yo p ap kwè nan li. »

Pa fè moun bite

Mt 18,6-7; Mk 9,42

Mt 18,
6-7;
Mk 9,42

17 ¹Li di patizan l yo : « Sa ki fè moun bite, pa kapab pa rive. Men malè pou moun ki lakòz sa rive. ²Li ta pi bon pou li, pou yo pase yon

wòl moulen nan kou l, epi yo jete l nan lanmè, pase pou li fè youn nan piti sa yo bite. ³Veye kò nou !

Mt
18,15;
18,21-
22

Kijan pou w korije frè w

Mt 18,21-22

Si frè w fè yon peche, fè l repwòch. Si li regrèt sa, padonnen l. ⁴Si li peche kont ou sèt fwa nan yon jounen, epi sèt fwa li tounen kote w, li di w « Mwen regrèt sa. » Ou va padonnen l.

Pisans lafwa a

Mt 17,20; 21,21; Mk 11,23

⁵Apot yo di Granmèt la : « Ban nou piplis lafwa. » ⁶Granmèt la di yo : « Si nou gen lafwa gwose yon ti grenn moutad, nou ta di pyebwa sa a, rache tèt ou, al plante w nan lanmè, li ta obeyi nou.

Mt
17,20;
21,21
Mk
11,23;
4,31

Se koube nou ba pou nou sèvi

⁷Kilès nan nou, si li gen yon moun k ap sèvi l nan travay tè, oswa nan gade bèt, ki ta di l lè li sòti nan jaden : Fè vit, vin mete w atab ? ⁸Èske li p ap di l pito : Al pare soupe a pou mwen, mete tabliye w, pou w sèvi mwen jis mwen fin manje, fin bwè, apre sa, ou va manje, ou va bwè ou menm ? ⁹Èske l ap gen rekonesans pou sèvitè a, paske li fè sa l te mande l pou li fè ? ¹⁰Se konsa nou menm tou, lè nou va fin fè tou sa yo te mande nou, se pou nou di : Nou se sèvitè ki pa itil anyen, nou fè sa nou dwe fè. »

Dis moun ki te gen lalèp yo

¹¹Antan li ta prale Jerizalèm, li t ap pase nan fwontyè Samari ak Galile.

17,1-6 : *Li di patizan l yo : « Sa ki fè moun bite pa kapab pa rive, men malè pou moun ki lakòz sa rive »... Nan vèsè sa yo, Lik ranmase kèk pawòl Jezi te di sou moun ki fè lòt bite nan lafwa, sou frè ki dwe ede frè l korije erè l, sou padon, sou pouvwa lafwa genyen. Fason Farizyen yo jere lavi yo ak afè relijyon an, fè moun yo bite nan lafwa yo. Jezi vle pou patizan l yo pran prekosyon pou yo pa fè menm bagay ak Farizyen yo.*

17,7-10 : *Kilès nan nou, si l gen yon moun k ap sèvi l nan travay tè, oswa nan gade bèt, ki ta di l, lè l sòti nan jaden : Fè vit, vini mete w atab ? Farizyen yo te toujou panse Bondye dwe ba yo rekonpans paske yo te swiv Lalwa. Yo t ap man-*

de Bondye ba yo sa yo merite pou sèvis yo fè pou li. Jezi rakonte parabòl sa a pou li montre bon sèvitè Peyi kote Bondye Wa a se moun ki fè tou sa li dwe fè, epi li pa santi Bondye dwe ba li okenn rekonpans. Patizan Jezi yo pa dwe mande rekonpans lè yo mete lavi yo nan sèvis lòt yo.

17,11-19 : *Antan li t ap antre nan yon bouk, dis nèg ki te gen lalèp, kouri vin sou li, yo rete kanpe lwen. Listwa sa a montre se moun etranje yo ki rekonèt Bondye, epi ki di l mèsè pou sa li fè pou yo. An menm tan tou, Jwif yo kontinye san yo pa bay okenn siy, pou fè rekonèt tout kado Bondye te fè yo a.*

¹²Lè li t ap antre nan yon bouk, dis nèg ki te gen lalèp, kouri vin sou li, yo rete kanpe lwen. ¹³Yo pale fò, yo di: «Jezi, Mèt, pitye pou nou.» ¹⁴Lè Jezi wè yo, li di: «Al fè prèt yo wè nou.» Twouve, antan yo ta prale, yo geri. ¹⁵Youn nan yo, lè li wè li geri, li retounen, epi se byen fò li t ap bay Bondye glwa. ¹⁶Li lage kò l fas atè nan pye Jezi pou li di l mès. Nèg sa a moun Samari li te ye. ¹⁷Jezi pran lapawòl, li di: «Èske se pa touledis ki geri? Kote nèf lòt yo? ¹⁸Pa gen youn ki tounen vin bay Bondye glwa anwètan etranje sa a sèl?» ¹⁹Li di l: «Leve, ou mèt ale, se lafwa w ki sove w.»

Kijan reny Bondye ap rive

²⁰Farizyen yo mande l kilè Peyi kote Bondye Wa a ap rive. Li reponn yo: «Peyi kote Bondye Wa a p ap vini yon fason pou moun wè. ²¹Yo p ap di: Men li bò isit, oubyen: Men li bò laba. Gade, Peyi kote Bondye Wa a la nan mitan nou.»

Jou ki jou Pitit moun nan

Mt 24,23.26-27; Mk 13,21

²²Li di patizan l yo: «Yon lè va rive nou va anvè wè yon sèl nan jou Pitit moun nan, men nou p ap wè l. ²³Yo va di nou: Men li bò laba, oubyen: Men li bò isit. Pa ale, pa kouri dèyè l. ²⁴Menm jan lè yon zeklè pati, li klere syèl la depi nan yon bout rive nan lòt bout, se konsa tou, Pitit moun nan ap ye lè jou li a va rive. ²⁵Men anvan sa, li gen pou l soufri anpil epi pou ras sa a voye l jete.

Mt 24,37-39

²⁶Menm jan sa te rive nan tan Noye, se konsa tou sa ap fèt nan jou Pitit moun nan. ²⁷Moun t ap manje, yo t ap bwè, gason t ap marye, fi t ap marye, jis jou Noye antre nan batiman an, epi, kou tan gwo lavalas la rive, li disparèt yo tout. ²⁸Menm jan sa te rive nan tan Lòt: Moun t ap manje, yo t ap bwè, yo t ap achte, yo t ap vann, yo t ap plante, yo t ap bati. ²⁹Men jou Lòt pati kite Sodòm nan, yon lapli dife ak souf sòti nan syèl la, li disparèt yo tout. ³⁰Se konsa tou sa va ye jou Pitit moun nan va parèt la.

Mt 24,17-18; Mk 13,15-16

³¹Jou sa a, yon moun ki sou do kay ki gen afè l anndan kay la, pinga li desann al pran yo. Menm jan tou, moun ki nan jaden, pinga li tounen dèyè. ³²Sonje madanm Lòt.

Mt 10,39; Jn 12,25

³³Moun k ap chèche sove lavi l, l ap pèdi l, moun ki pèdi l, ap sove l.

Mt 24,40-41

³⁴Mwen di nou sa, nan nwit sa a, ap gen de moun nan yon menm kabann, yo va pran youn, yo va kite lòt la. ³⁵De fi ap moulen menm kote, yo va pran youn, yo va kite lòt la. ³⁷Yo reponn li: «Ki kote, Mèt?» Li di yo:

Mt 24,28

«Kote kadav la va ye se la karanklou yo va sanble.»

17,20-21 : Farizyen yo mande l kilè Peyi kote Bondye Wa a ap rive... Pou Farizyen yo, lè Peyi kote Bondye Wa a ap rive, peyi Izrayèl pral tounen yon gwo lanpi, ak anpil pouwva politik ak pouwva ekonomik. Pou yo Peyi kote Bondye Wa a ap vini touswit, sòti nan syèl la tonbe sou tè a ak gwo mirak, gwo mèvèy. Poutèt sa yo pa rekonèt Peyi kote Bondye Wa a rive nan aktivite Jezi ap fè yo. Okontrè ak sa Jwif yo t ap tann, Peyi kote Bondye Wa a, pou Jezi, se yon sosyete tounèf kote renmen ak jistis kouri tankou dlo lari-vyè. Nou pa bezwen chèche kèk mèvèy estwòdinè pou nou rekonèt Peyi kote Bondye Wa a. Li kòmanse tou piti, menm jan ak grenn moutad la,

epi li aji an kachèt menm jan ak ledven an. Poutèt sa Jezi di yo: «Yo p ap di: Men li bò isit, oubyen: Men li bò laba.»

17,36 : Yo te ajoute: «Gen de moun nan yon menm jaden, y ap pran youn y ap kite lòt la.» Fraz sa a nou pa jwenn li nan tout dokiman Bib la.

17,37 : Gen plizyè esplikasyon nou ka bay pawòl sa yo: a) Li ta posib pou li pale sou Peyi kote Bondye Wa a kòm yon bagay tout moun kapab rekonèt, menm jan tout moun konnen depi yo wè karanklou nan yon zòn gen yon kadav ki la. b) Karanklou se non yo te konn bay lame women an. Li ta posib pou Lik pale sou

Jij la ak vèw la

Wm
1,10;
Kol 1,3;
2Kor 4,1

18 ¹Li ba yo yon parabòl pou li montre, yo dwe lapriyè toutan san dekouraje. ²Li di: «Nan yon vil te gen yon jij ki pa t gen ni krentif pou Bondye, ni respè pou moun. ³Nan vil sa a te gen yon vèw ki vin kote l, li di l: Defann dwa mwen devan moun ki nan kont ak mwen an. ⁴Men li rete lontan san li pa vle fè anyen. Apre sa li di nan kè l: Menm si mwen pa pè Bondye, ni mwen pa respekte moun, ⁵poutèt deranje vèw sa a ap deranje mwen an, m ap fè l jistis, pou li pa kontinye vin deranje m toutan san rete.» ⁶Granmèt la menm di: «Nou tande sa jij malonèt la di? ⁷Èske Bondye li menm p ap fè moun li chwazi yo jistis, yo k ap rele ba li lajounen kou lannwit? Èske l ap mize ak yo? ⁸Mwen di nou l ap fè yo jistis touswit. Men lè Pitit moun nan a vini, èske l ap jwenn lafwa sou tè a?»

Sòm
43,1;
Ap 6,
9-11;
2Pyè
3,9
Eklik
35,12;
2Tes 2,3;
Mt
24,12;
Lk 5,32;
15,7

Farizyen an ak piblikan an

16,15;
Pwv
21,2

⁹Li bay parabòl sa a pou kèk moun ki te kwè se moun kòrèk yo ye, epi ki t ap meprize lòt moun: ¹⁰«De mesye te monte nan Tanp lan al lapriyè. Youn te Farizyen, lòt la te piblikan. ¹¹Farizyen an kanpe, li lapriyè konsa nan kè l: ‘Bondye o, mwen di w mèsì, paske mwen pa menm ak lòt moun. Yo saf pou lajan, yo malonèt, yo nan adiltè, oubyen tankou piblikan sa a. ¹²Mwen fè jèn de fwa pa semèn, mwen bay yon pòsyon sou dis sou tou sa mwen genyen.’ ¹³Piblikan an menm te rete byen lwen, li pa t menm vle leve je l nan syèl la. Okontrè li t ap bat lesto-mak li, li t ap di: ‘Bondye o, fè m gras, mwen se yon pechè.’ ¹⁴Mwen di nou,

Mt 9,14

14,11;
Mt
23,12;
6,1

moman Women yo te detwi Tanp Jerizalèm nan lane 70. c) Gen yon lòt espikasyon ankò: moun ki abitye travay pou fè Peyi kote Bondye Wa a rive sou tè a, se tankou yon karanklou, li kapab santi nan lè a kote Peyi kote Bondye Wa a ye, epi kouri ba l jarèt ansanm ak lòt moun.

18,15-17: *Yo t ap pote timoun ba li pou l*

nèg sa a desann lakay li an règ ak Bondye, lòt la non.

Mt 23,12; Lk 14,11

Konsa tout moun ki leve tèt li, yo va fè l bese l, tout moun ki bese tèt li, yo va fè l leve l.»

Jezi ak timoun

Mt 19,13-15; Mk 10,13-16; Lk 9,47

¹⁵Yo t ap pote timoun ba li pou l touche yo. Lè patizan l yo wè sa, yo pale di avè yo. ¹⁶Jezi rele yo vini, li di: «Kite timoun yo vin jwenn mwen. Pa enpoze yo, paske se pou moun konsa Peyi kote Bondye Wa a ye. ¹⁷Anverite mwen di nou, moun ki pa resevwa Peyi kote Bondye Wa a tankou yon timoun, li p ap antre ladan l.»

Mt 19,
13-15;
Mk 10,
13-16;
Lk 9,47

10,21

Yon notab rich

Mt 19,16-22; Mk 10,17-22

¹⁸Gen yon chèf ki mande l yon kesyon, li di: «Pwofesè, ou menm ki bon, sa pou mwen fè pou mwen eritye lavi ki p ap janm fini an?» ¹⁹Jezi di l: «Poukisa w di mwen bon? Pèsonn pa bon anwètan Bondye sèl. ²⁰Ou konnen kòmandman yo: *Pa fè adiltè, pa touye moun, pa vòlè, pa bay manti nan sèvi temwen, respekte papa w ak manman w.*» ²¹Li di: «Mwen fè tou sa depi mwen jenn ti gason.» ²²Lè Jezi tande sa, li di l: «Gen yon bagay ki rete w toujou: Vann tou sa w genyen, separe l bay pòv, ou va gen yon trezò nan syèl la. Lèfini vin swiv mwen.» ²³Lè li tande sa, li vin tou tris, paske li te rich anpil.

Mt 19,
16-29;
Mk 10,
17-30

10,25-
28;
Mt
19,20

20,12-
16;
Dtw 5,
16-20

Danje richès yo

Mt 19,23-26; Mk 10,23-27

²⁴Lè Jezi wè li vin tou tris, li di: «Ala difisil sa difisil pou moun rich antre nan

touche yo, lè patizan l yo wè sa, yo pale di avè yo. Patizan yo pa t konsidere timoun pou anyen. Poutèt sa timoun reprezante tout moun yo mete sou kote yo, moun pòv, moun senp. Timoun pa sèvi kòm egzanp paske yo inosan osinon paske yo pa fè peche, men paske yo fèb, yo senp, yo pa gen ni pouvwa, ni anvichès.

Peyi kote Bondye Wa a. ²⁵Li pi fasil pou bèt yo rele chamo a pase nan yon je zegwi pase pou yon moun rich antre nan Peyi kote Bondye Wa a. » ²⁶Sa ki t ap koute yo di konsa: « Kilès ki kapab sove atò? » ²⁷Li di: « Sa ki enposib pou moun, posib pou Bondye. »

Rekonpans pou moun ki pa bay byen latè enpòtans

Mt 19,27-29; Mk 10,28-30

^{T Ap 4,32} ^{Mt 19,10} ²⁸Pyè di: « Men nou menm, nou kite afè pa nou yo pou nou swiv ou! » ²⁹Li di yo: « Anverite, pèsonn p ap kite kay, oswa madanm, oswa frè, oswa papa ak manman, oswa pitit poutèt Peyi kote Bondye Wa a, ³⁰san li pa resevwa yon kantite fwa plis nan tan sa a, ak nan tan k ap vini an, lavi ki p ap janm fini an. »

Twazyèm anons soufrans ak lanmò Jezi

Mt 20,17-19; Mk 10,32-34

^{Mt 20,17-19; Mk 10,32-34; Lk 9,22; 12,50; 13,32; 17,25} ³¹Li pran Douz yo apa, li di: « Men n ap monte Jerizalèm. Tou sa pwofèt yo te ekri sou Pitit moun nan pral rive. ³²Yo va lage l nan men pèp etranje yo. Yo va pase l nan tenten. Yo va joure l. Yo va krache sou li. ³³Aprè yo fin bat li byen bat, yo va touye l, epi sou twa jou li va leve. » ³⁴Men yo menm yo pa t konprann anyen nan tou sa, sans pawòl la te kache pou yo, yo pa t konprann sa li te di a.

Avèg nan pòtay Jeriko a

Mt 20,29-34; Mk 10,46-52

^{Mt 20,29-34; Mk 10,46-52} ³⁵Antan li te tou pre Jeriko, yon avèg te chita bò chemen an, ap mande lacharite. ³⁶Lè li tande yon foul moun ap pase, li mande sa ki genyen. ³⁷Yo di l se Jezi, moun Nazarèt la, k ap pase. ³⁸Li pran rele, li di: « Jezi, pitit David, pitye pou mwen. » ³⁹Moun ki te devan

yo fè l obsèvasyon pou li manyè pe bouch li. Se atò li rele pi rèd: « Pitit David, gen pitye pou mwen. » ⁴⁰Jezi kanpe, li pase lòd pou yo mennen l ba li. Lè li te rive tou pre bò kote l, li mande l: ⁴¹« Kisa w vle mwen fè pou ou? » Li di: « Mèt, fè m tounen wè. » ⁴²Jezi di l: « Wè non, lafwa w sove w. » ⁴³Menm lè a li wè. Li pran swiv li, li t ap bay Bondye glwa. Se tout pèp la, lè li wè sa, ki t ap fè lwanj pou Bondye.

Zache

19 ¹Jezi antre Jeriko, li t ap travèse l. ²Vwala te gen yon nèg yo rele Zache. Li te chèf pibliken yo, epi li te rich. ³Li t ap chèche wè kilès Jezi ye, men li pa t kapab akòz foul la, paske li te yon nèg ti tay. ⁴Li kouri pran devan, li monte sou yon pyebwa yo rele sikòmò, pou li te kapab wè l, paske li te gen pou li pase bò la. ⁵Lè Jezi rive la, li voye je l anlè, li di l: « Zache, prese desann, jodi a fòk se lakay ou mwen desann. » ⁶Zache fè vit li desann, li resevwa l ak kè kontan. ⁷Lè moun yo wè sa, yo tout pran babye, yo t ap di: « Se lakay yon nèg ki nan peche li antre pou li fè ladesant. » ⁸Zache menm kanpe, li di Granmèt la: « Granmèt, gade, m ap bay pòv mwatye nan sa mwen genyen. Epi si mwen te fè kèk moun abi, m ap renmèt li kat fwa lavalè. » ⁹Jezi di l: « Jodi a delivrans rive pou kay sa a, paske li menm tou se pitit Abraram li ye. ¹⁰Pitit moun nan vini pou li chèche ak pou li sove sa ki te pèdi. »

5,30;
7,34

2Sam
12,6

4,21;
13,16;
Mt 21,31;
Jn 8,39

Ezk
34,16

Parabòl min yo

Mt 25,14-30

¹¹Kòm moun yo t ap koute tou sa, li bay yon lòt parabòl, poutèt li te pre rive

Mt 25,
14-30
Mk
13,34

18,35-43: Antan li te tou pre Jeriko, yon avèg te chita bò chemen an, ap mande lacharite. Patizan Jezi yo pa t konprann gwo soufrans Jezi te fèk anonse yo a. Yo sanble ak avèg ki bò chemen an. Lè moun avèg la rele Jezi: « Pitit David la » li montre li t ap tann yon Mesi politik tankou David ki pral sèvi ak pouvwa pou l delivre peyi

a, epi pou fè l vin alatèt tout lòt nasyon. Patizan Jezi yo te gen menm mantalite sa a tou. Aprè Jezi te fin geri avèg la, li swiv li nan chemen an, sa vle di nan misyon li a.

19,11-28: Kòm moun yo t ap koute tou sa, li bay yon lòt parabòl, poutèt li te pre rive Jeriza-

Jerizalèm epi paske yo te konprann Peyi kote Bondye Wa a pral parèt touswit. ¹²Li di yo konsa: «Yon nèg gran fanmi te vwayaje ale nan yon peyi byen lwen pou li resevwa pouvwa li kòm wa, apre sa pou li retounen. ¹³Li rele dis sèvitè li yo, li ba yo dis min, li di yo: Fè yo travay jis mwen vini.

¹⁴Pwòp moun peyi l yo te rayi l, yo voye kèk mesaje dèyè l al di: Nou pa vle nèg sa a kòm wa nou.

¹⁵Vwala, lè li tounen sòti resevwa pouvwa li kòm wa, li fè rele pou li sèvitè sa yo, li te renmèt lajan an pou li konnen ki travay yo chak te fè l fè.

¹⁶Premye a pwoche, li di: Mèt, min ou a rapòte dis. ¹⁷Li di l: Bravo, ou se yon bon sèvitè, piske w te montre w serye pou yon vye pti bagay pran pouvwa sou dis vil.

¹⁸Dezyèm nan vini, li di: Mèt, min ou a fè senk lòt. ¹⁹Li di l: Ou menm tou, ou alatèt senk vil. ²⁰Lòt la vini, li di: Mèt, men min ou a! Mwen te sere li nan yon mouchwa.

²¹Mwen te pè w, paske ou se yon nèg ki rèd: ou pran sa w pa t depoze, ou rekòlte sa ou pa t simen. ²²Li di l: Ou se yon move sèvitè, se ak pawòl ki sòti nan bouch ou m ap jije w. Ou te konnen mwen se yon nèg ki rèd, mwen pran sa mwen pa t depoze, mwen rekòlte sa mwen pa t simen,

²³poukisa ou pa t mete lajan mwen an labank? Konsa lè mwen tounen mwen ta pran l ak enterè. ²⁴Li di moun ki te la yo: Wete min la nan men l, bay sa ki gen dis la li. ²⁵Yo di l: Mèt li gen dis, wi!

²⁶Mwen di nou: Tout moun ki genyen, yo va ba li. Sa ki pa genyen

menm, ata sa li genyen an yo va wete l nan men l. ²⁷Kanta lènmi mwen sa yo, ki pa t vle mwen gouvènen yo kòm wa, mennen yo isit la, touye yo devan m.»

Jezi antre nan Jerizalèm
Mt 21,1-11; Mk 11,1-11; Jn 12,12-16

²⁸Lè li fin di sa, li pran devan pou li monte Jerizalèm. ²⁹Vwala, lè li pre rive Betfaje ak Betani, bò mòn yo rele mòn Pye Oliv la, li voye de nan patizan yo, ³⁰li di yo: «Al nan bouk anfas la. Lè n ap antre, nou va jwenn yon jenn ti bourik ki mare, pèsonn poko monte sou li. Lage l, mennen l. ³¹Si ta gen yon moun ki mande nou poukisa n ap lage l, nou va di l konsa: Se Granmèt la ki bezwen l.» ³²Moun li voye ale yo, yo jwenn tout bagay jan Jezi te di yo a. ³³Antan y ap lage ti bourik la, mèt li di yo: «Poukisa n ap lage ti bourik la?» ³⁴Yo di: «Granmèt la bezwen l.»

³⁵Yo mennen l bay Jezi. Yo voye rad yo sou ti bourik la, epi yo fè Jezi monte sou li. ³⁶Antan Jezi ta prale, yo t ap tann rad yo atè sou wout la. ³⁷Li te deja prèske fin desann mòn Pye Oliv la, lè tout bann patizan l yo, kontantman nan kè yo, pran chante ak tout vwa yo. Yo t ap fè lwanj pou Bondye, pou tout mèvyè yo te wè yo. ³⁸Yo t ap di:

«Konpliman pou wa k ap vini o non Granmèt la. Kè poze nan syèl la, glwa anlè anwo nèt.»

Jezi dakò ak lwanj patizan li yo
³⁹Kèk Farizyen ki te nan foul la di l: «Pwofesè, manyè obsève patizan w

rik ki mare a» reprezante pwofesi Pwofèt Zakari (Zak 9,9) te bay nan tan lontan an. Li pale sou yon Mesi ki pa aji ak vyolans, ki pa chèche pouvwa. Chèf yo te «mare» pwofesi sa a, pou pèp la pa janm sonje l. Pou yo kontinye tann Mesi Pitit David la, yon wa politik ak yon wa nasyonalis ki mete Izrayèl nan tèt lòt nasyon yo. Men Jezi gen yon lòt pwojè nan tèt li. Jezi prezante tèt li tou senp, (li pa monte sou yon gwo chwal) ak yon jès ki pote lapè. Li pa pote zam. Li pa gen yon lame ki soutni pouvwa l ni ak fòs zam, ni ak vyolans, tankou wa sou tè a konn fè a.

Sòm
2,2;
Jn
19,15

Wm
8,18;
2Kor
4,17

8,18;
Mt
13,12

19,43;
21,20

Mt 21,
1-11;
Mk 11,
1-11;
Jn 12,
12-16

1Wa 1,
33-34

Sòm
118,26;
Lk 2,14

Mt 21,
14-16

lèm, epi paske yo te konprann Peyi kote Bondye Wa a pral parèt touswit. Nan epòk Lik ekri Levanjil li a te gen kreyen ki te rete de bra kwaze pou yo tann Jezi ki pral tounen touswit. Yon min nan se yon pyès lajan ki vo plis pase 100 denye, sa vle di yon min plis pase salè yon ouvriye touche pandan 100 jou travay. Parabòl sa a di nou, nou pa kapab rete de bra kwaze antan n ap tann Jezi tounen vin jwenn nou.

19,29-40: *Lè li fin di sa, li pran devan pou l monte Jerizalèm. Jezi monte Jerizalèm pou fèt Pak la. Li te konnen lanmò ap tann li. «Ti bou-*

T Ap 2,11 yo. » ⁴⁰Li reponn, li di: «Mwen di nou, si yo menm yo pe bouch yo, wòch yo ap pran rele.»

Jezi kriye sou Jerizalèm

13,34-35 ⁴¹Kòm li te prèt pou rive, li wè lavil la, li pran kriye pou li. ⁴²Li di: «Si ou menm tou ou te konnen, jou sa a, sa ki bay kè poze a. Men kounye a li kache pou je w pa wè. ⁴³Gen jou k ap vini pou ou, lènmi w yo ap monte bit tè toutotou w, y ap sènen w, y ap kwense w toupatou. ⁴⁴Y ap frape w atè, ou menm ak pitit ou yo ki lakay ou yo, yo p ap kite yon wòch kanpe sou yon wòch anndan w, poutèt ou pa t rekonèt tan yo te vizite w la.»

Jezi kouri deyè moun k ap vann nan Tanp lan

Mt 21, 12-13; Mk 11, 15-17; Jn 2, 14-16; Iz 56,7; Jer 7,11 ⁴⁵Lèfini li antre nan Tanp la, li kòmanse mete machann yo deyò. ⁴⁶Li di yo: «Men sa ki ekri: *Kay mwen an va yon kay lapriye*. Men nou menm, nou fè l tounen *yon kachèt pou atoufè*.»

Jezi montre anpil bagay lan Tanp lan
Mk 11,18

21,37; 22,53; Jn 18,20; Mk 11,18; 21,38; Mt 22,33 ⁴⁷Li t ap montre anpil bagay nan Tanp lan chak jou. Chèf prèt yo, pwofesè Lalwa yo, ansanm ak notab nan pèp la, t ap chèche disparèt li. ⁴⁸Men yo pa t jwenn kijan pou yo fè: reyèlman vre, se tout pèp la ki te rete pandye anba bouch li, ap koute l.

Kesyon sou dwa Jezi
Mt 21,23-27; Mk 11,27-33

Mt 21, 23-27; Mk 11, 27-33 **20** ¹Vwala, yon jou, li t ap montre pèp la anpil bagay nan Tanp lan, epi tou li t ap preche Bon Nouvel la. Chèf prèt yo, pwofesè Lalwa yo, ak

Ansyen yo, vin rive. ²Yo di l: «Men di nou ki dwa w genyen pou w fè tout bagay sa yo, oubyen kilès ki ba ou dwa sa a?» ³Li reponn, li di yo: «M ap mande nou yon kesyon mwen menm tou. Di mwen, non: ⁴Batèm Jan an, ki kote li te sòti, nan syèl la oubyen nan moun?» ⁵Yo fè kalkil sa antre yo: «Si nou di: ‘Nan syèl’ l ap di: ‘Poukisa nou pa t kwè li?’ ⁶Si nou di: ‘Nan moun’ tout pèp la pral touye nou ak kout wòch, paske yo sèten se yon pwofèt Jan te ye.» ⁷Yo pito reponn yo pa konnen ki kote. ⁸Jezi di yo: «Ni mwen menm tou, mwen p ap di nou ak ki dwa m ap fè bagay sa yo.»

Kiltivatè kriminèl yo
Mt 21,33-46; Mk 12,1-12

⁹Epi li pran rakonte pèp la parabòl sa a: «Yon nèg te plante yon jaden rezen. Li renmèt li nan men kèk kiltivatè pou yo travay li kòm demwatye. Lèfini, li vwayaje pou kèk tan.

¹⁰Lè sezon an rive, li voye yon sèvitè kote kiltivatè yo, pou yo ba li pòsyon pa l nan rekòt jaden rezen an. Men kiltivatè yo, lè yo fin bat sèvitè a, yo voye l ale de men vid. ¹¹Li tounen voye yon lòt sèvitè ankò, sila a, apre yo fin bat li, yo joure l byen joure, epi yo voye l ale de men vid. ¹²Li tounen voye yon twazyèm. Sila a, yo blese l, lèfini, yo mete l deyò. ¹³Mèt jaden rezen an di: Sa pou mwen fè la? M ap voye pitit mwen an, pitit mwen renmen an, petèt li menm yo va respekte l. ¹⁴Lè kiltivatè yo wè l, yo fè kalkil sa a antre yo: Sila a se eritye a. An nou touye l pou eritaj la kapab vin pou nou. ¹⁵Yo mete l deyò nan jaden an, yo touye l. Kisa mèt jaden rezen an pral fè yo? ¹⁶L ap vin fè dispa-

20,9-19: Epi li pran rakonte pèp la parabòl sa a: «Yon nèg te plante yon jaden rezen, li renmèt li nan men kèk kiltivatè pou yo travay li kòm demwatye, lèfini, li vwayaje pou kèk tan.» Bondye se sèl Mèt Pèp la. Pèp la tankou jaden rezen Bondye te plante a. Apre anpil sèvitè (Pwofèt yo) te fin preche lavi kòrèk nèt la, Bondye voye pwòp Pitit li: Jezi. Men yo te refize Pitit la.

Refize yo refize l la pral tounen yon jijman pou yo menm. Kounye a, Pèp la ap rasanble alantou Jezi.
«Lè yo tandè sa, yo di: Mande Bondye padon!» Chèf yo pa vle tandè bagay konsa! Dapre yo, se yo menm ki Pèp Bondye te chwazi a. Yo di lè Jezi di pawòl sa yo, se joure li joure Bondye.

rèt kiltivatè sa yo, epi li va renmèt lòt moun jaden rezen an.» Lè yo tande sa, yo di: «Mande Bondye padon!»¹⁷ Li fikse yo nan je, li di: «Sa pawòl ki ekri a vle di:

Wòch bòs mason yo te voye jete a, se li menm ki vin tounen wòch kwen?

¹⁸Tout moun ki tonbe sou wòch sa a, l ap kraze an miyèt mòso. Moun li tonbe sou li, l ap plati l.»

¹⁹Menm lè sa a, pwofesè Lalwa ak chèf prèt yo t ap chèche mete men sou li, sèlman yo te pè pèp la. Yo te byen konnen se pou yo li te rakonte parabol sa a.

Taks pou Seza

Mt 22,15-22; Mk 12,13-17

²⁰Antan yo rete ap veye, yo voye kèk espyon, ki pran pòz moun debyen, pou yo kenbe l nan pawòl li, konsa pou yo renmèt li nan men pouvwa, ak otorite gouvènè a.

²¹Yo mande l yon kesyon, yo di: «Pwofesè nou konnen w pale laverite, epi tou ou montre bagay yo byen, ou pa gade sou figi moun, se dapre jan sa ye ou montre chemen Bondye. ²²Èske nou mèt peye Seza taks, ou pa?» ²³Li te konnen riz yo, li di yo: ²⁴«Montre mwen yon denye. Se pòtre ki moun sa a, epi ki non ki ekri sou li?» Yo di: «Seza» ²⁵Li di yo: «Ebyen, renmèt Seza sa ki pou Seza, renmèt Bondye sa ki pou Bondye.»

²⁶Yo pa t kapab kenbe l nan pawòl li t ap di devan pèp la. Yo rete sezi devan repons li a, epi yo fèmen bouch yo.

Mò yo ap leve byen vivan

Mt 22,23-33; Mk 12,18-27

²⁷Kèk Sadiseyen pwoche bò kote l.

Se yo menm ki di moun mouri pa leve. Yo mande l yon kesyon. ²⁸Yo di: «Pwofesè, Moyiz te ekri lòd sa ban nou, *si frè yon moun ta mouri, san li pa kite pitit bay madanm li, se pou frè l rete ak madanm nan, konsa li va leve yon ras bay frè l.* ²⁹Konsa te gen sèt frè. Premye a marye, li mouri san li pa kite pitit, ³⁰ni dezyèm nan, ³¹ni twazyèm nan vin rete ak madanm nan. Epi konsa toulèsèt mouri san yo pa kite pitit. ³²An dènye, madanm nan mouri tou. ³³Bon, madanm sa a, lè mò yo va leve, madanm kilès pami yo l ap ye, piske toulèsèt te rete avè l?» ³⁴Jezi di yo: «Moun k ap viv nan tan sa a, gason marye epi fi marye. ³⁵Men moun ki va merite patisipe nan lavi tan k ap vini an, epi nan leve mò yo gen pou yo leve a, ni gason ni fi pa nan marye. ³⁶Reyèlman vre, yo p ap kapab mouri ankò, yo tankou zanj Bondye yo. E yo se pitit Bondye, paske yo se moun ki leve sòti pami mò yo. ³⁷Kesyon mò yo gen pou leve byen vivan a, Moyiz te fè wè sa kote yo pale sou 'touf raje a', lè li di:

Granmèt Bondye Abraram, Bondye Izzarak ak Bondye Jakòb.

³⁸Li pa Bondye moun mouri, men moun ki vivan, paske tout ap viv pou li.»

Mt 22,46; Mk 12,34

³⁹Kèk pami pwofesè Lalwa yo reponn, yo di: «Pwofesè ou byen pale.»

⁴⁰Epi yo pa t pèmèt yo mande l okenn lòt kesyon.

Pitit David la

Mt 22,41-45; Mk 12,35-37

⁴¹Li di yo: «Kouman yo fè di Kris la

Dtw 25:5

3,6

Wm 6,10; Gal 2,19

Mt 22,46; Mk 12,34

Mt 22, 41-45; Mk 12, 35-37

20,17: *Wòch bòs mason yo te voye jete a, se li menm ki vin tounen wòch kwen.* Wòch kwen an se wòch ki kenbe kay la. Gen moun ki di wòch sa a se yon wòch yo te konn mete nan kwen kay la pou li kenbe tout kò kay la. Men gen lòt ki di se yon wòch yo konn mete nan mi bò kote tèt kay la pou li kenbe chapant la. Antouka, Wòch ki kenbe Pèp Bondye a se Jezi menm. Chèf Jwif yo te voye wòch la jete, men li

vin tounen sèl kote pou pèp li a jwenn asirans ak delivrans.

20,20-26: *Li di yo: «Ebyen, renmèt Seza sa ki pou Seza, renmèt Bondye sa ki pou Bondye.»* Denye: Se yon pyès lajan ki te gen pòtre lanprè Tibè sou li. Yon denye se valè yon ouvriye te touche pou yon jounen travay.

20,41-44: *Li di yo: «Kouman yo fè di Kris la se*

Sòm 110,1 se pitit David li ye? ⁴²Paske David li menm, li di nan liv Sòm yo :

*Granmèt la di Granmèt mwen :
Chita adwat mwen,
⁴³jistan mwen mete lènmi w yo
kòm ti ban anba pye w.*

⁴⁴Ebyen, David rele l Granmèt, kijan li ta fè pitit li?»

Atansyon ak pwofesè Lalwa yo

Mt 23,6-7; Mk 12,38-40; Lk 11,43

⁴⁵Antan tout pèp la t ap koute, li di patizan l yo: ⁴⁶«Atansyon ak pwofesè Lalwa yo ki renmen pwonmennen ak rad long, ki renmen moun salye yo nan mache, ki renmen premye plas nan sinagòg ak nan resepsyon. ⁴⁷Y ap manje byen vèw yo, epi y ap fè sanblan ap lapriyè anpil. Jijman yo va jwenn nan ap pi rèd.»

Ofrann vèw la

Mk 12,41-44

21 ¹Li leve je l, li wè moun rich yo ki t ap lage ofrann yo nan bwat lajan an. ²Li wè yon pòv vèw ki t ap lage de ti monnen ladan l. ³Li di: «Anverite mwen di nou, vèw sa a, yon mallerèz, mete piplis pase tout moun. ⁴Paske tout moun sa yo, se nan sa yo gen ki twòp yo pran, pou yo lage nan ofrann yo bay, men li menm se nan mizè li a li pran pou li lage tou sa li genyen, tout ti lavi l.»

Tanp lan pral kraze

Mt 24,1-3; Mk 13,1-4

⁵Kòm gen kèk moun ki t ap di jan Tanp lan byen dekore, ak bèl wòch, epi

ak kado souvni, li di: ⁶«Tou sa nou wè la yo, gen jou k ap vini yo p ap kite yon wòch sou yon wòch, san li pa kraze.» ⁷Yo mande l yon kesyon, yo di: «Pwofesè, kilè sa ap fèt, epi tou ki siy k ap genyen lè sa pral rive?»

Siy yo

Mt 24,4-14; Mk 13,5-13

⁸Li di: «Atansyon pou yo pa twonpe nou. Anpil moun ap vini sou non mwen, y ap di: Se mwen menm, oubyen: Lè a rive. Pa mache deyè yo. ⁹Lè nou va tandè gen lagè ak revolisyon, kè nou pa bezwen sote. Fòk tout bagay sa yo rive anvan, men se p ap ko finisman an sa.» ¹⁰Li di yo: «Pèp va leve batay ak pèp, peyi wa va leve batay ak peyi wa. ¹¹Va gen gwo tranblemanntè, epi divès kote va gen gran-gou ak maladi lapès. Va gen bagay terib, epi va gen gwo siy ki parèt nan syèl la.

Mt 10,17-22

¹²Men anvan tou sa, yo pral mete men sou nou. Yo pral pèsekite nou. Yo pral fè nou konparèt nan sinagòg yo. Yo pral lage nou nan prizon. Yo pral mennen nou devan wa, ak chèf gouvènman poutèt non mwen. ¹³Sa va ban nou okazyon sèvi temwen. ¹⁴Mete sa byen nan tèt nou: Nou pa bezwen prepare defans nou. ¹⁵Mwen menm, m ap ban nou yon langaj ak bon konprann k ap fè lènmi nou yo p ap kapab kenbe tèt ak nou ni demanti nou. ¹⁶Se paran nou yo, frè, fanmi ak zanmi nou yo k

pitit David li ye?»... Lè yo rele Jezi «Pitit David la.», yo ta renmen pou Jezi pran nan men l menm pwojè wa David te genyen an: fè Pèp Izrayèl la monte sou pouvwa, epi met men sou tout lòt peyi. Men Pwojè Jezi a se pa pou yon sèl nasyon men pou tout nasyon. Jezi te vin kòmanse Reny Jistis ak Renmen sou tè a.

21,5-6 : *Kòm gen kèk moun ki t ap di jan Tanp lan byen dekore...* Salomon te bati premye Tanp Jerizalèm nan bò lane 950 anvan Jezi Kri. Moun Babilòn yo te kraze l nan lane 587 anvan Jezi Kri. Apre Legzil yo te bati Tanp lan bò lane 515

anvan Jezi Kri. Pi devan, Ewòd Legran pral repare Tanp sa a, pou li fè Jwif yo plezi. Fasad Tanp lan te fèt ak yon kalite wòch ki koute chè, epi li te dekore ak yon bèl pye rezen ki fèt ak lò anwo pòt la. Se wa Ewòd ki te fè kado sa a. Jezi pale ak patizan l yo sou avni Tanp lan, epi li anonse sa ki pral rive Tanp lan. Pawòl Jezi te di a te rive vre nan lane 70, lè Tit, jeneral women an, te boule Tanp lan.

Nan chapit sa a, Lik pale sou de evènman yo an menm tan: li pale sou Tanp lan ki pral kraze, epi li pale sou dezyèm vini Jezi lè tan sa a va rive bout.

11,49; Jn 15,18; Lk 8,15; 12,51
12,7
Jn 17,24
ap trayi nou. Gen nan nou yo pral touye. ¹⁷Tout moun va rayi nou poutèt non mwen. ¹⁸Men pa yon branch cheve nan tèt nou p ap pèdi. ¹⁹Se nan kenbe san lage nou va sove lavi nou.

Jerizalèm anvayi

Mt 24, 15-21; Mk 13, 14-19; Lk 17,31
Mt 24, 15-21; Mk 13, 14-19; Lk 17,31
²⁰Lè nou va wè lame sènen Jerizalèm toupatou, lè sa a nou mèt di, malè sou tèt li, prèt pou rive. ²¹Lè sa a moun ki nan Jide, se pou yo sove kò yo nan mòn. Moun ki nan sant lavil la, se kouri wete kò yo. Moun ki andeyò, pa antre lavil la. ²²Jou sa yo, se jou vanjans yo ye, pou tou sa ki te ekri yo rive. ²³Malè pou sila yo ki ansent, ak sila yo ki nou-ris jou sa yo!

Mt 24,21; Mk 13,19

Wm 11,25; Zak 12,3; Dan 12,7; Ap 11,2
Va gen yon gwo malè sou tè a, epi kòlè pral tonbe sou pèp sa a. ²⁴Yo pral tonbe anba pwent bayonèt. Yo pral arete yo pou mennen yo prizonye nan tout peyi etranje yo. Pèp etranje yo pral pile Jerizalèm anba pye yo jistan lè pèp etranje yo rive bout.

Pitit moun nan ap parèt

Mt 24, 29-30; Mk 13, 24-26; Lz 13,10; Ezk 32,7; Iz 34,4
Dan 7,13
Wm 8,23
Mt 24, 29-30; Mk 13, 24-26; Lz 13,10; Ezk 32,7; Iz 34,4
²⁵Pral gen siy nan solèy la, nan lalin lan, ak nan zetwal yo. Yon kè sere pral anvayi moun sou tè a, yo pral san pozisyon poutèt bri ak mouvman lanmè a. ²⁶Moun pral mouri, tèlman yo pral pè, tèlman tou yo pral tann sa ki pral rive sou tout tè a. Reyèlman vre, tout gwo bagay yo ki nan syèl la pral an boulvès. ²⁷Se lè sa yo va wè *Pitit moun nan ap vini nan yon nyaj* ak pisans, ak anpil glwa. ²⁸Lè bagay sa yo kòmanse rive, drese kò nou, leve tèt nou, paske delivrans nou an pre rive. »

Parabòl pye fig frans lan

Mt 24,32-35; Mk 13,28-31

Mt 24, 32-35; Mk 13, 28-31
Mt 16,28; Mk 9,1; 13,30; Lk 9,27
²⁹Li ba yo yon parabòl: «Gade pye fig frans lan ak tout pyebwa yo. ³⁰Lè y ap boujonnen, gade nou gade yo nou konnen pou kont nou mwa chalè a pre rive. ³¹Se konsa nou menm tou lè nou va wè bagay sa yo rive nou va konnen Peyi kote Bondye Wa a tou pre. ³²Anverite mwen di nou, ras moun k ap viv kounye a p ap disparèt anvan tou sa rive. ³³Syèl la ak tè a ap disparèt, men pawòl mwen yo p ap disparèt.

Rete ap veye

Wm 13,13; 1Tes 5,3; Iz 24,17
³⁴Atansyon pou banbòch, tafya, ak traka lavi a pa andòmi lespri nou, konsa pou jou sa a pa rive sibat sou nou, ³⁵tankou yon pyèj. Li gen pou li rive vre sou tout moun tout kote sou tè a. ³⁶Rete je klè. Lapriyè toutan, konsa nou va gen kouraj ak asirans, pou nou chape kò nou anba tou sa ki pral rive yo, pou nou kapab kanpe devan Pitit moun nan. »

Mt 22,33
Mt 21,17; Jn 8,1
³⁷Lajounen li t ap montre anpil bagay nan Tanp lan. Men li te sòti al pase nwit la nan mòn yo rele mòn Oliv la. ³⁸Tout pèp la te konn vin koute l chak maten byen bonè nan Tanp lan.

Konplo kont Jezi

Mt 26,2-5; Mk 14,1-2; Jn 11,47-53

Mt 26, 1-5; Mk 14, 1-2; Jn 11, 47-53
20,19
22 ¹Fèt pen san ledven an, sa yo rele Pak la, te pre rive. ²Chèf prèt yo, ak pwofesè Lalwa yo, t ap chèche ki fason pou yo fè disparèt li, paske yo te pè pèp la.

Mt 26,14-16; Mk 14,10-11

4,13; Jn 13,2
Mt 26, 14-16; Mk 14, 10-11; TAp 4,1
³Satan te antre nan Jida, sa yo rele Iskaryòt la, ki te nan gwoup Douz yo. ⁴L al pale ak chèf prèt yo, ansanm ak

21,20-24: Lè n a wè lame sènen Jerizalèm toupatou... Nan vèsè sa yo, Lik pale sou Tanp Jerizalèm lan ki kraze nèt nan lane 70.

22,1-6: Satan te antre nan Jida, sa yo rele Iskaryòt la, ki te nan gwoup Douz yo. Jida, youn

nan Douz yo, te bay Chèf Jwif yo okazyon pou yo rive touye Jezi. Lik di nan chapit 4,13 «Lè dyab la te fin sonde l tout jan, li pati kite l pou l tounen lè ki fikse a.» Lè moman sa a te rive, Jida ak otorite Jwif yo, te tounen yon zouti nan men Satan pou l seye Jezi.

chèf polis Tanp lan sou fason pou li renmèt li ba yo. ⁵Yo kontan epi yo antann avè l pou yo ba li yon lajan. ⁶Li dakò. Li t ap chèche yon bon okazyon pou li fè yo pran l, san foul la pa konnen.

Preparasyon pou manje Pak la

Mt 26,17-19; Mk 14,12-16

Mt 26, 17-19; Mk 14, 12-16

⁷Jou yo manje pen san ledven yo rive, se lè sa a yo gen pou yo touye mouton fèt Pak la. ⁸Li voye Pyè ak Jan, li di yo: «Al pare manje Pak la pou nou manje.» ⁹Yo di l: «Ki kote w vle pou nou pare l?» ¹⁰Li di yo: «Lè n ap antre lavil la, yon nèg k ap pote yon krich dlo ap vin rankontre nou. Swiv li, rive nan kay kote l ap antre a. ¹¹Nou va di mèt kay la konsa: Pwofesè a voye di w kote pyès kay pou mwen manje Pak la ak patizan mwen yo? ¹²Li va montre nou yon gran pyès anwo ak tout kousen ladan l. Se la nou va fè preparasyon.» ¹³Y ale, yo jwenn tout bagay jan li te di yo a, epi yo pare manje Pak la.

Manje fèt Pak la

Mt 26,20; Mk 14,17; 12,14

¹⁴Kou lè a rive li mete l atab ansanm ak Apot li yo. ¹⁵Li di yo: «Se pa ti anvi mwen te anvi manje Pak sa a avè nou anvan mwen soufri. ¹⁶Mwen di nou, mwen p ap manje l ankò jis li fin fèt nèt nan Peyi kote Bondye Wa a.»

¹⁷Li pran yon vè, li di Bondye mèsi, li di: «Pran sa a, separe l antre nou. ¹⁸Mwen di nou, apati jodi a, mwen p ap bwè nan fwi pye rezen an ankò jistan Peyi kote Bondye Wa a rive.»

Mt 26,29; Mk 14,25

Jezi mete Lekaristi

Mt 26,26-28; Mk 14,22-24; 1Kor 11,23-25

Mt 26, 26-28; Mk 14, 22-24; 1Kor11, 23-25; Jn 6,31

¹⁹Li pran pen an, li di mèsi, li kase l, li ba yo li, li di: «Sa a se kò mwen. Mwen bay li pou nou. Fè sa pou nou sonje mwen.» ²⁰Li fè menm jan an tou ak vè a apre yo fin soupe, li di: «Vè sa a, se nouvo kontra ak san mwen an, ki pral koule pou nou an.

Jer 31,31; 24,8

Anons trayizon Jida a

Mt 26,20-25; Mk 14,17-21; Jn 13,21-30

²¹Vwala moun k ap bay mwen an, men li sou tab la ansanm ak mwen. ²²Pitit moun nan prale jan sa te deside a. Men malè pou moun sa a k ap fè pran li an.» ²³Yo kòmanse chèche antre yo pou yo konnen kilès nan yo ki pral fè bay sa a.

Jn 13,21

17,1; T Ap 2,23

Kilès ki pi gran nèg?

Mt 20,25-27; Mk 10,42-45; Lk 9,46

²⁴Yon diskisyon leve nan mitan yo pou konnen kilès ki ta pi gran nèg pami yo. ²⁵Li di yo: «Wa pèp etranje yo kòmande sou yo an mèt, moun ki gen pouvwa sou yo, fè yo rele yo byenfetè.

9,46

Mt 20, 25-27; Mk 10, 42-44

22,7-13: *Jou yo manje pen san ledven yo rive, se lè sa a yo genyen pou yo touye mouton fèt Pak la.* Dapre Levanjil Lik la, se Jezi ki te kòmanse prepare fèt Pak la. Lik bay non de patizan yo ki te ale lavil la: Pyè ak Jan. Yo te konn fète Pak la ansanm ak Fèt Pen san ledven an. Lavèy Pak la yo te dwe voye jete tout pen ki gen ledven, yo te gen dwa manje sèlman pen ki pa gen ledven antan tout rès semèn nan.

22,14-18: *Li di yo: «Se pa ti anvi mwen te anvi manje Pak sa a avè nou anvan mwen soufri.»* Levanjil Lik la se sèl Levanjil ki prezante Lekaristi a tankou yon manje fèt Pak.

Nan vèsè **15-18** Lik prezante ansyen rit Pak Jwif la. Nan vèsè **19-20**, li vle montre Pak Tounèf la ranplase ansyen an.

22,19-20: *«Fè sa pou nou sonje mwen»:* Nou jwenn fraz sa a ni nan Lik, ni nan premye Lèt pou Moun Kòrent yo (11,25). Se pa sonje sèl-

man Jezi ban nou Lekaristi, men fòk nou sonje tou sa li te di ak tout sa li te fè nan lavi l pou l delivre moun anba tout kalite soufrans.

22,21-23: *Vwala moun k ap bay mwen an, men li sou tab la ansanm ak mwen.* Dènye soupe Jezi ak patizan l yo bay sans lanmò li. Li bay tout lavi li (ni san l, ni kò l) pou lavi moun. Se jès remen ki pi fò, ki delivre moun pou yo kapab sòti kite legoyis pou yo antre nan pwojè Jezi: fè Lavi a boujonnen toupatou.

22,24-30: *Yon diskisyon leve nan mitan yo pou konnen kilès ki ta sanble pi gran nèg pami yo.* Moman Lekaristi a se moman pou Lik fè katechèz pou kominote kretyen ki swiv Jezi a. *«Mwen menm, mwen nan mitan nou tankou moun k ap sèvi a»:* Nan kominote kretyen an, otorite pa vle di pouvwa, li vle di rann sèvis, menm jan ak Jezi. Sèl fason patizan Jezi yo genyen pou yo patisipe nan otorite Jezi kòm Wa

^{Mt 23,11} ²⁶Men pou nou menm, se pa konsa. Okontrè, sa ki pi gran pami nou an, se pou l vin pi piti. Sa k ap kòmmande a, se pou l vin tankou sa k ap sèvi a. ²⁷Kilès ki pi gran : sa ki atab la, oswa sa k ap sèvi a ? Èske se pa sa ki atab la ? Mwen menm mwen tankou sa k ap sèvi a nan mitan nou.

Jezi pwomèt Apot yo rekonpans

Mt 19,28

^{Jn 15,27;} ²⁸Nou menm nou te rete avè m nan tray mwen yo. ²⁹M ap mete gouvènman Peyi kote Bondye Wa a nan men nou, menm jan Papa a mete l nan men mwen an. ³⁰Konsa nou va manje, nou va bwè sou tab mwen nan Peyi kote mwen Wa a. Epi nou va chita sou fotèy pou nou jije douz branch fanmi Izrayèl yo.

Jezi anonse Pyè pral trayi l

Mt 26,31-35; Mk 14,27-31; Jn 13,36-38

³¹Simon, Simon, men Satan mande pou li vannen nou tankou grenn ble. ³²Mwen lapriyè pou ou pou lafwa w pa fayi. Men ou menm, lè w va kase tèt tounen, soutni frè w yo. ³³Li di l : « Granmèt, mwen pare ni pou m al nan prizon, ni pou m mouri avè w. » ³⁴Li di : « Pyè, mwen di w, anvan kòk la chante jodi a, ou va deklare, twa fwa, ou pa konnen mwen. »

Lè batay la rive

^{10,4} ³⁵Li di yo : « Lè mwen te voye nou san bous, san sak, san sapat, èske nou te manke kichòy ? » Yo di l : « Anyen. » ^{12,51} ³⁶Li di yo : « Men kounye a, sa ki gen

bous, se pou li pran l, menm jan tou, sa ki gen yon sak. Moun ki pa gen manchèt, se pou li vann vès li pou li achte youn. ³⁷Mwen di nou bagay sa a ki te ekri a gen pou li rive pou mwen :

Yo va mete l nan ran malfektè

Bon, sa ki gen pou rive mwen an fin rive. » ³⁸Yo di : « Granmèt, men la a gen de manchèt. » Li di yo : « Sa kont. »

Sou mòn Oliv la

Mt 26,30.36-46; Mk 14,26.32-42

³⁹Lèfni, li sòti, l al nan mòn Pye Oliv la, jan li te konn fè a. Patizan l yo swiv li. ⁴⁰Lè yo rive kote a, li di yo : « Lapriyè, pou nou pa pran nan pyèj. »

⁴¹Aprè sa li kite yo, l al distans yon wòch moun ta voye. Li mete l ajenou, li lapriyè. ⁴²Li di : « Papa, si w vle, voye vè sa a lwen mwen. Sèlman se pa volonte pa mwen, men se pa w ki pou fèt. » ⁴³Yon zanj Bondye ki sòti nan syèl parèt devan l pou ba l kouraj. ⁴⁴Kòm lespri li te an boulvès, li lapriyè piplis. Li t ap swe, se kòm si se te gwo gout san ki t ap koule tonbe atè. ⁴⁵Lè li leve sòti nan lapriyè, li vin kote patizan l yo, li jwenn yo ap dòmi poutèt lapenn yo te genyen. ⁴⁶Li di yo : « Poukisa n ap dòmi ? Leve ! Lapriyè pou nou pa pran nan pyèj. »

Arestasyon Jezi

Mt 26,47-56; Mk 14,43-52; Jn 18,3-11

⁴⁷Antan li t ap pale toujou, men yon bann moun rive sou yo. Sila yo rele Jida a, youn nan Douz yo, t ap mache

epi kòm Jij, se rann lòt yo sèvis. Men patizan yo toujou kontinye goumen pou pouvwa nan komi-note a.

22,31-34 : « Simon, Simon, men Satan mande pou l vannen nou tankou grenn ble. » Jezi rele Pyè « Simon », non ebre Pyè te genyen anvan Jezi te rele l pou li vin tounen patizan l.

22,35-36 : « Yo va mete l nan ran malfektè » : Jezi pran pawòl sa yo nan Izayi 53,12, konsa li fè tèt li pase pou Sèvitè Bondye ki gen pou soufri anpil la.

Yo di : « Granmèt, men la a gen de manchèt. » Li di yo : « Sa kont. » Kretyen ki vle swiv Jezi dwe pare tèt yo pou yo antre nan batay kont fòs

fènwa yo menm jan ak Jezi. Nan premye misyon an (Lik 10,1-16), pa t gen anyen ki manke lakay patizan Jezi yo. Men kounye a yo dwe kòmanse yon misyon ki gen anpil danje ladan l. Manchèt la ak pwovizyon yo vle di yo dwe pare tèt yo pou sa.

22,43-44 : Kòm lespri li te an boulvès, li lapriyè piplis. Li t ap swe, se kòm si se te gwo gout san ki t ap koule tonbe a tè. Gen dokiman ki pa bay vèsè sa yo. Lik vle montre Jezi se Moun toutbon vre. Li santi li pè, li lapriyè, li bezwen Bondye ba li konsolasyon... tout bagay sa yo montre jan li fèb tankou moun, epi an menm tan, jan li rete fidèl ak Pwojè Papa Bondye a. Moman gwo sou-

lz 53,12;
T Ap
8,32;
Lk
23,32

Mt 26,
30,36-
46;
Mk 14,
26,32-
42;
Lk
21,37
11,4

1Wa
19,5;
Mt 4,11;
Jn 12,29

Mt 26,
47-56;
Mk 14,
43-50;
Jn 18,
3-11

devan yo. Li pwoche kote Jezi pou li bo l. ⁴⁸ Jezi menm di l: « Jida, se ak yon bo ou trayi Pitit moun nan? » ⁴⁹ Nèg ki te ak Jezi yo, lè yo wè sa ki pral rive, yo di: « Granmèt, èske nou kapab frape yo ak manchèt? » ⁵⁰ Youn ladan yo frape sèvitè Prèt anchèf la, li koupe zòrèy dwat li. ⁵¹ Jezi reponn, li di: « Rete la. » Li touche zòrèy la, li geri l.

⁵² Jezi di moun sa yo ki te vini pou li a, chèf prèt yo, chèf polis Tanp lan, ak Ansyen yo: « Kòm si se dèyè yon vòlè nou vini, nou vini ak manchèt, ak baton? » ⁵³ Chak jou mwen te avè nou nan Tanp lan, nou pa t mete men sou mwen. Men, kounye a se lè pa nou, se pouvwa fènwa. »

Pyè deklare li pa konnen Jezi

Mt 26,69-75; Mk 14,66-72; Jn 18,15-18.25-27

⁵⁴ Yo arete l, yo kondi l mennen lakay Prèt anchèf la. Pyè te rete lwen ap swiv. ⁵⁵ Yo te limen yon dife nan mitan lakou a, yo te chita toutotou. Pyè te chita nan mitan yo. ⁵⁶ Yon sèvant wè l chita bò dife a, li gade l fiks, li di l: « Nèg sa a tou te avè l. » ⁵⁷ Li menm li nye, li di: « Mwen pa konnen l, madanm. » ⁵⁸ Yon ti moman apre, yon lòt wè l, li di: « Ou menm tou, ou se youn lan yo. » Pyè di: « Monchè, se pa mwen. » ⁵⁹ Apre inèdtan konsa, gen yon lòt ki di ak konviksyon: « Anverite, nèg sa a tou te avè l, piske li se moun

19,47;
21,37

Mt 26,
69-75;
Mk 14,
66-72;
Jn 18,
15...27

Galile. » ⁶⁰ Pyè di: « Mònchè, mwen pa konnen sa w ap di a. » Epi menm moman an, li pa t ko fin pale, yon kòk mete chante. ⁶¹ Granmèt la vire, li gade Pyè. Pyè vin sonje pawòl Granmèt la, lè li te di l: Anvan kòk chante jodi a, ou va deklare twa fwa ou pa konnen m. ⁶² Pyè sòti deyò, li kriye san.

Yo pase Jezi nan betiz

Mt 26,67-68; Mk 14,65

⁶³ Moun ki t ap veve Jezi yo, t ap pase l nan betiz, yo t ap ba li kou. ⁶⁴ Yo bouch je l, yo mande l: « Fè yon kout pwofèt, di kilès ki frape w? » ⁶⁵ Se pa ti joure yo t ap joure l toujou ak anpil lòt pawòl.

Jezi devan tribinal Jwif yo

Mt 26,57-66; 27,2; Mk 14,53-64; 15,1

⁶⁶ Lè li fin jou, gwoup Ansyen ki te nan pèp la ak chèf prèt yo, ak pwofesè Lalwa yo, sanble. Yo fè mennen Jezi nan Sanedren an. ⁶⁷ Yo di l: « Si se ou ki Kris la, di nou sa. » Li di yo: « Menm si mwen di nou, nou p ap kwè. » ⁶⁸ Epi si mwen mande nou kesyon nou p ap reponn. ⁶⁹ Depi kounye a,

Pitit moun nan pral chita adwat pouvwa Bondye a. »

⁷⁰ Yo tout yo di l: « Konsa, ou se pitit Bondye a? » Li di yo: « Se nou menm menm ki di: Se sa mwen ye. » ⁷¹ Yo di: « Sa nou bezwen temwen ankò? Se nou menm menm ki tande sa nan bouch li. »

Mt 26,
67-68;
Mk
14,65

Mt 26,
57-66;
Mk 14,
53-64

Jn 10,
24-25

Sòm
110,1;
T Ap
2,36

frans lan se moman gwo tantasyon pou Jezi ak patizan l yo. Devan lanmò sou lakwa a, Jezi dwe chwazi swa fè volonte Papa l, swa sove lavi l. Lapriyè se moman pou l rete mare ak Bondye, epi se sa ki ede moun kenbe fèm nan konba pou lavi a jis nan bout.

22,47-53: *Antan li t ap pale toujou, men yon bann moun rive. Sila yo rele Jida a, youn nan Douz yo, t ap mache devan yo. Li pwoche kote Jezi pou li bo l... Jida met ansanm ak otorite yo, li trayi Jezi. Lè li te bo Jezi, li fè yon jès zanmitay. Patizan yo te gen zam sou yo. Men Jezi konnen Peyi kote Bondye Wa a pa kapab grandi sou tè a ak vyolans. Yo trete Jezi menm jan ak yon gwo malfektè. Paske yo pa gen kouraj pou arete Jezi gwo lajounen, yo blije tann lè li fè nwa.*

22,54-62: *Yo arete l, yo kondi l mennen lakay Prèt anchèf la. Pyè te rete lwen ap swiv ... Yo*

mennen Jezi lakay Kayif, Prèt anchèf la. Lè sa a, Pyè ki te rete lwen ap swiv, pèdi kouraj nèt. Li pa kapab di se patizan Jezi li ye. Li di li pa konnen Jezi. Men Jezi pa bandonnen Pyè. Li gade l, e Pyè kriye ak gwo doulè tèlman li regrèt sa li te fè a.

22,63-65: *« Fè yon kout pwofèt, di kilès ki frape w? »* Dapre Lik, sòlda yo te gen Jezi anba lòd yo jouk demen maten. Yo pase l nan betiz. Lik toujou konn montre Jezi kòm pwofèt. Poutèt sa li di sòlda yo te pase Jezi nan betiz pou pwofèt.

22,66-71: *Lè li fin jou, gwoup Ansyen ki te nan pèp la ak chèf prèt yo, ak pwofesè Lalwa yo, sanble. Yo fè mennen Jezi nan Sanedren an. Sanedren an te pi gwo tribinal pou Jwif yo, gwoup sosyal ak politik pi enpòtan nan sosyete Jwif la. Sanedren an te gen yon lapolis espesyalman pou*

Mt 27, 2.11-14; Mk 15, 1-5; Jn 18, 29-38

23 ¹Aprè sa, tout kolonn nan leve, yo mennen l bay Pilat.

Jezi devan Pilat

Mt 27,11-14; Mk 15,2-5; Jn 18,29-38a

T Ap 17,7

²Yo kòmanse pote plent pou li, yo di: « Nou jwenn nèg sa a ap monte tèt pèp nou an. Li enpoze moun peye Seza taks, lèfini, li di li se Kris, li se wa. » ³Pilat mande l kesyon, li di l: « Èske ou se wa Jwif yo? » Li reponn, li di l: « Se ou ki di l. » ⁴Pilat di chèf prèt yo, ak tout foul la: « Mwen pa wè okenn rezon pou mwen kondane nèg sa a. » ⁵Yo t ap di pi rès toujou: « L ap sòlve pèp la ak sa l ap montre nan tout Jide. Li te kòmanse Galile pou li rive isit la. » ⁶Lè Pilat tandè sa, li mande si nèg sa a se moun Galile. ⁷Lè li vin konnen se sou otorite Ewòd li ye, li voye l bay Ewòd ki te Jerizalèm jou sa yo.

Jezi devan Ewòd

9,9

⁸Lè Ewòd wè Jezi, li kontan anpil paske depi kèk tan li te vle wè l, poutèt sa li te tandè sou li. Epi tout lespwa li se te wè Jezi fè kèk mirak. ⁹Li mande l yon pakèt kesyon, men Jezi pa reponn li. ¹⁰Chèf prèt yo, ak pwofesè Lalwa yo te la ap pote plent pou li pi rès. ¹¹Ewòd ak gad li yo avili l. Lè li fin pase l nan betiz, li mete yon bèl rad fèt sou li, epi li voye l tounen bay Pilat. ¹²Ewòd ak

T Ap 4,27

Pilat vin zanmi menm jou sa a, paske anvan sa, youn te lènmi lòt.

Jezi tounen devan Pilat

Mt 27,15-26; Mk 15,6-15; Jn 18,38b-19,16

¹³Pilat reyini chèf prèt yo, otorite yo, ak pèp la. ¹⁴Li di yo: « Nou mennen nèg sa a ban mwen, kòm kwa l ap monte tèt pèp la. Men devan nou la a, mwen mande l kesyon mwen menm, san mwen pa jwenn okenn kòz nan nèg sa a pou nou pote plent sa yo pou li. ¹⁵Ni Ewòd tou, paske li voye l tounen ban nou. Konsa li pa fè anyen ki merite lanmò. ¹⁶M ap fè kale l, epi m ap lage l. » ¹⁸Tout foul la pran rele ansanm, yo di: « Disparèt nèg sa a, lage Barabas ban nou! » ¹⁹Se te yon nèg yo te mete nan prizon poutèt yon konplo li te fè nan vil la, ak moun li te touye.

²⁰Pilat ki te vle lage Jezi, pale avè yo ankò. ²¹Men yo menm yo pran rele: « Kloure l sou kwa, kloure l sou kwa. » ²²Yon twazyèm fwa Pilat mande yo: « Men ki mal nèg sa a fè? Mwen pa jwenn okenn kòz nan li menm ki pou merite fè kondane l amò. M ap fè kale l, epi m ap lage l. » ²³Men yo menm yo rete la ap rele byen fò, ap mande pou yo kloure l sou kwa. Rèl yo t ap vin pi fò.

²⁴Pilat deside pou sa yo mande a fèt. ²⁵Li lage moun yo te vle a, nèg yo te

Mt 27, 15-26; Mk 15, 6-15; Jn 18,38 -19,16

Tanp lan, yo kapab fè arete moun, mete yo nan prizon, osinon bat yo byen bat. Men li pa t kapab kondane moun amò. Bagay sa a sèl Women yo ki te gen dwa fè l.

Pitit Moun nan pral chita adwat pouvwa Bondye a sa vle di li gen menm diyite ak Bondye. Konsa Jezi anonse ak gwo konfyans nan Papa a, li gen pou l leve byen vivan. Jijman devan Sane-dren an montre Jezi se Mesi a, Sila a ki te vini pou li fè Peyi kote Bondye Wa a boujonnen sou tè a. Li se Pitit Moun nan ki te vini pou rasanble Pèp Bondye a. Pi plis ankò, Jezi se Pitit Bondye ki vini pou rasanble tout moun ki sou latè beni, pou yo kapab tounen gwo fanmi Bondye alantou Papa a.

23,1-5: *Aprè sa, tout kolonn nan leve, yo mennen l bay Pilat. Yo kòmanse pote plent pou li, yo di: « Nou jwenn nèg sa a ap monte tèt pèp nou an. Li enpoze moun peye Seza taks, lèfini, li di l se Kris, li se wa. » Chèf Jwif yo prezante Jezi*

kòm yon moun ki revòlte kont tout otorite yo, ni otorite Jwif yo, ni otorite Women yo. Yo te wè Jezi kòm yon gwo danje ni nan nivo sosyal (Li sòlve pèp la), ni nan nivo ekonomik (Li pa vle moun yo peye Seza taks) ni nan nivo politik (Li di l se Kris, li se wa). Pilat pa gade bagay sa yo menm jan ak Jwif yo. Poutèt sa li deklare Jezi inosan. Men lè li tandè Jezi te sòti Galile, yon rejyon ki te nasyonalis anpil, li fè mennen Jezi devan Ewòd Antipas, wa Galile.

23,13: *Pilat reyini chèf prèt yo, otorite yo, ak pèp la. Pilat pa pran reskonsablite li. Pou Jwif yo, Jezi reprezante pi gwo danje pase Barabas paske Jezi mete tout privilèj ekonomik, sosyal ak politik yo an danje. Barabas te yon moun ki te revòlte kont women yo epi ki te fè anpil krim. Men li pa revòlte kont Tanp lan.*

23,17: *Gen dokiman ki di: « Li te gen obligasyon lage yon moun ba yo pou chak fèt, » men pi fò dokiman pa bay vèsè sa a.*

mete nan prizon pou konplo ak krim nan, epi li ba yo Jezi pou yo fè l sa yo pito.

Sou chemen Kalvè a

Mt 27, 31-43; Mk 15, 20-32; Jn 19, 17

²⁶Antan yo t ap mennen l ale, yo pran Simon, moun Sirèn, ki t ap sòti nan jaden. Yo fè l pote kwa a dèyè Jezi.

²⁷Yon bann moun nan pèp la t ap swiv li, ak anpil medam ki t ap frape lestomak yo, epi ki t ap fè rèl pou li. ²⁸Jezi vire kote yo, li di yo: «Medam Jerizalèm, pa kriye pou mwen, kriye pito pou nou menm ak pou pitit nou yo. ²⁹Gen jou k ap vini, yo va di: Se chans pou fi ki pa kapab fè pitit, pou vant ki pa anfante yo, pou fi ki pa janm bay pitit tete. ³⁰Lè sa a yo va kòmanse

Oze 10,8

di mòn yo: Tonbe sou nou, ak ti mòn yo: Kouvri nou.

³¹Si se konsa yo aji ak bwa vèt, kijan y ap aji ak bwa sèch?» ³²Yo t ap mennen de malfektè tou yo ta pral touye ansanm avè l.

Ezk 21,3; Lk 6,43; Eb 6,8

Yo kloure Jezi sou kwa a

Mt 27,35-38; Mk 15,24-28; Jn 19,17-24

³³Lè yo rive kote yo rele Zo Tèt la, yo kloure l sou kwa ansanm ak malfektè yo, youn adwat, lòt la agòch.

³⁴Jezi di: «Papa, padonnen yo, paske yo pa konnen sa y ap fè.» Apre sa, yo separe rad li yo, yo tire yo osò.

T Ap 3,17; 7,60

Mt 27,39-43; Mk 15,29-32a

³⁵Pèp la te kanpe la ap gade. Chèf yo menm t ap pase l nan rizib, yo t ap di: «Li sove lòt moun, se pou li sove tèt li, si li se Kris Bondye a, sila a Bondye chwazi a.» ³⁶Ata sòlda yo t ap pase l nan betiz antan yo te pwoche pou yo pote vinèg ba li. ³⁷Yo t ap di: «Si w se

Sòm 22,8; Iz 49,7; Lk 9,35

Sòm 69,22

23,47-49: Lè santiryon a wè sa ki rive, li bay Bondye glwa, li di: «Nèg sa a te yon moun kòrèk vre.» Yon etranje rekonèt Jezi te inosan. Santiryon se yon kaptenn women ki gen 100 sòlda anba lòd li. Medam yo ki te swiv Jezi depi Galile (Lik 8,1-3) toujou la. Yo temwen lanmò Jezi, yo

wa Jwif yo, sove tèt ou.» ³⁸Te gen yon afich anwo tèt li: Se wa Jwif yo.

³⁹Youn nan malfektè ki te pandye yo, t ap joure l, li t ap di: «Èske se pa Kris la w ye? Sove tèt ou ansanm ak nou.» ⁴⁰Lòt la reponn, li fè l obsèvasyon, li di: «Ou pa pè Bondye, ou menm k ap sibi menm kondanasyon an?» ⁴¹Pou nou menm se jistis, paske nou resevwa sa nou merite pou zak nou yo, men sila a, li pa fè anyen ki mal.» ⁴²Epi li di: «Jezi, sonje m lè ou va vini kòm wa.» ⁴³Jezi di l: «Anverite, mwen asire w, jodi a w ap ansanm avè m nan paradi.»

Lanmò Jezi

Mt 27,45-50; Mk 15,33-37; Jn 19,25-30

Mt 27, 45-56; Mk 15, 33-41; Jn 19, 25-37; 10,22

⁴⁴Li te vè midi konsa, li vin fè nwa sou tout tè a jis twa zè, ⁴⁵akòz solèy la ki te disparèt. Rido kote ki sen nan Tanp lan chire nan mitan. ⁴⁶Jezi lage yon gwo rèl, li di:

Sòm 31,6

«Papa, mwen renmèt lespri m nan men w.»

Lè li fin di sa, li rann souf li.

Apre lanmò Jezi

Mt 27,51-56; Mk 15,38-41; Jn 19,31-37

⁴⁷Lè santiryon an wè sa ki rive, li bay Bondye glwa, li di: «Nèg sa a te yon moun kòrèk vre!» ⁴⁸Tout foul moun ki te sanble pou yo vin gade, lè yo wè sa ki pase, yo frape lestomak yo, antan yo t ap tounen lakay yo.

T Ap 3,14

⁴⁹Tout moun ki te konnen l, te kanpe lwen, ansanm ak kèk medam ki t ap mache avè l, depi Galile, e ki t ap gade sa.

Yo antere Jezi

Mt 27,57-61; Mk 15,42-47; Jn 19,38-42

Mt 27, 57-61; Mk 15, 42-47; Jn 19, 38-42

⁵⁰Vwala yon nèg yo rele Jozèf, yon

temwen jan yo antere l, epi yo temwen leve byen vivan l tou.

23,50-56: Vwala yon nèg yo rele Jozèf, yon manm Konsèy Jwif yo, bon moun, moun kòrèk, li pa t dakò ni ak desizyon yo te pran an, ni ak

manm Konsèy Jwif yo, bon moun, moun kòrèk. ⁵¹Li pa t dakò ni ak desizyon yo te pran an, ni ak zak yo te fè a. Se te moun Arimati, vil Jide, epi li t ap tann Peyi kote Bondye Wa a. ⁵²Vwala l al kote Pilat, li mande l kò Jezi. ⁵³Lè li fin desann li, li vlope l nan yon dra, epi li depoze l nan yon kavo yo te fouye nan wòch, kote yo pa t ko mete pèsonn. ⁵⁴Se te jou preparasyon an, saba a t ap kòmanse.

⁵⁵Medam yo ki te sòti Galile ansanm ak li yo, t ap swiv pou yo wè kavo a, ak kijan yo te mete kò a.

⁵⁶Aprè sa, yo tounen lakay yo al pare longan santi bon ak losyon. Jou saba a, yo te repoze dapre Lalwa.

Jezi leve byen vivan

Mt 28,1-8; Mk 16,1-8; Jn 20,1-2

Mt 28, 1-8;
Mk 16, 1-8;
Jn 20, 1-2;
24:9
Mt 28, 10-17;
Mk 16, 10...14;
Jn 20, 18...29;
Lk 8,2

24 ¹Premye jou semèn nan, avan-jou, y ale nan kavo a ak losyon yo te pare a. ²Yo jwenn wòch la woule sòti devan kavo a. ³Yo antre, men yo pa jwenn kò Granmèt Jezi. ⁴Vwala, antan yo pa t konnen sa pou yo panse sou sa, de nèg parèt devan yo, rad yo klere tankou zeklè. ⁵Medam yo vin pè, yo bese tèt yo atè. Nèg yo di yo: «Poukisa n ap chèche moun ki vivan an pami mò yo? ⁶Li pa isit la, li leve byen vivan. Sonje sa li te di nou lè li te Galile toujou. ⁷Li te di: «Pitit moun nan, fòk yo renmèt li nan men pechè yo, pou yo kloure l sou kwa a, men sou twa jou li va leve byen vivan.» ⁸Yo vin sonje pawòl li yo.

Mt 28,10.17; Mk 16,10-11.14; Jn 20,18.25.29

⁹Yo kite kavo a. Yo retounen al anonse Onz yo, ak rès lòt yo, tout bagay sa

yo. ¹⁰Se te Mari, moun Magdala, Jàn ak Mari, pa Jak la. Rès lòt medam ki te avè yo a di Apot yo tout bagay sa yo, ¹¹men pawòl sa yo te sanble ak radòt pou yo. Yo pa t kwè nan yo. ¹²Kanta Pyè, li leve, li kouri al nan kavo a. Li bese pou l gade. Li wè se sèl ti bann twal yo ki te la. Epi l al lakay li. Li te sezi pou sa k te rive a.

Jn 20, 3-12

De patizan Emayis yo

Mk 16,12-13

¹³Vwala, menm jou sa a, te gen de ladan yo ki ta prale nan yon bouk yo rele Emayis, ki te yon distans swasant estad konsa ak Jerizalèm. ¹⁴Yo t ap koze sou tout bagay sa yo ki rive a. ¹⁵Antan yo t ap koze, yo t ap diskite, men Jezi pwoche, li pran mache ansanm ak yo. ¹⁶Gen yon bagay ki te anpeche je yo rekonèt li. ¹⁷Li di yo: «Ki pawòl sa yo youn ap pale ak lòt konsa antan n ap mache a?» Yo kanpe tou tris. ¹⁸Youn yo rele Klewopas reponn, li di l: «Ou se sèl etranje nan Jerizalèm ki pa konnen sa ki pase jou sa yo nan vil la.» ¹⁹Li di yo: «Kisa?» Yo di l: «Sa ki rive Jezi, moun Nazarèt la. Se te yon pwofèt ki te gen pisans nan aksyon li, ak nan pawòl li, devan Bondye ak tout pèp la. ²⁰Pou w wè kijan chèf prèt yo, ak otorite nou yo bay li pou yo kondanne l amò, epi pou yo kloure l sou kwa! ²¹Nou menm, nou te gen lespwa se li menm ki t ap vin delivre Izrayèl. Men, pi mal toujou, sa fè twa jou depi tou sa pase. ²²Men sèlman gen nan medam ki ak nou yo, ki boulvèse nou. Y ale nan kavo a avanjou, ²³yo pa jwenn kò l. Yo vin di konsa yo wè zanj Bondye ki parèt devan yo, ki di li byen vivan.

Mt 16, 12-13

Jn 20,14

18 31;
T Ap 3,24

zak yo te fè a. Jozèf pa t dakò ak fason Gwo Konsèy la te ajì ak Jezi. Li reprezante pèsyon pèp Izrayèl la ki rete fidèl ak pwojè Bondye a, menm si yo pa t antre nan gwoup patizan Jezi yo. Yo mete kò Jezi nan yon kavo. Sanble tout bagay fini nèt. Sistèm nan ki te kondane Jezi a kapab rete trankil atò. Men se Bondye Papa a ki gen dènnye mo nan listwa a, e li pa kapab lage yon moun tankou Jezi nan lanmò san li pa fè anyen.

24,1-12: *Premye jou semèn nan, avanjou, y ale nan kavo a ak losyon yo te pare a. Medam yo te swiv kòmandman Lalwa Moyiz la sou jou Saba a. Premye jou semèn nan reprezante kreasyon tounèf la. Se jou dimanch. Chemen Jezi a pase nan lanmò pou li rive nan lavi. Nan tout kote yo bay non medam ki te swiv Jezi yo, yo mete non Mari, Moun Magdala a, an premye. Sa montre enpòtans madanm sa a te genyen nan premye kominote kretyen yo. Jezi leve byen*

²⁴Gen kèk nan moun ki avè nou yo ki ale nan kavò a, yo jwenn tout bagay jan medam yo di a, men li menm yo pa wè l. »

²⁵Li di yo: «Moun san lespri ki mal pou kwè nan kè yo tou sa pwofèt yo te di a! ²⁶Kouman, se pa pou Kris la te soufri tou sa, lèfini pou li te antre nan glwa l? » ²⁷Li pran depi nan Moyiz pase nan tout pwofèt yo, pou li esplike yo tou sa ki te ekri sou li.

²⁸Yo te pre rive nan bouk kote yo ta prale a, li fè sanblan prale pi lwen.

²⁹Men yo fòse l, yo di: «Rete avè nou, paske li kòmanse ta. Jou a deja fin bese.» Li antre, li rete avè yo. ³⁰Vwala, antan li atab ak yo, li pran pen an, li beni l, epi li kase l ba yo. ³¹Je yo vin louvri, yo rekonèt li. Men li disparèt devan yo.

³²Youn t ap di lòt: «Èske nou pa t santi tankou yon dife nan kè nou, lè li t ap pale avè nou sou wout la, lè li t ap ouvri lespri nou sou sa ki ekri nan Liv yo?»

³³Menm moman an yo leve, yo retounen Jerizalèm. Yo jwenn Onz yo reyini ak tout moun pa yo. ³⁴Yo t ap di: «Gran-

mèt la leve byen vivan toutbon vre, li fè Simon wè l.» ³⁵Yo menm, yo pran rakonte sa ki te pase sou wout la, ak kijan yo te rekonèt li nan kase pen an.

Jezi parèt devan Apot yo

Mt 28,16-20; Mk 16,14-18;

Jn 20,19-23; T Ap 1,6-8

³⁶Antan yo t ap di sa, li kanpe nan mitan yo. Li di yo: «Kè poze pou nou.»

³⁷Yo sezi, yo pè, yo te kwè se yon lespri yo wè. ³⁸Li di yo: «Poukisa nou boulvèse konsa, poukisa n ap brase tout lide sa yo nan kè nou konsa? ³⁹Gade men mwen ak pye mwen yo, se mwen menm. Manyen mwen pou nou wè. Yon lespri pa gen ni vyann ni zo jan nou wè mwen genyen an.» ⁴¹Kòm yo pa t ko kwè toujou tèlman yo te kontan, epi tou yo te sezi, li di yo: «Èske nou gen kichòy pou manje isit la?» ⁴²Yo menm yo ba li mòso pwason boukannen. ⁴³Li pran l, li manje l devan yo.

⁴⁴Li di yo: «Se pawòl sa yo mwen te konn ap di nou an, lè mwen te ak nou toujou: sa ki ekri sou mwen nan liv Lalwa Moyiz la, nan Pwofèt yo, ak nan

Jn 20,
19-23

Jn 21,5

Jn 21,
10.13

¹Pyè
1,11

¹Kor
15,5

vivan an se pa tankou yon zombi, se antre li antre nan yon lòt kalite lavi.

24,12: Gen dokiman ki di: «*Pyè leve, li kouri al nan kavò a. Li bese, li wè ti bann twal yo sèlman. Lèfini, li retounen lakay li ak gwo sezisman pou sa k te rive a.*»

24,13-35: *Vwala, menm jou sa a, te gen de ladan yo ki ta prale nan yon bouk yo rele Emayis, ki te yon distans swasant estad konsa ak Jerizalèm. Lik bay: 60 estad. Estad se yon mezi yo te konn sèvi nan tan Jezi. Chak estad gen 185 mètr, sa vle di Emayis te gen yon distans 11 kilomèt konsa ki separe l ak Jerizalèm. Lik vle montre kouman kretyen yo kapab rekonèt Jezi ki te leve byen vivan an nan mitan kominote ki pataje byen yo (Travay 2,32-37).*

24,36: Gen dokiman ki pa bay: «*Li di yo: Kè poze pou nou.*»

24,40: Gen dokiman ki pa bay: «*Antan li t ap di sa, li montre yo men ak pye l yo.*»

24,36-43: *Antan yo t ap di sa, li kanpe nan mitan yo. Leve byen vivan Jezi a se pa yon bagay moun yo te envante. Se pa yon esperyans espi- rityèl kèk nan patizan yo te fè. Leve byen vivan Jezi a se yon bagay reyèl anpil moun te viv, epi yo bay temwayaj sa yo te viv. Lafwa nou chita*

sou temwayaj yo ak sou pwòp esperyans nou menm nou fè anndan yon kominote ki swiv tras Jezi yo. Se aktivite sa yo ki montre prezans Jezi ki leve byen vivan an. Se sa ki nannan lavi kretyen an: **Yo te touye Jezi, men Papa Bondye te fè l leve byen vivan.**

24,44-53: *Li louvri lespri yo pou yo kapab konprann sa ki ekri nan Liv la. Misyon kretyen an fèt apati lekti Bib la kote nou jwenn temwayaj sou Jezi (lavi l, lanmò l ak leve byen vivan l). Tou sa Jezi te viv, tou sa li te fè ak tou sa li te di, se nannan Bib la. Misyon sa a kontinye nan anonse nou dwe anonse Pwojè lavi Jezi bay tout nasyon ki sou tè a. Misyon an resevwa limyè Lespri Sen an ki sòti ni nan Papa Bondye, ni nan Jezi. Lespri Sen an se «fòs k ap sòti anwo a.»*

24,50-52: *Li mennen yo deyò, jis bò Betani, li leve men l, li beni yo. Jezi ajì tankou Prèt anchèf la.*

«Yo adore li, epi yo retounen Jerizalèm ak anpil kontantman. Yo t ap fè lwanj ak konpliman nan Tanp lan, toutan, pou Bondye.» Levanjil Lik la fini nan Jerizalèm espesyalman nan Tanp lan, menm jan li te kòmanse a. Apre sa Patizan Jezi yo pral kite Jerizalèm, y ap pati ale nan tout peyi pou bay mesaj la (Travay 1,8).

24,51: Gen dokiman ki pa bay: «*Yo pote l monte nan syèl la.*»

Sòm yo, fòk tou sa rive. »⁴⁵ Atò, li louvri lespri yo pou yo kapab konprann sa ki ekri nan Liv yo.⁴⁶ Li di yo: « Se konsa sa te ekri: Kris la te gen pou l souffri, epi sou twa jou, pou l leve byen vivan sòti pami mò yo. »⁴⁷ Lèfini, pou yo preche nan non li pou tout moun chanje kè yo pou peche yo kapab efase, nan tout peyi, kòmanse ak Jerizalèm.

^{T Ap 1,8} ⁴⁸ Nou temwen bagay sa yo.

^{T Ap 1,4} ⁴⁹ Mwen pral voye sa Papa m te pwo-mèt nou a ban nou. Kanta nou menm,

rete lavil la jistan fòs k ap sòti anwo a vlope nou.

Jezi monte nan syèl

Mk 16,19; T Ap 1,9.12

⁵⁰ Li mennen yo deyò, jis bò Betani. Li leve men l, li beni yo.⁵¹ Vwala, antan l ap beni yo, li vin separe avè yo, yo pote l monte nan syèl la.⁵² Yo adore l, epi yo retounen Jerizalèm ak anpil kontantman.⁵³ Yo t ap fè lwanj ak konpliman nan Tanp lan, toutan, pou Bondye.

^{Mk 16,19; T Ap 1,9.12}

BLANK PAGE 148